Приложение №1

К приказу от 25.08.2018г №28

## 2.2.2.3. Чеченский язык

**Довзийтаран кехат**

**Дешаран предметах болу юкъара хаамаш**

Нохчийн мотт–иза нохчийн къоман, а, Нохчийн республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культуран бух а бу. Мотт адамийн дахарехь уггар мехала гІирс бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Нохчийн меттан метапредметни декхарша билгалбоккху «Нохчийн мотт» предмето берана, цо школехь доьшучу хенахь, иза личность санна, кхиорехь массо тайпана а, юкъарчу амалехь а бен тІеІаткъам. Нохчийн мотт дешархочун ойла, кхетам, суртхІотторан, кхоллараллин хьуьнарш кхиоран; личность санна, ша-шен вовзийтаран, ша-шена керла хаарш карадерзоран хьунарш кхиоран а бух бу, дешаран гІуллакх а цхьаьна вовшахтохар юкъа а лоцуш. Нохчийн мотт къоман культуран, а, литературан синъоьздангаллин механлашка, а, адаман оьздангаллин, историн зеделлачуьнга, а кхачоран гІирс а, дахарехь дІалоцу меттиг къасторан некъ а бу.

Юкъарадешаран юккъерчу школехь ша-тайпа меттиг дІалоцу нохчийн матто. Иза вовшашца юкъаметтигаш дІакхехьарехь, гонахара дахар довзарехь, кхетош-кхиорехь мехала гІирс бу.

Нохчийн мотт караберзоро таро лур ю дешархошна вовшашца юкъаметтигаш дІакхехьа, боккхачу кхиамца кхидолу меттанаш, а, дешаран предметаш, а Іаморехь онда гІортор хилла дІахІотта, а, хийцалучу хІокху дахарехь шен меттиг карон а.

ХІума довзаран гІирс ша хиларе терра, матто ойла кхиаярна, а, интеллектуальни, а, кхоллараллин хьуьнарш кхиорна а, шаьш кхочушдечу дешаран гІуллакхийн шардарш карадерзорна а, шен хаарш лакхадахарна а, ша-шен вовзийтарна а тІехь аьтто бо.

Шен къоман культура, а, литература, а, синъоьздангаллин механлаш, а, дуьненан Іилма, а, культура, а йовзарехь мехала гІирс а бу нохчийн мотт.

Нохчийн мотт дешархо къоман гІиллакх-оьздангаллин буха тІехь кхиорехь, цуьнгахь кхидолучу къаьмнашка лерам хилийтаран коьрта чІагІо, а ю.

Белхан программина юкъабахийтина бу 5-8-чуй классашкахь проектни белхаш кечбар.

### 1. Дешаран предмет Іаморан жамІаш

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхиначу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза **личностни жамІаш**:

-нохчийн къоман культуран коьрта механлех санна, нохчийн маттах кхетам хилар, дешар тІехь, а, кхетаман, кхоллараллин хьуьнарш, дешархочун гІиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь цо дІалоцучу меттигах кхеташ хилар;

-нохчийн мотт эстетически мехалла санна тIеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман культуран хилам и хиларе терра, нохчийн меттан башхалла, а, цIаналла, а ларъян езар; мотт бийцар шардаре а, говза, шера бийцаре а кхачар;

- къамел дечу хенахь шен ойланаш, а, синхаамаш а паргIат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гIирсаш тоъъал хилар; ша дечу къамелана тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;

- нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар; нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;

- вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дIакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар; къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

- шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гIирс хиларх кхеташ хилар.

Коьрта юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартана бина хийцамаш, Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 17-чу декабрехь 2010-чу ш. № 1897.

(т1еч1аг1дина Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствон омрица 31-чу декабрехь 2015-чу ш. № 1577)

11.2. «Нохчийн мотт, нохчийн литература» 1аморан предметни декъо кхачо ян еза:

- шен ненан матте, литературе болу безам кхиор, къоман культуран 1алашъяран дакъа и дуй хууш;
- дешнийн т1аьхьало хьал долуш яр, дешархойн мотт бийцаран культура кхиор барта а, йозанан а къамелан норманашца, къамелан бакъонашца.

Нохчийн мотт:

1) къамелан говзалла лакхаяккхар (ешар, къамел дар, яздар) шена гонахьарчу нахаца муьлххачу хьелашкахь къамел дан 1аморхьама;
2) лингвистикин, грамматически категорийн ненан маттах долу юьхьанцара хаарш шордар (алсамдахар);
3) адамийн юкъарчу мехалле санна, меттан культуре долу жоьпалла кхиор;

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхиначу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **метапредметни жамIаш**:

1) къамелдаран массо а тайпа карадирзина хилар:

- барта а, йозанан а хаам цхьанатайпана тIеэца безаш хиларх кхетар;

-ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хила езар;

-тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, ШХГI а, дешарна лерина компакт-дискаш, Интернетан гIирсаш юкъа а лоцуш;

-билггалчу темина коьчал схьалаха а, цхьана кепе яло а хаар карадерзор; шенна хаам схьалаха а, иза къасто а, цунна анализ ян а хаар; хаамийн технологи а, технически гIирсаш юкъа а лоцуш, йоьшуш я ладугIуш бевзина хаам хийца а, ларбан а, дIабовзийта а хаар;

-хиндолучу дешаран декъан гIуллакхийн (цхьаммо ша а, вукхаьрца цхьаьна а) Iалашо билгалъян а, хьалха-тIаьхьа дийриг билгалдан а, барта а, йозанан а кепехь цхьанатайпанара жамIийн мах хадо хааран хьуьнар хилар;

-паргIатчу кепехь барта а, йозанехь а нийса шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;

-шен нийсархошна хьалха доклад ян я цхьа хаамбан хаар;

2) карадирзиначу хаарех, шардарех, карадерзорех дахарехь пайда эцар;

- билгалбиначу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна я дIаешна текст юха схьайийца хаар;

- оьрсийн мотт Iаморехь нохчийн маттах пайда эца хаар;

- меттан башхаллех пайда эца хааар ( нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературан урокашкахь).

3) - тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъякккхиначу дешархочун нохчийн мотт караберзоран предметни **жамIаш ду:**

1) нохчийн мотт нохчийн къоман, Нохчийн республикин пачхьалкхан мотт, юкъаметтигаш дIакхехьаран гIирс санна бовзийтар; меттан а халкъан уьйр хила езар а; адаман дахарехь а, юкъараллехь матто дIалоцу меттиг йовзийтар;

2) личностан кхетаман а, кхоллараллин а хьуьнарш кхиорехь, йоза-дешар карадерзорехь, ша-шен дешар лакхадаккхарехь матто дIалоцучу меттигах кхетар;

3) массо а тайпана къамелдаран кепаш карайирзина хилар:

**ладогIар а, ешар а**

-барта а, йозанан а кепара хаамах цхьатера кхетар (Iалашонех, текстан теманех, коьртачу а, тIебузучу а хаамех);

- тайп-тайпанчу жанрийн, хотIан тексташ ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хилар (хьажаран, йовзаран, Iаморан);

-книгаца а, роггIана арахоьцучу тептаршца а болх баран кепаш а евзаш хилар, ешна текст (план, тезисаш) хаамийн кепара хийца хаар карадерзор;

-паргIат электронни а, справочни а литературех а, тайп-тайпанчу словарех а пайда эца хааран хьуьнар хилар;

-тайп-тайпанчу жанрийн, хотIан тексташ ладогIарца цхьанатайпана тIеэцар; ладогIаран массо а кеп карайирзина хилар (текстан коьртачу чулацамах кхеташ, хаамаш схьахаьржина белахь а);

-къамелан аларш дуста хаар церан чулацамца а, меттан гIирсех пайда эцарца а, матто кхочушдечу гIаллакхийн тайп-тайпаналлица а

**къамелдар а, йоза а:**

-билгалбиначу яцъяран барамехь барта а, йозанан кепехь а ешна я ладоьгIна текст юхаметтахIотто хаар (юхасхьайийцар, план, тезисаш);

-текст кхолларан норманаш а ларъеш (кхеташ а, хьалха-тIаьхьа йогIуш а, йозаелла а, темица йогIуш а хилар) паргIат барта а, йозанан а кепехь шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар; хезначуьнга, гиначуьнга, ешначуьнга, хьайна гонаха долучу бакъдолучуьнга а, хиламашка болу хьежам цхьанатайпана хилийтар;

-дагалаьцнарг а, тIекаре яран хьал а тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу кепийн, хотIан барта а, йозанан а тексташ кхолла хаар;

-хьалха лаьттачу коммуникативни декхаршца йогIуш, кхетамца меттан гIирсаш харжарца тайп-тайпанчу жанрийн тексташ (дийцар, хетарг (отзыв), кехат (письмо), расписка, тоьшалла (доверенность), заявлени) кхолла хаар;

-цхьаммо дечу (монологан), шиммо дечу (диалоган) къамелан тайп-тайпана кепаш карайирзина хилар; шен нийсархошна хьалха боццачу хаамца я доклад ярца къамел дар;

-тIекаре ечу хенахь нохчийн литературан меттан коьрта орфоэпически, лексически, грамматически норманаш ларъяр; гIиллакххехь лексикех а, фразеологих а пайда эцар; йозанехь коьрта нийсаяздаран (орфографин) а, пунктуацин а бакъонаш ларъяр;

-къамелан оьздангалла а ларъеш, тIекаре ярехь дакъалаца хьуьнар хилар;

-шен къамелана ша-шена терго яр; хьалха хIоттийначу Iалашоне кхачар а, меттан исбаьхьаллин гIирсех пайда эцар а, цуьнан чулацам а тидаме а оьцуш, шен къамелан мах хадон хьуьнар хилар; грамматически а, къамелан а гIалаташ, кхачамбацарш карон а, уьш нисдан а хаар; шен тексташ кхачаме ялон а, редактировать ян а хаар;

4) нохчийн маттах болу Iилманан хаарийн бух караберзор;

5) лингвистикин базови кхетамаш караберзор: лингвистика а, цуьнан коьрта дакъош а; мотт а, къамел а, тIекаре яр, барта а, йозанан а къамел; монолог, диалог; тIекаре яран хьал; маьIнийн-функциональни къамелан тайпанаш (дийцар, суртхIоттор, ойлаяр); текст, меттан коьрта цаIаллаш, церан билгалонаш а, къамелехь пайда эцаран башхаллаш а;

6) дешан тайп-тайпанан кепара таллам бар (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложени а, дешнийн цхьаьнакхетар а синтаксически къастор: текстана, цуьнан чулацамца а, дIахIоттаман коьртачу билгалонашца, исбаьхьаллин гIирсех пайда эцарца а боьзна, таллам бар;

7) исбаьхьаллин литературан текстана талламбеш, нохчийн меттан эстетически декхарех кхеташ а, къамелан аларан эстетически агIонгахьара мах хадо хаа хьуьнар хилар.

## 2. Чулацаман коьрта дакъош

Нохчийн мотт Iаморан декъехула программан чулацаман коьрта башхаллаш билгалйина коммуникативни, меттан, лингвистически, культуроведчески кхиарехь хааарш, шардарш карадерзорца доьзна. Герггарчу хьесапехь йолучу программан дIахIоттаман бухе диллинарг чулацаман и кхо дакъа ду:

- коммуникативни хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам;

-меттан а, лингвистически а хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам;

-культуроведчески хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам.

**Коммуникативни декъехула** долучу хаарша шайна чулоцу массо а кепара къамелдаран а, барта а йозанан къамелан культуран баххаш карадирзина хилар; тайп-тайпанчу дахаран хьелашкахь а, шен нийсархощца (5-7, 8-9 классийн дешархой) вовшех кхеташ, психологически башхаллаш, зеделларг, дуьйцучуьнга шовкъ хилар а тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу муьрашкахь тIекаре ян а, къамел дан кийча а, хьуьнаре а хилар.

**Меттан а, лингвистически** а декъехула долучу хаарша шайна чулоцу юкъараллин хиламехь маьIне долу хIума санна маттаца доьзна хаарш карадерзор; цуьнан дIахIоттам а, кхиар а, цо ден гIуллакх а дика девзаш хилар; нохчийн литературни мотт а, оьшуш болу дешнийн барам а, къамелан грамматически дIахIоттам а карабирзина хилар; меттан хиламаш а, бакъдерш а мах хадо хаарца талла хааран хьуьнар карадерзор; тайп-тайпанчу лингвистически словарех пайда эца хаар.

**Культуроведчески** декъехула долучу хаарша шайна чулоцу къоман культуран кеп санна мотт тIелаца безарх а, халкъан истори а, мотт а вовшех бозабелла а, нохчийн мотт къоман-культуран башхалла а хиларх кхетар; гIиллакхехь, норманаш ларъеш, нохчийн маттахь къамелдан а, кхечу къаьмнийн векалшца оьзда юкъаметтигаш лело а хаар.

Программа мотт Iаморан керлачу методически некъех пайда эцаран буха тIе тевжаш ю: кхетаман-коммуникативни, гIуллакхдаран. Кхетаман-коммуникативни тIевигаран бух тIехь 5-9 классашкахь нохчийн мотт караберзоран принципаш хIорш хир ю.

**Коммуникативни принципо** билгалйо мотт Iаморан Iалашо- коммуникативни кепара охIла волуш кхиор. И Iалашо кхочушъяро шена чулоцу массо а кепара, тайпана къамелдар кхиор. Коммуникативность бохург – иза дешаран гIуллакх къамелдан хаарна тIеберзийна дIахIоттор ду, ма-хуьллу и гIуллакх Iер-дахарехь нислучу хьелашца тардеш, юкъаметтигаш лелор царна герга яло хьажарца. Юкъаметтигаш дIакхехьа а, тIекаре яр а оьшуш хиларна тIе воьхуш хила беза и болх. Юкъаметтигаш лелаярца тIекаре ян Iамар – хIара ду коьртаниг коммуникативность бохучун амалехь.

**Кхетаман принципе** диллича, меттан коьчал тIеоьцу органически а, цхьана системехь а вовшахтоьхна, шена тIехь дешархойн къамелдаран шардарш, карадерзораш кхиош йолу дешаран дакъа санна. Кхетам болуш меттан хиламаш, бакъдерш, бакъонаш караерзоре хьовсу нохчийн мотт шера караберзор ца хилча ца торуш долучу хьоле санна. Коммуникативни а, кхетаман а декъехула йолучу принципаша билгалдо кхетаман-коммуникативни кепара тIедахар нохчийн мотт Iаморехь а, караберзорехь а.

Вай йийциначу принципел совнаха, нохчийн мотт Iаморо билгалдо дешархой нохчийн къоман культура йовзийтаре кхачор, кхечу къаьмнийн культурашцца уьйр тасарца диалог дIаяхьа кийча а, хьуьнар хила дезар а: вовшашцца йозаелла йолу къамелдаран кепаш а, кхоччуш мотт караберзор а; оьрсийн а, нохчийн а меттанаш Iаморца доьзначу хаарех, ший а мотт караберзош пайда эцар, цара вовшийн бен тIеIаткъам мелла а жимбан хьажар; Iамор хууш долучунна тIетевжаш а, тIаьхьало хинйолучу кепара а дIадахьар.

Хьалхара чулацаман дакъа лаьтта хIокху дакъойх: «Къамел», «Текст», «Къамел дарехула долу гIуллакх».

ШолгIа чулацаман дакъа лаьтта хIокху дакъойх: «Нохчийн маттах болу юкъара хаамаш», «Фонетика. Графика. Орфоэпи», «Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а», «Лексика а, фразеологи а», «Морфологи», «Синтаксис», «Орфографи а, пунктуаци а».

КхоалгIа чулацаман дакъа хIокху декъаца билгалдина «Мотт а, культура а».

Дакъойн чулацам ша-ша къаьстина бовзуьйту, амма къамел кхиор доьзна ду хIора дакъа Iаморца а, цхьана кепе ялийначу меттан курсан хIор темица а. ХIора дакъа шина блоках лаьтташ ду: хьалхара (терахь 1) теманаш а, царах болу теоретически хаамаш бовзуьйту, шолгIа (терахь 2) хьалхарчу пунктехь цIерш яьхна теманаш караерзоран хьокъехь кхочушден дешаран коьрта гIуллакхаш довзуьйту.

### 3. Юкъарадешаран юккъерчу школан дешаран предметехула болу чулацам

**Коммуникативни декъехула хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам (лаххара а 150 с)**

**1-ра дакъа. Къамел а, къамелаца ен тIекаре а (лаххара а 25 с)**

1. Мотт, а, къамел а. Монологически а, диалогически а, барта а, йозанан а къамел. Монолог. Диалог. Полилог. Къамелаца ен тIекаре. Къамелан хьал а, цуьнан дакъош а. Юкъара а, книгийн а мотт. Юкъара меттан коьрта башхаллаш а, жанраш а. Къамелан стилаш: Iилманан, леррина-гIуллакхан, публицистически. Iилманан, публицистически, леррина-гIуллакхан стилийн коьрта жанраш. Исбаьхьаллин литературан мотт.

2. Барта а, йозанан а, юкъара а, книгийн, монологически, диалогически къамелан коьртачу башхаллех кхеташ хилар а, уьш вовшех къасто хууш а хилар. Монологан а, диалоган тайп-тайпана кепаш караерзор. Долучу хьоле а, тIекаре яран Iалашонашка а хьаьжжина, меттан гIирсех пайда эцар. ТIекаре яр дукхахолахь нислуш долучу хьелашкахь къамелан норманех нийса пайда эцар карадерзор. Стилийн, жанрийн

башхаллаш тидаме а оьцуш, teксташ вовшашца юстар а, царна талламбар. Тайп-тайпанчу стилашкахь, жанрашкахь ша барта а, йозанан а, аларш кхоллар.

**2-гIа дакъа. Къамелан оьздангалла[1] (лаххара а 10с)**

1. Литературни меттан норманех болу кхетам. Меттан норма а, цуьнан декхарш а. Нохчийн литературни меттан коьрта норманаш: орфоэпически, лексически, грамматически, стилистически, нийсаяздаран. Норманийн кепаш. Нохчийн меттан словараш.

2. Нохчийн литературни меттан коьрта норманаш караерзор а, шен къамелехь уьш ларъяр а. Литературни маттах лаьцна болу хаамаш схьалохуш словарех пайда эцар.

**3-гIа дакъа. Текст (лаххара а 40 с)**

1. Текст къамелан произведени санна, цуьнан билгалонаш а, башхаллаш а. Тема, коьрта ойла, текстан дIахIоттам. Предложенийн а, текстан дакъойн уьйрийн гIирсаш а, кепаш а. Абзац. Абзацо текстехь кхочушден гIуллакх. Текстан даран-маьIнин тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлаярца дийцар. Иэделла тайпанаш: ойлаяран кепашца суртхIоттор, суртхIотторан а, ойлаяран а кепашца дийцар и дI. кх. а. Къамелан тайпанийн стилистически кепаш. Хаамийн текст юха кечъяран коьрта тайпанаш: план, конспект.

2. Текстан даран-маьIнин муьлхачу тайпанан ю а, дIахIоттаме а, теме а, коьртачу ойлане а хьаьжжина, анализ яр. Шен ойланехь дерг маьIница хьалха-тIаьхьа догIург хила дезачу кепара нисдарца довзийтар. Текст маьIнин дакъошка екъар а, текстан план хIоттор а. Текстехь предложенеш вовшех йоьзна гIирсаш а, кепаш а билгалъяр, къамелехь царах пайда эцар. Текстан дIахIоттаман норманаш ларъеш (хьалха-тIаьхьа хила дезар цхьаьнадогIуш, кхеташ а, темица йогIуш а, йозаелла а хилар) текcташ кхоллар. Къамелан аларан мах хадор а, иза кхачаме далор а. Плане а, конспекте а ерзош, текст юхакечъяр.

**4-гIа дакъа. Къамелдар (лаххара а 75 с)**

Къамелдаран тайпанаш: ладогIар, ешар, вистхилар, йоза.

ЛадогIар. Юккъерчу барамехь лергана хозуьйтучу текстах цхьанакепара кхетар. Ша ладоьгIна йолу текст шорйиначу я яцйиначу барамехь кхечуьнга дIакхачор. ШГIХ маттах кхеташ хилар.

Ешар: талларан, йовзаран, лахаран хьесапехь. Ешаран тайп-тайпана кепаш а, дешаран книгица а, кхиболучу хаамийн хьостанашца болх бар а карадерзор.

Вистхилар. ТIекаре яран хьоле а, меттиге а, Iалашонашка а хьаьжжина, барта а, монологически а мехала а, социокультурни а, гIиллакх-оьздангаллин, динан, дешаран а теманашна аларш кхоллар. ХатI (стиль) а, жанр а тидаме а оьцуш, монолог-суртхIотторан, монолог-дийцаран, монолог-ойлаяран кепара шен аларш кхоллар.

[1] Къамелан оьздангалла – культура речи

Йоза. ЛадоьгIна я ешна текст йозане ерзор (ма-ярра, яцйина, хаьржина). Тайп-тайпанчу жанрийн, хотIийн (стилан) йозанан тексташ кхоллар. ГIуллакхан кехаташ хIиттор (дIахьедар (заявление), хаамбар (объявление), тоьшалла (доверенность), резюме).

**Маттах долу хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам (лаххара а 300 с)**

**1-ра дакъа. Нохчийн маттах болу юкъара хаамаш (лаххара а 2 с)**

1. Нохчийн мотт–Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт. Нохчийн мотт-нохчийн къоман мотт. Мотт–адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гIирс.

2. Меттан мехаллах а, юкъараллин дахарехь цо дIалоцучу меттигах а кхеташ хилар.

**2-гIа дакъа. Фонетика. Графика. Орфоэпи (лаххара а 16 с.)**

1. Фонетика а, графика а, орфоэпи а лингвистикин дакъош санна. Аз – меттан уггар а жима дакъа. Озан а, элпан а дазар. ХIинцалера нохчийн абат. Фонетически транскрипцин цхьайолу кепаш (элементаш). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Къамелдарехь аьзнийн хийцадалар. Нохчийн меттан шатайпанара аьзнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш ие, уо, оьв. Нохчийн меттан интонаци, интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Орфоэпин коьрта норманаш. Орфоэпически словараш.

2. Деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къестор. Дешан озан а, элпан а хIоттам дуьхь-дуьхьал хIоттор. Дешан озан-элпан анализ яр. Дешнаш дакъошка декъар. Дош цхьана могIанера вукху могIане сехьадаккхаран хаарш карадерзор. Нохчийн меттан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар. Нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн системин а башхаллех кхеташ хилар.

**3-гIа дакъа. Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а (лаххара а 16с)**

1. Морфема меттан жима а, маьIне а дакъа хиларх кхетар. Дешан лард а, чаккхе а. Орам. Цхьанaораман дешнаш. Орамерчу элпийн хийцадалар. Суффикс. Дешхьалхе. Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Дошкхолладалларх а, хийцадаларх а болу кхетам. Дошкхолларан а, формакхолларан а морфемаш. Нохчийн меттан дошкхолларан коьрта некъаш. Дошкхолладаларан га (пара) а, дошкхолладаларан зIе а. Морфемни а, дошкхолладаларан а словараш.

2. Нохчийн дешан хIоттаман башхаллех кхеташ хилар. Дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша дечу гIуллакхах кхеташ хилар. Дешан морфемаш къастор. Дошкхолларан дакъошка хьаьжжина, дешан мехалла билгалъяр. Цхьанаораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайда эцар. Дешнийн зIенаш а, дешнаш кхолларан а коьрта некъаш билгалдар. Тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхолла хаар карадерзор. Нийсаяздарехь дошкхолладаларан а, морфемийн декъехула карадирзиначу хаарех, шардарех пайда эцар. Тайп-тайпана хьесапаш морфемни а, дошкхолладаларан а словарашца кхочушдар.

Дешан хIоттамца дешнаш таллар, дошкхалладаларан талламбар.

**4-гIа дакъа. Лексика а, фразеологи а (лаххара а 16 с)**

1. Дош–меттан цхьа дакъа. Дешан лексически а, грамматически а маьIна. Къоман культуран маьIнан дакъа шайца долу дешнаш. ЦхьанамаьIнин а, дуккха а маьIнийн дешнаш, дешан нийса а, тIедеана а маьIна. Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.

Нохчийн меттан лексика шен схьаяларе хьаьжжина (билггала нохчийн а, тIеэцна а), жигара а, кIезиг пайда оьцу а (историзмаш, архаизмаш, неологизмаш), пайдаэцаран гуо (юкъара, шуьйра пайда оьцу дешнаш, диалектизмаш, терминаш, профессионализмаш).

Лексикин стилистически дакъош: книжни, юкъара, къамелан.

Фразеологизмаш, церан билгалонаш а, маьIна а. Аларш, дустарш, кицанаш.

Нохчийн меттан словараш. Шинаметтан словараш.

2. Дахаран хьелашкахь тIекареш дIакхехьарна оьшучу барамехь лексически а, фразеологически аларш карадерзор. ТIекаре яран хьоле а, Iалашоне а хьаьжжина, къамелехь шайн маьIнашца вовшашца даза тарлуш долучу дешнех пайда эцар. Дешнийн маьIнаш къасторхьама а, синонимаш, антонимаш, фразеологически цхьаьнакхетарш харжархьама а тайп-тайпанчу словарашца болх бар.

Дош лексически къастор.

**5-гIа дакъа. Морфологи (лаххара а 145 с)**

1. Морфологи–граматикин дакъа. Нохчийн меттан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъош. Церан грамматически маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а. Нохчийн меттан дожарийн система: маьIна, кепаш, пайда эцар. Нохчийн меттан къамелан дакъойн хенийн, классни гайтамийн система: маьIна, кепаш, пайда эцар. ГIуллакхан къамелан дакъош. Церан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. ГIуллакхан къамелан дакъойн тайпанаш: маьIна, хIоттам, синтаксически гIуллакх. Айдардешнаш а, азтардаран дешнаш а.

2. Шайн коьртачу билгалонашца тайп-тайпана къамелан дакъош довзар. Дош морфологически къастор. Нохчийн литературни меттан норманашца догIуш тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнийн кепех (форманех) пайда эцар. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн къамелан дакъойн юкъара а, башха а долучух кхетар.

5 класс. Проект «Муха кхолладелла «Даймохк» боху дош».

**6-гIа дакъа. Синтаксис (лаххара а 75 с)**

1. Синтаксис–грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжина, предложенийн тайпанаш. Предложени кечъеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, яьржина а, яржаза а, юьззина а, юьззина йоцу а, чолхеяьлла а, чолхеялаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхеяьлла предложени. Цхьанатайпанарчу а, шакъаьстиначу а

меженащца а, тӀедерзарца а, юкъадалочу дешнащца а, юкъаялочу конструкцешца а йолу предложенеш. Чолхе предложени, цуьнан дӀахӀоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетаран а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетаран предложени: дӀахӀоттам, тайпанаш, вовшехйозаран гӀирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дӀахӀоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тӀетухучу а предложенийн уьйран гӀирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дӀахӀоттам. Хуттургаш йоцучу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гӀирсаш а, кепаш а.

2. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка ерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларъяр.

**7-гӀа дакъа. Орфографи а, пунктуаци а (лаххара а 30 с)**

1. Орфографи дешнаш а, церан форманаш а нийсаязъяран раж (система) санна. Орфограммех кхетам балар. Орамера элпаш нийсаяздар. Дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш нийсаязъяр. Ъ,Ь нийсаяздар. Цхьаьна а, дефисца а, къаьстина а яздар. Доккха а, жима а элп яздар. Дош сехьадаккхар. Орфографически словараш а, справочникаш а. Пунктуаци нийсаяздаран бакъонийн раж (система) санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхеяьллачу а, чолхеялазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш.

2. Орфографически а, пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь орфографически а, пунктуационни коьрта норманаш ларъяр. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пункуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически словарех, нийсаяздаран справочникех пайда эцар.

**Культуроведчески хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам (лаххара а 20 с)**

**1-ра дакъа. Къоман оьздангалла** маттахь а, къамелахь а **(**лаххара а 20 **с)** 1. Мотт а, оьздангалла а вовшех йозаелла хилар. Нохчийн мотт–исбаьхьаллин литературан мотт. Маттахь къоман истори а, культура а гайтар. Нохчийн къамелан оьздангалла а, цуьнан башхаллаш а. Россехь дехачу къаьмнийн меттанаша вовшашна бен тӀеӀаткъам.

2. Халкъан барта кхоллараллин а, исбаьхьаллин литературан а произведенешкахь къоман-культуран дакъа шеца долу меттан цхьааллаш билгалъяхар, лингвистически словарийн гӀоьнца церан маьӀнаш дастар. Матте культуран хиламе санна кхетаме хьажар. Мотт ларар а, цуьнга шовкъ

кхоллар а.

**Герггарчу хьесапехь йолу тематически планаш**

| Теманийн коьрта чулацам | Дешархочо кхочушдечу коьртачу гІуллакхийн мах хадор (дешаран гІуллакхашкахула болучу барамехь) |
|---|---|
| Коммуникативни декъехула хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам (150 с) | |
| 1-ра дакъа. Къамел а, къамелаца ен тІекаре а (25 с) | |
| 1. Мотт а, къамел а – 5 с.<br>**Къамелаца тІекаре яран Іалашонца санна, маттах пайда эцар.**<br>**Барта а, йозанан а, диалогически а, монологически а къамелан коьрта башхаллаш.**<br>**Къамелан оьздангалла.** | «Мотт», «къамел» боху кхетамаш вовшех къестор.<br>Барта а, йозанан а къамел, диалог а, монолог къасто хаар.<br>Диалог-хаттам, диалог-дискусси дІаяхьар, тІекаре яран Іалашонца меттан гІирсаш схьахаржар.<br>ТІекаре еш къамелан оьздангалла ларъяр.<br>Текстехь чагІделла дах1оьттиначу тІекаре яран хьолан таллам бар. |
| 2. Къамелаца тІекаре яр- 5 с.<br>**ТІекаре яран хьелаш. Къамелан хьал (Іалашо, бахьана, хьаьнца до, хьанах (стенах) лаьцна ду, юкъара мотт). ТІекаре яран хьоле хьаьжжина, вистхилар.** | Хьалха хІоттийначу Іалашоне а, къамел хьаьнца дан лерина ду хьаьжжина а, шен аларш кхоллар. |
| 3. Книгийн а, юкъара а къамел- 15 с.<br>**Книгийн а, юкъара а къамелан коьрта башхаллаш.**<br>**Юкъара къамел: пайдаоьцу меттиг, декхарш, башхаллаш. Юкъара къамелан жанраш: къамелдар, дийцар, долара кехаташ.**<br>**ХотІаш (стилаш): Іилманан, леррина-гІуллакхдаран, публицистикин. Пайда эцаран гуо, юкъ, кхочущден гІуллакх, башхаллаш.**<br>**Коьрта жанраш Іилманан хотІан (стилан) (хаам, доклад, статья), публицистикин (къамел дар, заметка, инфрмационни хаам, рецензи), леррина-гІуллакхдаран (дІахьедар, расписка, резюме).**<br>**Исбаьхьаллин литературан мотт; цуьнан башхаллаш (васте, шовкъе хилар), эстетически декхарш. Меттан суртхІотторан гІирсаш (эпитеташ, метафорш, дустарш, олицетворенеш и дІ.** | Книгийн а, юкъара а къамел вовшех къастор.<br>Шех, шен доьзалх, юьртах, гІаланах и дІ. кх. лаьцна дийцар.<br>Іер-дахаран а, дешаран а теманашна диалог дІаяхьар.<br>Тайп-тайпанчу хотІан (стилан) тексташ къасто хаар.<br>Іер-дахаран а, дешаран а теманашца йоьзна диалог дІаяхьар.<br>Билггалчу текстан хатІ (стиль) билгалъяккхар, ша аьлларг тІечІагІдеш, делил далор.<br>ХатІ а, жанр а тидаме а оьцуш, шен тексташ кхоллар.<br>Исбаьхьаллин текстехь дика бевзаш, шуьйра баьржина а болу исбаьхьаллин-суртхІотторан гІирсаш схьакарор. |

| | |
|---|---|
| **кх. а). Инверси, риторически хаттар.** | |
| 2-гIа дакъа. Къамелан оьздангалла (10 с) | |
| Къамелан оьздангалла- 10 с.<br>**Литературни маттах а, цуьнан хотIех (норманех) а болу кхетам.**<br>**Меттан барам (норма) а, цуьнан декхарш а.**<br>**Орфоэпически, лексически, дошкхолларан, морфологически, синтаксически, орфографически, пунктуационни а норманаш.**<br>**Нохчийн меттан нормативни словараш.** | Нохчийн литературан коьрта хотIаш (норманаш) карадирзина хилар, къамелехь царах пайда эцар.<br>Шен къамел нийса ду дац хьожуш, цуьнан мах хадор, грамматически а, къамелан гIалаташ карор а, уьш нисдар а.<br>Тайп-тайпанчу словарех пайда эцар: орфоэпически, орфографически, фразеологически, доштидаран, синонимийн, антонимийн, кхечу пачхьалкхийн меттанийн. |
| 3-гIа дакъа. Текст (40 с) | |
| 1. Текст къамелдаран гIирс санна – 10 с.<br>**Текстан коьрта билгалонаш а, башхаллаш а: маьIне а, дийнна а, йозаелла а, чаккхе йолуш а, дакъошка екъалуш а хилар.**<br>**Тема, проблема а, текстан коьрта ойла а.**<br>**Текстан дIахIоттам.**<br>**Абзац а, цуьнан дIахIоттам а.**<br>**Информационни текст кечъяран коьрта кепаш: план, конспект.** | Текст абзацашка екъар.<br>Текстан дакъойн, предложенийн уьйран гIирсаш, тема, проблема, коьрта ойла билгалъяккхар.<br>Текстан юьхь, коьрта а, дерзоран а дакъош схьакарор.<br>Абзацан дIахIоттам къастабар.<br>Текст маьIнийн дакъошка екъар.<br>Коьрта а, коьртаза а информаци билгалъяккхар.<br>Текстан маьIне долу дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш схьакарор.<br>Юьхьанцара текст плане а, конспекте а ерзор. |
| **2.** Функционально-маьIнин къамелан тайпанаш – 30 с.<br>**СуртхIоттор, дийцар, ойлаяр.**<br>**СуртхIоттор, цуьнан дIахIоттаман схема.**<br>**ХIуманан, меттиган, Iаламан хиламан, адаман хьолан суртхIоттор. ХIуманан маьIна шайца долу дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а. Предложенийн уьйрийн параллельни кепаш. Исбаьхьаллин, Iилманан, гIуллакхан декъехула суртхIоттор.**<br>**Дийцар-хенаца доьзна хиламийн кхиар.** | Къамелан тайпанаш, мича Iалашонца а, хьанна (стенна) лерина ду а хьаьжжина, къестор.<br>Текстехь суртхIоттор схьалахар, шен харжамна тоьшалла далор.<br>Iаламан хиламийн, адаман куьцан, амалан, хIуманийн, меттиган суртхIоттор.<br>Дийначу текста юкъара дийцаран дакъош схьакарор.<br>Дийцаран хотIан(стилистически) тайпанаш билгалдахар.<br>Дахарехь хуьлучух а, исбаьхьаллин произведенешкахь бийциначу, телепередехь гиначу а хиламех лаьцна дийцарш кхоллар.<br>Дийначу текста юкъара ойлаяран дакъош схьакарор.<br>СуртхIоттор, дийцар, ойлаяр вовшех къасто хаар. |

| | |
|---|---|
| **ДIахIоттаман схема. СуртхIотторан коьрта тайпанаш: дийцар, хаам, инструкци. Хенан латтамийн а, хандешнийн а гIоьнца хиламийн кхиар бовзийтар. Дийцарехь предложенийн уьйрийн зIе. Дийцар исбаьхьаллин, публицистически, Iилманан, гIуллакхан хотIашкахь (стилашкахь).** <br> **Ойлаяр-ойла кхиар (делил, кхетам балар, хьесап дар). Ойлаяран дIахIоттаман схема. Уьйран синтаксически гIирсаш: хуттургаш, хуттургийн дешнаш.** <br> **Ойлаяр исбаьхьаллин, публицистически, Iилманан, гIуллакхан хотIашкахь (стилашкахь).** <br> **Къамелан иэйелла кепаш: ойлаяран кепаш (элементаш) шеца йолу суртхIоттор, ойлаяран а, суртхIотторан а кепаш (элементаш) шеца йолу дийцар.** | Ойлаяран хьесапаш дар: тезис хьалхаяккхар, цунна делил далор, Iамош долучунна тIера масалш далор, жамIаш дар. <br> Алсам пайда оьцучу къамелан кепе хьаьжжина, текстан кеп билгалъяр. |
| 4-гIа дакъа. Къамелдар (75 с) | |
| 1. ЛадогIар – 15 с. <br> **ТIекаре яран хьоле а, Iалашонашка а хьаьжжина, барта а, йозанан а къамел цхьатера тIеэцар. ПаргIатчу, юккъерчу барамехь лергана хозуьйтучу хаамах кхетар (телевиденин, радион диктор, куьйгаллехь болучу наха ден къамел и дI. кх. а).** <br> 2. Ешар – 15 с. <br> **Йовзаран, лахаран, тIеххулара, дIасалистаран кепара ешар. Тайп-тайпана хотIехь йолу тексташ ешар а, царах кхетар а: исбаьхьаллин (дийцарийн, повестийн, романийн дакъойх), дешаран-Iилманан (учебникийн текстех), Iилманан-гIараяьлла, публицистически (газетийн, журналийн статьях, хроникех) гIуллакхан (рекламех, цхьадолучу** | Дечу къамела юкъара дешнийн цхьаьнакхетарш а, дешнаш, аларш схьакъастор. <br> Дошкхолларан дакъойн а, контекстан а гIоьнца девзаш долучу дешнийн маьIнаш дастар. <br> Текстах кхетарехь коьрта дакъа лоцуш долу дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а билгалдар. <br> Хезна болучу хааман коьрта чулацам иэсехь сацор. <br> Ешаран тайп-тайпанчу кепех пайда эцар. <br> Текстан дIахIоттаман некъ бовзар, текст дакъошка екъар, текстан дакъошна юкъара уьйр билгалъяр. <br> Авторна хетарг а, тема а, коьрта ойла а, кеп, хатI билгалдеш, текст таллар. <br> Текстехь болучу хаамашна тIе тевжаш, жамIаш дар, цу тIехь долучу бакъдолучеран юкъара маьIна дар. <br> Бакъдолучийн мах хадор, текстан кхетам балар. <br> Коьрта а, коьртаза а хаам къастор. <br> Книгица а, кхечу хаамийн хьостанашца а (Интернет а, ШХ ГI а юкъа а лоцуш) болх бан хаар карадерзор. |

| | |
|---|---|
| **гІуллакхан кехатех).**<br><br>**Книгица а, хаамийн кхечу хьостанашца болх баран оьздангалла.**<br><br><br><br><br><br><br><br>3. Къамелдар – 20 с.<br><br>**ТІекаре яран хьоле а, Іалашоне а хьаьжжина, мехала йолучу а, социально-культурни а, гІиллакх-оьздангаллин а, Іер-дахаран а, дешаран а теманашна барта а, йозанан а аларш кхоллар.**<br><br>**Шех, доьзалх, гІалех, юьртах, белхан говзаллех, къоман гІиллакхех, ламастех, нохчийн цІайх (дезчу денойх), ловзарех, говзаллех (промыслех) лаьцна дийцар.**<br><br>**Фильман, книгин чулацам схьабийцар, хетарг алар.**<br><br><br><br>4. Йоза – 25 с.<br><br>**ЛадоьгІначу я ешначу текстан чулацам йозане берзор (буьззина, хаьржина, боцца).**<br><br>**Литературни хотІаш (норманаш) а лардеш, маьІница хьалха-тІаьхьа дІанисъялар тидаме а оьцуш, шен тексташ кхоллар. ГІуллакхийн кехатийн чулацаман а, дІахІоттаман а башхаллаш.**<br><br>**Газетийн статьяш а, литературан произведенийн даккхий доцу дакъош а оьрсийн матте дахар** | Билггалчу юкъаметтигаллин хьолехь къамел долор а, дІадахьар а.<br><br>Къамел деш волучуьнга гІиллакхе вистхиларан кепех пайда эцар.<br><br>Мукъ шен карахь а болуш, диалог дІаяхьар, шеца къамел деш волучо аьллачунна сиха жоп далар, диалогически цхьааллийн коьртачу кепех пайда эцар.<br><br>ТІекаре яран хьал тидаме а оьцуш, барта а, йозанан а аларш кхоллар монолог-суртхІотторан, монолог-дийцаран, монолог-хьесап даран кепехь.<br><br>ГІиллакх-оьздангаллин, Іер-дахаран, дешаран теманашна лерина къамелаш дар, дискуссеш дІаяхьар.<br><br><br><br>Тайп-тайпана изложенеш, диктанташ язъяр.<br><br>Дика евзаш йолучу темина сочинени-ойлаяр язъяр.<br><br>Текстана цхьалхе а, чолхе а план хІоттор.<br><br>Цхьана темица а, идейца а йозаеллачу шина я масех текстан чулацам юкъарчу хьесапехь схьабийцар.<br><br>Хьаьжначу кинох, телепередачех, ешначу книгех, ладоьгІначу текстах лаьцна йозанца хаамаш кечбар.<br><br>Цхьадолу гІуллакхан кехаташ хІиттор (дІахьедар, тоьшалла, резюме). |
| Маттах долу хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам (300 с) | |
| 5-гІа дакъа. Нохчийн маттах болу юкъара хаамаш (4 с) | |
| Нохчийн маттах болу юкъара хаамаш – 4 с.<br><br>**Нохчийн мотт – Нохчийн республикин пачхьалкхан мотт.** | Таханлерчу дахарехь а, пачхьалкхехь а, хІинцалерчу юкъараллехь нохчийн матто дІалоцучу меттигах а, цо кхочушдечу гІуллакхах а кхеташ хилар. |

| | |
|---|---|
| **Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт.**<br>**ХIинцалера нохчийн мотт.** | |
| | 6-гIа дакъа. Фонетика. Графика. Орфоэпи (16 с) |
| Фонетика, графика, орфоэпии - 16 с.<br>**Нохчийн меттан мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Аз а, элп а, церан дазар а. ХIинцалера нохчийн абат.**<br>**Мукъа аьзнаш: деха а, доца а.**<br>**Мукъаза аьзнаш: зевне а, къора а. Сонорни мукъаза аьзнаш. Аффрикаташ. Нохчийн меттан шатайпанара аьзнаш.**<br>**Къамелехь аьзнийн хийцадалар: мукъазчу аьзнийн гIелдалар, мукъачу аьзнийн кIаддалар, ассимиляци.**<br>**Фонетически транскрипцийн цхьайолу кепаш (элементаш)**<br>**Дешдакъа. Логически тохар.**<br>**Орфоэпически норманех кхетам балар. Литературни хотIаца (норманашца) догIуш нийса алар. ТIеэцна дешнаш нийса аларан башхаллаш.**<br>**Интонаци а, цуьнан декхарш а. Нохчийн меттан интонацин башхаллаш. Интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Литературни хотIаца (норманашца) догIуш аларан коьрта бакъонаш. Орфоэпически словараш.** | Аьзнаш вовшех къестор, нийса схьаалар деха а, доца а, зевне а, къора а аьзнаш, аффрикаташ.<br>Шайн йолучу билгалонашца аьзнаш тайпанашка а, тобанашка а, билгалдиначу аьзнийн хьесапашца дешнаш а дIасадекъар.<br>Дешнаш цхьана могIанера нийса вукху могIане дахар.<br>Дешнаш дакъошка декъар, уьш нийса схьаалар<br>Барта а, йозанца дешнаш фонетически къастор.<br><br>Литературни хатI (норманаш) лардеш дешнаш ала дезарх кхеташ хилар. Литературни хатI (норманаш) лардеш алар карадерзор.<br>Аьзнийн башхаллашца а, меттан интонацица йоьзначу халонех хьалхадовлар. Поэтически а, прозаически а тексташ къастош ешар. |
| | 7-гIа дакъа. Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а (16 с) |
| Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а – 16 с.<br>**Морфемех кхетам балар. Морфемийн тайпанаш. Дешан хIоттам: лард а, чаккхе а. Орам, дешхьалхе, суффикс. Цхьанаораман дешнаш.**<br>**Нохчийн а, оьрсийн а дешнийн дIахIоттамашна юккъехь йолу башхо.**<br>**Дошкхолладалар а, дешнийн хийцадалар а.**<br>**Дошкхолларан коьрта некъаш. Морфемийн гIоьнца дешнаш кхоллар (дешхьалхенийн, суффиксийн, дешхьалхенийн-суффиксийн, суффиксаш йоцу а). Дешнаш кхуллучу а, хийцалучу а хенахь орамера аьзнийн хийцадалар.** | Дешнийн морфемаш къастор**.**<br>Дошкхолларан дакъойн гIоьнца дешан маьIна тидар.<br>Цхьанаораман дешнаш къастор а, лахар а.<br>Схьаяьлла а, схьаялаза а лардаш вовшех къастор. Дешан хIоттамца дешнаш къастор.<br>Дошкхолларан коьрта некъаш билгалдахар, дошкхалладаларан зIенаш кхоллар.<br>Дешхьалхенийн а, суффиксийн а гIоьнца дешнаш кхоллар.<br>Шуьйра пайда оьцучу суффиксийн коьрта маьIнаш билгалдахар.<br>Чолхе-дацдина дешнаш нийса алар а, царах нийса пайда эцар а. |

| | |
|---|---|
| **Лардаш цхьаьнакхетарца дешнаш кхолладаларан кеп.** **Чолхе дешнаш. Чолхе-дацдина дешнаш. Композитийн грамматически классаш. Цхьа къамелан дакъа вукху къамеле дерзар дошкхолладаларан цхьа кеп санна. Дошкхолладаларан га а, дошкхолладаларан зIе а.** **Дешан морфемни а, кхолладаларан таллам.** **Нохчийн меттан морфемни а, дошкхолладаларан а словараш** | Композитийн грамматически классаш билгалъяхар. Морфемни а, дошкхолладаларан а къастор барта а, йозанца а кхочушдар. |
| 8-гIа дакъа. Лексика а, фразеологи а (16 с) | |
| 1. Лексика – 13 с. **Дош–меттан коьрта дакъа. Дешан лексически а, грамматически а маьIна. ЦхьанамаьIнин а, дуккха а маьIнин дешнаш.** **Дешнийн нийса а, тIедеъна а маьIнаш. Синонимаш, антонимаш, омонимаш.** **Шуьйра а, кIеззигчу меттехь а пайда оьцу лексика. Профессионализмаш, дешнаш-терминаш, диалектизмаш. Ширделла а, керла а дешнаш.** **Юкъара (нейтральни) а, стилистически къагийна йолу а лексика.** **Билггала нохчийн а, тIеэцна а дешнаш. Интернациональни лексика. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн юкъара дешнаш.** **Доштуьду словараш.** 2. Фразеологи – 3 с. **Фразеологизмаш, церан маьIна, пайда эцар. Фразеологизмийн башхаллаш.** **Фразеологически словараш. Фразеологически цхьааллийн стилистически башхаллаш.** | Дешан лексически маьIна билгалдаккхар. Къамелехь ши маьIна долучу дешнех шина а маьIнехь а, синонимех, омонимех, антонимех а пайда эцар. Лексически цхьаьна дан тарлучу дешнех пайда эцар. Нохчийн а, оьрсийн а дешнаш дустарца маьIнаш тидар. Шуьйра а, кIезиг пайда оьцу а лексикаш къастор. Исбаьхьаллин произведенешкахь ширъеллачу лексико стилистически декъехула кхочушден гIуллакх билгалдар. ТIекаре яран хьоле хьаьжжина, къамелехь дешнех пайда эцар. Дешнийн маьIнаш къасторан Iалашонца шинаметтан а, дешнаш тидаран словарех пайда эцар. Фразеологизмийн маьIнаш дастар, синонимашца а, кхечу дешнийн цхьаьнакхетаршца уьш хийцар. ТIекаре яран хьоле хьаьжжина, шен къамелехь фразеологизмаш ялор. Кхечу меттанашкарчу фразеологизмашца йогIуьрш шен маттахь схьалахар а, уьш вовшашца юстар а. Фразеологизмийн маьIнаш дастаран Iалашонца фразеологически словарех пайда эцар. |
| 9-гIа дакъа. Морфологи. (143с) | |
| 1. Морфологи. Коьрта къамелан дакъош – 7 с. **Къамелан дакъойн маьIнийн а, морфологически а, синтаксически а** | Къамелан дакъойн коьрта билгалонаш евзаш хилар. |

| | |
|---|---|
| **башхаллаш.**<br><br>**Коьрта къамелан дакъош, церан грамматически маьIна, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а.**<br><br>2. ЦIердош къамелан дакъа сана – 24 с.<br><br>**ЦIердешнийн маьIна а, грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а.**<br><br>**Юкъара а, долахь а цIердешнаш.**<br><br>**ЦIердешнийн грамматически классаш. ЦIердешнаша билгалдешнашца, цIерметдешнашца, терахьдешнашца, хандешнашца бартбар.**<br><br>**ЦIердешнийн терахь.**<br><br>**ЦIердешнийн легар. Диъ легар.**<br><br>**Тайп-тайпана легалуш долу цIердешнаш. Цхьана дешдекъах латташ долучу цIердешнийн легар.**<br><br>**Дожарийн маьIнаш. ЦIердешнаш дукхаллин терахьехь легор. Дожарийн чаккхенаш дукхаллин терахьехь.**<br><br>**Дукхаллин терахьан цIердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр. ЦIердешнийн кхолладаларийн некъаш.**<br><br>**ЦIердешнаш морфологически къастор.**<br><br>3. Билгалдош къамелан дакъа санна – 16 с.<br><br>**Билгалдешан маьIна а, грамматически билгалонаш а. Билгалдешан синтаксически гIуллакх.**<br><br>**Билгалдашо цIердашца бартбар. Лааме а, лаамаза а билгалдешнаш.**<br><br>**Мухаллин, юкъаметтигаллин билгалдешнаш.**<br><br>**Цхьадолучу билгалдешнийн терахь а, классан гайтам а.**<br><br>**Мухаллин билгалдешнийн даржаш. Дустаран дарж. ТIехдаларан дарж. Церан кхолладалар, суффиксаш.**<br><br>**Билгалдешнийн легарш. ТIеэцна** | Хаттарш даларца а, юкъарчу маьIница а цIердош къамелан дакъа санна довзар; цуьнан грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а билгалдаккхар.<br><br>Йозанехь долахьчу цIерашкахь доккха элп а, кавычкаш а нийса яхкар.<br><br>Къамелехь цIердешнийн дукхаллин терахьан форманаш кхоллар а, царах нийса пайда эцар а.<br><br>Къамелехь цIердешнийн грамматически классаш нийса билгалъяр; цIердешнаш бакъонца догIуш легор. ЦIердешнаш билгалдешнашца а, хандешнашца грамматически классашкахь нийса далор.<br><br>Констектаца йогIуш оьшуш йолу дожаран форма нийса кхоллар а, къамелехь цунах пайда эцар а.<br><br>Суффиксийн гIоьнца кхолладеллачу цIердешнех, тIекаре яран хьоле хьаьжжина, пайда эцар.<br><br>Нохчийн меттан цIердешнийн башхаллех кхеташ хилар.<br><br>Грамматически а, лексически а, орфоэпически барамаш (норманаш) тидаме а оьцуш, цIердешнех пайда эцар.<br><br>Барта а, йозанехь а цIердешнаш морфологически къастор.<br><br>МаьIница а, грамматически билгалонашца билгалдош къамелан дакъа санна къастор; цо кхочущден синтаксически гIуллакх билгалдар.<br><br>МаьIнашца а, грамматически билгалонашца а мухаллин а, юкъаметтигаллин а билгалдешнаш вовшех къастор.<br><br>Цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь билгалдешнийн дожарийн чаккхенаш нийса алар а, язъяр а.<br><br>Билгалйиначу морфологически билгалонашца билгалдешнаш тобанашка дIасадекъар.<br><br>Билгалдешнийн дустаран даржаш нийса кхоллар а, къамелехь уьш далор а.<br><br>Нохчийн меттан билгалдешнийн башхаллех кхеташ хилар.<br><br>Барта а, йозанехь а билгалдешнаш морфологически къастор.<br><br>Масаллин, рогIаллин, гулдаран терахьдешнаш довзар; оьшуш долу масалш далор. |

| | |
|---|---|
| **билгалдешнаш а, церан легар а. Чолхе билгалдешнаш, уьш нийсаяздар.**<br><br>**Билгалдешнийн кхолладалар. Чолхе билгалдешнаш нийсаяздар.**<br><br>**Билгалдош морфологически къастор.**<br><br>4. Терахьдош къамелан дакъа санна – 12 с.<br><br>**Терахьдешан маьIна а, грамматически билгалонаш а. Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш.**<br><br>**Масаллин терахьдешнаш. Лааме а, лаамаза а терахьдешнаш. Декъаран, дакъойн, гулдаран, билгалза-масаллин терахьдешнаш.**<br><br>**Цхьалхе а, чолхе а, хIоттаман а терахьдешнаш. Масаллин терахьдешнийн легар а, нийсаяздар а.**<br><br>**РогIаллин терахьдешнаш. Кхолладалар, легар, нийсаяздар.**<br><br>**Масаллин а рогIаллин терахьдешнаша цIердашца бартбар.**<br><br>**Терахьдош морфологически къастор.**<br><br>5. ЦIерметдош къамелан дакъа санна – 18 с.<br><br>**ЦIерметдешан маьIна а, грамматически билгалонаш а. Предложенехь цо кхочушден гIуллакх. ЦIерметдешнийн тайпанаш. ЦIерметдешнийн легар: цIердешнаш а, билгалдешнаш а санна дожаршца хийцалуш долу цIерметдешнаш. Яххьийн цIерметдешнаш цIерниг а, лач а дожаршкахь. Тхо, вай бохучу дукхаллин терахьан 1-чу юьхьан шина цIерметдашна юккъера башхо. Доладерзоран а, гайтаран а, къастаман а цIердешнашца терахьашкахь а,** | Терахьдешан морфологически билгалонаш къастор, синтаксически гIуллакх билгалдар.<br><br>Билгалйинчу билгалонашца терахьдешнаш тобанашка дIасадекъар.<br><br>Терахьдешнаш шайх тера долучу вукху къамелан дакъойх къасто хаар.<br><br>Аларехь а, яздарехь а, къамелехь а нийса пайда эцар масаллин, хIоттаман, дакъойн терахьдешнех; тайп-тайпанчу дожарийн форманашкахь уьш къамела юкъа далор.<br><br>Масаллин а, рогIаллин терахьдешнаш цIердешнашца къамелехь далор. Массо а тайпа терахьдешнаш кхоллар шардар, уьш шен къамела юкъа далор.<br><br>Терахьдешнаш нийсаяздаран хаарш карадерзор.<br><br>Барта а, йозанехь а терахьдешнаш морфологически къастор.<br><br>МаьIница а, хаттаршца а цIерметдош къамелан дакъа санна къастор; цуьнан грамматически билгалонаш а, цо кхочушден синтаксически гIуллакх а билгалдаккхар.<br><br>Билгалйиначу морфологически билгалонашца цIерметдешнаш тобанашка дIасадекъар.<br><br>Массо а тайпана цIерметдешнаш нийса дожаршца хийцар.<br><br>Яххьийн цIерметдешнаш цIерниг а, лач а дожаршкахь далор.<br><br>ЦIерметдешнаш юьхьан а, юьхьза а предложенешкахь, диалогехь, лач къамелехь далор.<br><br>Доладерзоран, хаттаран, гайтаран, къастаман, юкъаметтигаллин цIерметдешнех пайда эцар, уьш нийсаяздар шардар.<br><br>Тхо, вай бохучу дукхаллин терахьан 1-чу юьхьан цIерметдешнех пайда эцар шардар.<br><br>Хаттаран а, юкъаметтигаллин а цIерметдешнаш вовшех къасто хаар карадерзор.<br><br>Къастамза а, дацаран а цIерметдешнаш предложенешкахь далор.<br><br>Текстан дакъойн а, предложенийн уьйран гIирсах а санна цIерметдешнех пайда эцар; литературни, гIиллакх-оьздангаллин хатI (норманаш) ларъеш, шен къамела юкъа цIерметдешнаш далор.<br><br>Барта а, йозанехь а цIерметдешнаш морфологически къастор. |

| | |
|---|---|
| **дожаршкахь а бартбар. Хаттаран а, юкъаметтигаллин цIерметдешнашна юккъера башхо.**<br><br>**ЦIерметдешнийн нийсаяздар.**<br><br>**ЦIерметдош тавтологи ца хилийтаран предложенин уьйран гIирс санна.**<br><br>**ЦIерметдош морфологически къастор.** | Хаттарца а, юкъарчу маьIница а къамелан дакъа санна хандош къастор, грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а билгалдар.<br><br>Хандешан билгалзачу кепаца долу дешнийн цхьаьнакхетарш далор.<br><br>Хандешан спряженеш билгалъяхар. Вахаран, варан, волаваларан тайп-тайпанчу хандешнех пайда эцар.<br><br>Къамелехь йогIучу хенан шина а кепах пайда эцар.<br><br>Грамматически билгалонашца яханчу хенан хандешнаш билгалдахар; яханчу хенан кепаш нийса кхоллар а, язъяр; яханчу хенийн хандешнаша подлежащица терахьехь а, классехь а бартбар шардар.<br><br>Схьа а лохуш, билгала, тIедожоран, бехкаман-лааран саттамехь долу хандешнаш билгалдар, къамелехь царах нийса пайда эцар.<br><br>Шен лаам кхочушбаран Iалашонца тайп-тайпана тIедожоран а, лааран а кепаш харжар. |
| 6. Хандош къамелан дакъа санна – 25 с.<br><br>**Хандешан маьIна а, грамматически билгалонаш а. Грамматически категореш: хан, саттам, спряжени, грамматически класс, цхьаллин, дукхазаллин кеп, терахь (цхьадерш). Синтаксически гIуллакх.**<br><br>**Хандешан юьхьанцара кеп (инфинитив). Хандош кхолладаларан некъаш. Хандешан юьхьанцарчу кепан маьIна, грамматически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. Хандешан билгалзачу кепан суффиксаш: -а, -о, -ан, -ен, -он.**<br><br>**Хандешан хенаш. МаьIна а, пайда эцар а. Карара хан, йогIу хан:хила мега а, хин йолу а.**<br><br>**Яхана хан, цуьнан кепаш. 1-чу а, 2-чу а спряженийн хандешнаш. Орамера элпаш хийцадалар. Карарчу хенан хандешнийн чаккхенаш нийсаязъяр. Хандешан хила мега а, хинйолу а хенаш кхоллар тайп-тайпанчу хандешнех. Яханчу хенан кепаш кхоллар. Яханчу хенан чаккхенаш нийсаязъяр.**<br><br>**Хандешан цхьаллин а, дукхазаллин а** | ТIедожаран а, лааран а саттамехь долу хандешнаш хила езачу эшарца алар шардар. Цхьана саттамехь долу хандешнаш вукху саттамашкахь далор.<br><br>Лач дожаршкахь долучу цIердешнашца хандешнаш далор, яханчу хенан хандешан-сказуемин подлежащица бартбаран уьйр караерзор.<br><br>Хандешнийн чаккхенаш нийса язъян хаар карадерзор.<br><br>Хандешан терахьан а, дукхазаллин кепан башхаллех кхетар.<br><br>Хандешан латтамийн а, хаттарийн а кепаш билгалъян хаар, уьш караерзор.<br><br>Нохчийн меттан хандешан башхаллех кхеташ хилар.<br><br>Барта а, йозанехь а хандешнаш морфологически къастор.<br><br>Хаттарца а, юкъарчу маьIница а хандешан форма санна причасти къастор, грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а билгалдар.<br><br>Причастехь йолу билгалдешан а, хандешан а билгалонаш билгалъяхар.<br><br>Шайн формица цхьаьнадогIу билгалдешнаш а, причастеш, а вовшех къастор, цаьрца предложенеш хIиттор.<br><br>Причастин карчамашкахь сацаран хьаьркаш хIиттор |

**кепаш.**

**Цхьадолучу хандешнийн терахьащца а, классащца а хийцадалар.**

**Хандешан саттамаш (билгала, тIедожоран, бехкаман-лааран). МаьIна, кхоллабалар, пайда эцар, нийсаязбар.**

**Кхечуьнга довлу а, цадовлу а хандешнаш.**

**Хандешан латтамийн а, хаттаран а кепаш.**

**Хандош морфологически къастор.**

7. Причасти – 11 с.

**Причастин маьIна а, грамматически билгалонаш а.**

**Причастин хандешан а, билгалдешан а билгалонаш.**

**Причастин синтаксически гIуллакх. Причастин карчам. Причастин карчамехь сацаран хьаьркаш.**

**Причастин хенаш.**

**Лааме а, лаамаза а причастеш.**

**Причастийн легар, дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр.**

**Причастийн суффиксийн нийсаязъяр.**

**Причастин кхоллаялар.**

**Причастийн билгалдешнашка а, цIердешнашка а ерзар.**

**Дацаран дакъалг причастица нийсаяздар.**

**Причасти морфологически къастор.**

карадерзор.

Причастин карчамаш шайца болу предложенеш къамелехь ялор, шайца йогIуш йолучаьрца уьш хийцар (синонимични конструкцешца).

Бакъонца нийса причастеш кхоллар, билгалдечу дешнашца причастийн бартбар хила дезачу кепара хилийтар, дозаделлачу къамелехь царах пайда эцар.

Барта а, йозанехь а причастеш морфологически къастор.

Хаттарца а, юкъарчу маьIница а деепричасти къастор, грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а билгалдар.

Деепричастехь йолу куцдешан а, хандешан а билгалонаш билгалъяхар.

Деепричастеш нийса кхолла а, царах предложенехь пайда эца хаар карадерзор.

Деепричастин карчамехь коьрта дош а, цунах дозуш долу а дешнаш къастор, ткъа иштта деепричастин карчамца дозаделла хандош схьалахар. Шайн формица цхьаьнадогIу билгалдешнаш а, причастеш, а, деепричастеш а вовшех къастор, цаьрца предложенеш хIиттор.

Къамелан тайп-тайпана хотIаш (стилаш) тидаме а оьцуш, деепричастин карчамех шен къамелехь пайда эцар.

Барта а, йозанехь а деепричастеш морфологически къастор.

Юкъарчу маьIница масдар къастор, цуьнан грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а билгалдар.

Масдарш нийса кхолла а, царах предложенехь пайда эца а хаар карадерзор.

Масдарш дожаршца хийцар, церан чаккхенаш нийсаязъяр шардар, карадерзор.

Масдаран карчамашкахь сацаран хьаьркаш хIиттор шардар.

Масдаран карчамех къамелехь пайда эцар шардар.

Масдарца дакъалг ца нийсаздан хаар шардар, карадерзор.

Барта а, йозанехь а масдар морфологически къастор.

| | |
|---|---|
| 8. Деепричасти – 4 с.<br>**Деепричастин маьIна а, коьрта грамматически билгалонаш а.**<br>**Предложенехь цо кхочущден синтаксически гIуллакх.**<br>**Деепричастин куцдешан а, хандешан а билгалонаш.**<br>**Деепричастин хенаш.**<br>**Деепричастин карчам. Деепричастин карчамехь сацаран хьаьркаш.**<br>**Деепричастица дацаран дакъалг ца нийсаяздар.**<br>**Деепричасти морфологически къастор.** | Массо а тайпанара куцдешнаш довза а, церан морфологически билгалонаш а, цара предложенехь кхочущден синтаксически гIуллакх къасто а хаар карадерзор.<br>Куцдешнаш шайх тера долучу къамелан дакъойх (цIердешнех, билгалдешнех, терахьдешнех, цIерметдешнех, хандешан форманех) къасто хаар шардар.<br>Къамелехь куцдешнех нийса пайда эцар.<br>Куцдешнийн дустаран даржаш нийса кхоллар, уьш нийса шайн къамела юкъа далор.<br>Куцдешнашна синонимаш, антонимаш ялор, цаьрца дешнийн цхьаьнакхетарш кхоллар, къамелехь царах пайда эцар.<br>Барта а, йозанехьа куцдешнаш морфологически къастор кхочушдар. |
| | ДештIаьхьенийн тайпанаш довза хууш хилар, дештIаьхьенаш къамелан дакъойх къасто хаар.<br>ДештIаьхьенаш тайп-тайпанчу дожаршкахь долучу<br>цIердешнашца а, цIерметдешнашца а цхьаьна къамелехь ялор.<br>ДештIаьхье хьакъ долучу дожарехь нийса яло хаар шардар.<br>Барта къамелехь а, йозанехь а дештIаьхьенех нийса пайда эца хаар карадерзор. |
| 9. Масдар – 5 с.<br>**Масдар а, цуьнан грамматически билгалонаш а.**<br>**Масдаран терахь, классаш, кепаш.**<br>**Масдаран легар а, дожарийн чаккхенаш а.**<br>**Масдаран карчам. Масдаран карчамехь сацаран хьаьркаш.**<br>**Масдарца дацаран дакъалг ца нийсаяздар.**<br>**Масдар морфологически къастор.** | Шайн хIоттамца а, тайпанашца а, маьIнашца а хуттургаш йовза хаар карадерзор.<br>Хуттургаша билгалден маьIна къастор (цхьаьнакхетаран, карара).<br>ХотIан башхаллашка а, шайн маьIнашка а хьаьжжина, хуттургех нийса пайда эцар.<br>Къамелехь хуттургаш-синонимаш ялор.<br>Текстехь предложенеш вовшахтасаран Iалашонца хуттургех пайда эцар. |
| 10. Куцдош къамелан дакъа санна – 8 с.<br>**Куцдешан маьIна, грамматически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх. Куцдешнийн тайпанаш. Куцдешнийн даржаш а, уьш кхоллар а. Куцдешнийн** | Шайн хIоттамца а, тайпанашца а, маьIнашца а дакъалгаш довза хаар карадерзор, царах пайда эцар шардар.<br>Шен аларшна дакъалгийн гIоьнца тайп-тайпана маьIнаш |

**кхолладалар а (цIердашах, билгалдашах, терахьдашах, цIерметдашах, хандашах, цуьнан форманех), нийсаяздар а.**

**Куцдош морфологически къастор.**

11. ГIуллакхан къамелан дакъош – 9 с.

ДештIаьхье гIуллакхан къамелан дакъа санна -3 с.

**ДештIаьхье, цуьнан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх.**

**ДештIаьхьенан тайпанаш: меттиган, хенан, даран суьртан, Iалашонан, юкъаметтигаллин.**

**Къамелан дакъойх кхоллаелла а, йоцу а дештIаьхьенаш.**

**ДештIаьхьенийн нийсаязъяр.**

Хуттург гIуллакхан къамелан дакъа санна – 3с.

**Хуттурган маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх.**

**Цхьаьнакхетаран а, карара а хуттургаш. Предложенийн дакъош, меженаш а вовшахтосуш болу уьйран гIирсах санна текстехь хуттургех пайда эцар.**

Дакъалг гIуллакхан къамелан дакъа санна – 3 с.

**Дакъалган маьIна, цуьнан морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а.**

**Дакъалгийн тайпанаш.**

далар.

Дакъалгаш дешнашца бакъонца нийса яздан хаар шардар (къаьстина, дефисца).

Дакъалгашца йолу предложенеш къастош ешар.

Тайп-тайпанчу маьIнийн айдардешнаш шайн тайпанашца довза хаар.

Айдардешнашца тайп-тайпана маьIнаш, синхаамаш бовзийтар.

Къамелехь айдардешнаш эшарца билгалдар.

Предложенешкахь сацаран хьаьркашца айдардешнаш нийса билгалдар.

Исбаьхьаллин литературехь а, къамелехь а азтардаран дешнех муха пайда эцна тидамбар.

ГIуллакхан къамелан дакъош морфологически къастор.

<table>
<tr><td>Дакъалгаш нийсаяздар.<br>ГIуллакхан къамелан дакъош морфологически къастор.<br><br>12. Айдардош – 4 с.<br>Айдардашах лаьцна кхетам. Айдардешнийн маьIнаш. Айдардешнийн тайпанаш (маьIнашка хьаьжжина).<br>Айдардешнашкахь сацаран хьаьркаш.<br><br>Азтардаран дешнаш</td><td></td></tr>
<tr><td colspan="2">10-гIа дакъа. Синтаксис (75 с)</td></tr>
<tr><td>1. Дешнийн цхьаьнакхетар – 4 с.<br>Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а нохчийн меттан синтаксисан коьрта дакъош.<br>Дешнийн цхьаьнакхетаран дIахIоттам. Цхьанакхетаран а, карара а уьйраш. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран тайпанаш (бартбар, урхалла, тIетовжар).<br><br>2. Цхьалхе предложении – 40 с.<br>Цхьалхе предложенеш. Дийцаран, хаттаран, айдаран, тIедожоран предложенеш. Барта а (эшар, логически тохар, дешнийн къепе), йозанехь а (сацаран хьаьркаш, дешнийн къепе) предложени кечъяран гIирсаш.<br>Предложенин коьрта меженаш. Подлежащи: грамматически, логически. Сказуеми: хандешан цхьалхе, ц1еран х1оттаман, хандешан х1оттаман.<br>Предложенин коьртаза меженаш. Нийса а, лач кхачамаш. Берта а, бертаза а къастамаш. Меттиган, хенан, бахьанин,</td><td>Дешнийн цхьаьнакхетарх а, предложених а кхеташ хилар а, уьш вовшех къасто хаар а.<br>Предложенина таллам беш дешнийн цхьаьнакхетарш схьакъастор, дешнийн уьйран тайпа билгалдар.<br>Дешнийн цхьаьнакхетарш кхуллуш бартбарх, урхаллех, тIетовжарх пайда эцар, оьрсийн а, нохчийн меттанийн дешнийн цхьаьнакхетарш вовшашца дустар. Бартбарехь а, урхаллехь а дозуш долучу дешан кеп нийса ялор.<br><br>Предложенин грамматически бух билгалбаккхар.<br>Подлежащин, сказуемин тайпанаш билгалдар, уьш муьлхачу къамелан дакъойх хуьлу къастор.<br>Цхьалхечу а, чолхечу предложенешна юккъерчу башхаллех кхеташ хилар, уьш вовшех къасто хаар.<br>Аларан эшаре а, Iалашоне а хьаьжжина, ялочу предложенийн характеристика ялар.<br>Къамелехь тIедожаран, хаттаран, айдаран предложенех пайда эцар, маьIница билгалдан деза дешнаш озаца нийса алар.<br><br>Коьрта а, коьртаза а меженаш вовшех къасто хаар.<br>Цхьалхе предложени синтасически къасто хаар.<br>Текстехь цхьанахIоттаман тайп-тайпана предложенийн кепаш йовза хаар коьртачу меженан маьIних а, цуьнан</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| **Іалашонан, даран суьртан, бараман, бехкаман, дуьхьалара латтамаш.** | хиларх а; уьш шайн къамела юкъа ялор. |
| **Коьртазчу меженашца доьзна цхьалхечу предложенийн тайпанаш.** | Къамелехь берта а, бертаза а къастамех синонимех санна пайда эцар. |
| **ДІахІоттаме хьаьжжина цхьалхечу предложенийн кепаш: шинахІоттаман, цхьанахІоттаман. ЦхьанахІоттаман предложенийн кепаш: билгала-юьхьан, билгалза-юьхьан, юкъара-юьхьан, юьхьза, цІеран; церан башхаллаш, маьІна, синтаксически гІуллакх.** | Синтаксически синонимаш санна юьхьан а, юьхьза предложенеш ялор. Цхьалхе предложенеш вовшех къесто хаар. Юьззина йоцу предложенеш чолхечу предложенешкахь а, диалогехь а ялор. Юьззина йоцу предложенеш юьззина йолучаьрга ерзор. ЦІеран предложенеш меттиг а, хан а билгалъяран Іалашонца ялор. |
| **Юьззина а, юьззина йоцу а предложенеш.** | |
| **Чолхеяьлла цхьалхе предложени.** | Предложенешна юкъа цхьанатайпанара меженаш ялор, пунктуационни къастор дІадахьар. |
| **Цхьанатайпанарчу меженашца йолу предложенеш. Хуттургаш а, юкъара дешнаш а цхьанатайпанарчу меженашца йолучу предложенешца. Цхьанатайпанара а, цхьанатайпанара боцу а къастамаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш.** | Шакъаьстина меженашца йолучу предложенех кхетар, оцу предложенех къамелехь пайда эцар, пунктуационни къастор дІадахьар. |
| **Шакъаьстиначу меженашца йолу предложенеш. Шакъаьстина латтамаш, юххедиллар. Хенан а, меттиган а латтамийн дурсаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш.** | Шакъаьстиначу меженашца йоцучу а, чолхечу а предложенешца шакъаьстина меженаш шайца йолу предложенеш хийцар. |
| **ТІедерзарца йолу предложенеш. Предложенехь тІедерзаран меттиг. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш.** | Предложенехь подлежащи а, тІедерзар вовшех къасто хаар карадерзор. ТІедерзар диалогически а, монологически къамелехь, дохьуьйтучу кехаташ тІехь а, хаамашкахь а далор. |
| **Юкъадало дешнаш а, предложенеш а. Юкъадалочу дешнийн а, юкъаялочу предложенийн а маьІнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш.** | Юкъадало дешнаш а, предложенин меженаш а вовшех къасто хаар шардар. Тидам тІеберзоран а, тайп-тайпана синхаамаш бовзийтаран а, мах хадоран а Іалашонца юкъадалочу дешнех пайда эцар. Эшар а (интонаци), пунктуаци а ларъяр юкъадало дешнаш а, юкъаялийна конструкцеш а шайца йолучу предложенешкахь. |
| | Текстехь чолхе предложенеш йовзар, уьш цхьалхечух къасто хаар. Чолхечу предложенийн кепаш а, церан дакъош вовшахтасаран гІирсаш а билгалбахар. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьІнаш а, уьш вовшех йозаран гІирсаш а къастор. Сацаран хьаьркаш хІитторан бахьана довзийтар. Барта а, йозанан а къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайда эцар, уьш нийса сацаран хьаьркаш а |

| | |
|---|---|
| 3. Чолхе предложени – 20 с.<br>**Чолхе предложени. ДӀахӀоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн дакъош вовшахтосу гӀирсаш: эшар (интонаци), хуттургаш, хуттурган дешнаш. Чолхечу предложенийн кепаш.**<br>**Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш; дӀахӀоттам а, дакъош вовшахтосу гӀирсаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш. Сацаран хьаьркаш.**<br>**Чолхе-карара предложенеш; церан дӀахӀоттам. Чолхе-карарчу предложенехь тӀетухучу предложенин меттиг. Чолхе-карарчу предложенешкахь йолучу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тӀетухучу а предложенийн уьйран гӀирс: карара хутурgаш, хуттурган (юкъаметтигаллин) дешнаш. Сацаран хьаьркаш.**<br>**Чолхе-карарчу предложенийн кепаш (маьӀнашка хьаьжжина).**<br>**Кхачаман, къастаман, латтамийн тӀетуху предложенеш. Масех тӀетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш.**<br>**Хенан, бахьанин, Ӏалашонан, даран суьртан, бехкаман латтамашца йолу цхьалхе предложенеш изза тӀетухучу чолхечу предложенешца цхьаьнаяр.**<br>**Хуттургаш йоцу чолхе предложени а, цуьнан дӀахӀоттам а. Хуттургаш йоцучу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш. Хуттургаш йоцучу чолхечу предложенешкахь уьйран гӀирсаш: эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Хуттургаш йоцучу чолхечу предложенин а, цхьалхечу** | хӀиттош, эшарца схьаалар<br>Текстехь чолхе-карара предложенеш йовзар, схьахаржа хаар.<br>Чолхечу предложенехь коьрта а, тӀетуху а предложенеш билгалъяха хаар.<br>Чолхе-карарчу предложени юкъа йогӀучу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш къастор, уьш вовшахйозаран гӀирсаш билгалбар.<br>Чолхе-карарчу предложенин кеп а, коьртачу а, тӀетухучу а предложенийн уьйран гӀирсаш билгалбахар.<br>ТӀетухучу предложенин кеп а, цо дӀалоцу меттиг а билгалъяккхар.<br>Цхьалхечу предложенех масех тӀетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш кхоллар.<br>Къамелехь тайп-тайпанчу чолхе-карарчу предложенех пайда эцар, нийсачу эшарца уьш схьаалар.<br>МаьӀна а лардеш, цхьалхе предложенеш чолхечаьрга а, чолхенаш цхьалхечаьрга а ерзор.<br>Хуттургаш йоцучу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маьӀнаш къастор.<br>Кхачаман, бахьанин, бехкаман маьӀнехь йолу хуттургаш йоцу чолхе предложенеш оццу кепара йолучу цхьалхечу предложенех къасто хаар карадерзор.<br>Сацаран хьаьркаш хӀитторан бахьана довзийтар.<br>Хуттургаш йоцу предложенеш хуттургаш йолучаьрца хийцар, церан дӀахӀоттаман башхаллех кхетор.<br>Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш шен къамела юкъа ялор.<br>Тайп-тайпанчу кепара йолу чолхе предложенеш текстехь йовзар, уьш муьлха предложенеш ю хаар.<br>Сацаран хьаьркаш хӀунда хӀиттийна довзийтар.<br>Предложенехь ма-дарра къамел а, авторан дешнаш а билгалдахар; сацаран хьаьркаш хӀитторан бахьана довзийтар.<br>Диалог а, ма-дарра къамелаца йолу а предложенеш вовшех къасто хаар; диалог йозанан къамеле ерзор шардар. |

<table>
<tr>
<td>предложенин а цхьаьнаяр.<br><br>4. Нехан къамел довзийтаран кепаш – 7 с.<br><br>Ма-дарра а, лач а къамел, диалог, цитата. Ма-дарра а, лач а къамелаца йолучу предложенийн дIахIоттам. Сацаран хьаьркаш. Цитата къамела юкъа ялор, диалогехь а, цитата ялорехь а сацаран хьаьркаш.<br><br>5. Текст синтаксически дакъа санна – 4 с.<br><br>Текстехь предложенийн дIахIоттаман уьйран гIирсаш: дешнийн къепе, анафора, синтасически параллелизм, юх-юха алар.<br><br>Юкъара-юьхьан а, хаттаран а предложенеш текстан дакъойн уьйран гIирс санна.<br><br>Уьйран кепаш: зIенан хьесапехь а, параллельни а.</td>
<td>Ма-дарра къамелаца йолу предложенеш лач къамелаца йолучу предложенешка ерзор.<br><br>Шен йозанан аларна цитаташ юкъа ялор.<br><br>Уьйран гIирсийн гIоьнца текстерчу предложенийн маьIнаш билгалдахар.<br><br>Текстерчу предложенийн уьйран гIирсаш схьа а лохуш, билгалбахар.<br><br>Текстерчу предложенийн уьйран гIирсийн кепаш къастор.<br><br>Тайп-тайпанчу уьйран гIирсех пайда эцарца текст хIиттор.</td>
</tr>
<tr>
<td colspan="2">Культуроведчески хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам (20 с)</td>
</tr>
<tr>
<td colspan="2">1-ра дакъа. Къоман оьзданагалла маттахь а, къамелехь (20 с)</td>
</tr>
<tr>
<td>Мотт а, оьздангалла а вовшех йозаелла хилар - 20 с.<br><br>Нохчийн къамелан оьздангалла а,</td>
<td>Нохчийн а, оьрсийн къамелан гIиллакхийн башхаллех кхетар.<br><br>Къамелан гIиллакхечу кепех вистхиларехь пайда эцар.</td>
</tr>
</table>

| | |
|---|---|
| **цуьнан башхаллаш а.**<br>**Маттахь къоман истори а, культура а билгалъялар.**<br>**Къоман оьздангаллин маьIнашца йолу нохчийн меттан цхьааллаш.**<br>**Россехь дехачу къаьмнийн кицанаш а, аларш а. Россехь дехачу къаьмнийн меттанаша вовшашна бен тIеIаткъам.**<br>**Нохчийн къоман цIайш (деза денош), гIиллакхаш, ламасташ, пхьоланаш-говзаллаш (промыслаш).**<br>**Нохчийн къоман культуран гIарабевлла векалш.** | Къамелан оьздангалла а ларъеш, кхечу къаьмнийн векалшца диалог дIаяхьар.<br>Вистхиларехь а, къовсамехь (дискуссехь) гIиллакхах цавохар.<br>Шуьйра девзаш долучу нохчийн кицанийн, аларийн маьIна даста хаар, царах тера догIурш кхечу меттанашкахь а карор.<br>Къамела юкъа кицанаш а, аларш а далор.<br>Шен а, кхечу къаьмнийн а халкъан говзаллех (промыслех), цIайх, гIиллакхех, ламастех лаьцна дийцар. |

**2.2.2.4. Чеченская литература**

**Нохчийн литературан 5-9 классашна лерина**
**герггарчу хьесапехь йолу программа**
(Базисни планан 3-чу вариантаца йогIуш)

**Кхеторан кехат**

**Нохчийн литература –** юккъарчу классийн предметашна юккъехь коьртачарах цхьаъ ю. Нохчийн матто санна, цо а 1амадо бер шера а, нийса а яздан, аьтто бо юкъара кхиарехь а, г1иллакх-оьздангаллин мехаллаш т1ехь кхиош а. Х1окху предметехь кхиамаш бахаро таро ло берана юккъарчу школан вукху предметашца ларош деша.

**Юккъарчу школехь х1ара предмет 1амор т1ехьажийна хир ду х1окху 1алашонашка кхачарна:**

- кхетаме, нийса, шера къастош еша;
- ша йоьшучу текстан а, цуьнан чулацамца йолу шен юкъаметтиг а билгалйоккхуш болчу къастош ешаран коьртачу г1ирсех (соцунг1а, интонаци, маь1нин тохар, ешаран чехкалла) пайда а оьцуш, еша;
- дешаран книгин чулацамах кхиар, шенна справочни аппаратах пайда эца хаар (т1етовжар, корта, абзацаш и д1. кх. а.);
- исбаьхьаллин - кхолларallin а, х1ума довзаран а хьуьнарш шегахь кхиор, исбаьхьаллин произведенино шена бина т1е1аткъам шен синхаамашца бовзийтар;
- дешан исбаьхьалле йолу эстетически юкъаметтиг кхиор;
- исбаьхьаллин текстан г1ирсашца синъоьздангаллин мехаллаш юккъарчу классийн дешархошкахь кхиор;
- дика а, вуо а къасто хууш, кхидолчу къаьмнашка лерам болуш кхиор.

Юккъарчу школехь литературни ешаран коьрта 1алашо - иза шена оьшшу книга харжа хаарца а, и кхеташ ешарца а ша-шен терго яран дешар карадерзоран хьуьнарш шегахь кхиор ю. Цу г1уллакхана ох1ла хилар билгалдолу ешначух кхеташ, дика еша хаарехь, книгаш йовзарехь а, шенна харжа хаарехь а, шен синъоьздангалла лакхаяккхарехь книга оьшуш хиларх кхетам кхиъна хиларехь а.

Халкъан дахарехь мехала хазна ю ненан мотт, барта кхолларалла, исбаьхьаллин литература. Боккха никъ бу церан адамийн кхетам кхиорехь. Б1ешерашкахь адамашна юкъахь кхиъна г1иллакх – оьздангалла, беркате ламасташ, халкъан кхетам а, ойла а ю цаьрца. Ненан меттан литература шен чулацамца, исбаьхьаллин хормица дешархойн кхе кхетамна герга ю. Хууш ма – хиллара, кегийрхойн г1иллакх – оьздангалла кхиар юьхьанца къоман г1иллакхашца, ламасташца кхочуш хуьлу. Исбаьхьаллин дашо г1о до дешархой къоман эхь – бехкаца а, кхучу къаьмнийн культура лоруш а кхиорехь.

Исбаьхьаллин литература, шен ша – тайпана башхаллаш бахьнехь, 1аламат мехала ю дешархойн кхетам кхиорехь.Бакъйолу исбаьхьаллин произведени адамийн ойлане кхаьчна ца 1аш, синхаамашка а кхочу. Синхаамашкахула болу 1аткъам ч1ог1а а, лар юьтуш а хуьлу.

Исбаьхьаллин дашо дахаре безам кхуллу. Дешархой ойланаш стамъяр, церан синхаамаш ирбар, гинчух, лайначух лаьцна хецца д1адийца хаар кхиадо, сийлахь лоруш, сийсазчунна дуьхьал къийсам латторан ойла йолуш, къинхьегаман адамашка лерам болуш, кхечу къаьмнашца доттаг1аллин уьйраш йолуш кхиабо дешархой литература хьоьхуш.

Шен Даймохк 1алашбаран ойла йолуш, къомана юкъахь сийлахь дерг сийлахь лоруш, сийсазчунна дуьхьал къийсам латтор ойла йолуш, къинхьегаман адамашка лерам болуш, кхечу къаьмнашца доттаг1аллин уьйраш йолуш кхиабо дешархой литература хьоьхуш.

Т1аьххьарчу иттех шарахь вайн махкахь лаьттинчу юкъараллин хьелаша, ваьштта шозза т1ебеанчу т1амо инзаре даккхий зенаш дина вайн халкъана: эзарнаш адамаш дайина, г1аланаш, ярташ йохийна, къоман курьтура кхиаран кхерчаш х1аллакдина. Вешан мохк юха ц1инбаран, къоман культура кхиоран 1алашо ю вайна хьалха лаьтташ. Дайн ламасташца, къоман г1иллакх – оьздангаллица, иман долуш хилийтарна т1е а хьажийца кхион деза т1екхуьу чкъор.

## Предмет «Литература» 1аморан жам1аш

Хьехар оьрсийн маттахь долучу юьззина юкъарадешаран школа чекхйоккхучуьнгахь предмет «Литература» 1амочу хенахь хила деза **личностни жам1аш** ду:

-шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн Российски пачхьалкхан гражданин а ша хиларх кхеташ хилар;

-личностан синъоьздангаллин мехаллаш кхачаме ялор, дукхакъаьмнийн махке безам кхиор, нохчийн литературе (культуре), кхечу къаьмнийн культуре ларам кхиор;

-х1ума довзаран а, коммуникативни а декхарш кхочушдарехь хаамийн тайп-тайпанчу хьастех пайда эцар (словараш, энциклопедеш, интернет-г1ирсаш).

**Коьрта юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартана бина хийцамаш, Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 17-чу декабрехь 2010-чу ш. № 1897.**
**(т1еч1аг1дина Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствон омрица 31-чу декабрехь 2015-чу ш. № 1577)**

11.2. «Нохчийн мотт, нохчийн литература» 1аморан предметни декъо кхачо ян еза:

- шен ненан матте, литературе болу безам кхиор, къоман культуран 1алашъяран дакъа и дуй хууш;
- дешнийн т1аьхьало хьал долуш яр, дешархойн мотт бийцаран культура кхиор барта а, йозанан а къамелан норманашца, къамелан бакъонашца.

Нохчийн литература:

1) нохчийн литература ешар а, 1амор а ша кхин д1а а кхио оьшуш хиларх кхетар;
2) нохчийн литература къоман культурин коьртачу мехаллин дакъа хиларх кхетар, дахар довзаран шатайпана кеп санна;

3) къоман 1адаташ гойтуш йолу исбаьхьаллин произведенех кхетам кхиор

Хьехар оьрсийн маттахь долучу юьззина юкъарадешаран школехь предмет «Литература» 1аморан **метапредметни жам1аш** билгалдовлу:
-проблемех кхета а, гипотеза хьалха яккха а, коьчал структуре ерзо а, шена хетарг т1еч1аг1деш делил дало а, барта а, йозанан а аларшкахь бахьанин- т1аьхьалонан уьйраш билгалъяха а, жам1аш кепе дерзо а хаарехь;
-ша г1уллакхдар вовшахтоха а, цуьнан мах хадо а, шена самукъане хета болу гуо къасто а хаар карадерзорехь;
-ша г1уллакхдеш юстаран, дуьхь-дуьхьал х1итторан кепех пайдаэцарехь;
-тайп-тайпанчу хаамийн хьасташца болх бан, уьш лаха, талла, ша г1уллакхдарехь царах пайдаэца хаарехь;

Хьехар оьрсийн маттахь долучу юьззина юкъарадешаран школа чекхйоккхучеран **предметни жам1аш** лаьтта:
1) х1ума довзаран декъехь:
-барта кхоллараллин а, тайп-тайпанчу муьрийн нохчийн литературан произведенийн коьртачу проблемех кхетам хилар; и проблемаш нийса кепе ерзо хьуьнар хилар;
-произведени а, иза язъяран муьран уьйрах кхетар, цу произведенийн бухехь йолу хенан йохаллехь йовр йоцу синъоьздангаллин мехаллаш а, церан тахана а маь1не хилар билгалдаккхар;
-литературни произведенина таллам бан хаар: х1окху я оцу литературни родан а, жанран а произведени иза хилар билгалдан хаар; темех, идейх кхета а, кепе ерзо а, цуьнан синъоьздангаллин мехаллаш, турпалхойн амалш билгалъяхар, цхьана я масех произведенийн турпалхой буста, оьрсийн а, нохчийн а литературан произведенеш вовшашца юста;

- произведенехь сюжетан дакъош, д1ах1оттам, меттан суртх1отторан г1ирсаш къастор, чулацаман идейно-исбаьхьаллин аг1онаш билгалъяхарехь цара д1алоцучу меттигах кхетар (филологически талламан кепаш);
-литературни произведени толлуш юьхьанцара (элементарни) литературоведчески терминологи евзаш хила езар;
2) механллин-некъ бовзаран (ориентацин) декъехь:
-нохчийн литературан синъоьздангаллин механллашка кхачор, шен къоман синъоьздангаллин механллашца уьш юстар;
- нохчийн литературан произведенех лаьцна шена хетарг кепе дерзо хаар, церан мах хадор;
-1амийначу произведених лаьцна шен кхетам хилар;
-авторна хетачух кхетар, цунах лаьцна шена хетарг ала хаар;
3) коммуникативни декъехь:
-тайп-тайпанчу жанрийн литературни произведенеш нохчийн маттахь лерсаца а, цхьатера а т1еэцар, кхеташ ешар;
-текст т1ера цитаташ а ялош, меттан исбаьхьаллин г1ирсех пайда эцарца прозаически произведенеш я церан дакъош юхасхьадийца хаар; ладоьг1начу я ешначу текстан хьокъехь хаттаршна жоьпаш далар; барта монологически къамелан тайп-тайпана аларш кхоллар; шеца къамел деш волучуьнца оьздангаллин барамаш ларбеш, г1иллакхехь диалог д1аяхьар;
-1амийначу произведенийн тематикица а, проблематикица а йоьзна изложенеш, сочиненеш язъяр, ц1ахь а, классехь а йозанан белхаш кхочушбар, юкъара культуран а, литературни а теманашна рефераташ язъяр;
4) эстетически декъехь:
-дешан исбаьхьаллех (искусствох) санна литературах кхетар, эстетически кепара нохчийн литературан произведенеш т1еэцар; нохчийн исбаьхьаллин тексташ т1ехь исбаьхьаллин (эстетически) чам кхиор;
- эстетически г1уллакхдарехь нохчийн дашах, литературни произведенийн васташ кхуллуш меттан суртх1отторан исбаьхьаллин г1ирсаша д1алоцучу меттигах кхетар;
-меттан д1ах1оттаман а, нохчийн, оьрсийн литературан вастийн ситемийн башхаллашца а доьзна нохчийн а, оьрсийн литературан произведенеш вовшашца юста хаар.

**Коьрта чулацам**

**V- IX классийн программиийн х1оттам а, чулацам а.**
**Дешаран планехь х1окху предмето д1алоцу меттиг.**

**Белхан программа лерина 348 сахьтана шарахь, кIирнах 2 сахьт, 5 - 8 – чу классашкахь 35 белхан кIира, 9 – чу классашкахь 34 белхан к1ира.**

Юккъарчу ишколехь х1ара предмет 1амо билгалдинарг 348 сахьт ду:

5 - **чу классехь** - 70 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 35 белхан кIира;

6 - **чу классехь** - 70 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 35 белхан кIира;

7 - **чу классехь** - 70 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 35 белхан кIира;

8 - **чу классехь** - 70 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 35 белхан кIира.

9 - **чу классехь** - 68 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 34 белхан кIира.

Нохчийн литература (ша предмет йолуш) школехь 1амо йолайо V классехь. Юьхьанцарчу классашкахь дешаран урокашкахь кхолладеллачу хааршна т1е а тевжаш д1ахьо литература хьехар. Хакъан барта кхоллараллин а, исбаьхьаллин литературан а тоьлла произведенеш ю программийна юкъаяхийтинарш. Шайн чулацамах, маь1нех дешархой кхетар болуш, церан хенаца, хааршца йог1уш ю уьш. Цара таро лур ю дешархой г1иллакх долуш, Даймохк беза а, ларба а, хьаналчу къинхьегамехь дакъалаца а кийча болууш, кхидолчу къаьмнашка лерам болуш кхетош - кхион.

V – VI чу классийн программаш коьрта коьртадолчунна проблемно – тематически принцип ларъеш х1иттийна. Цуьнца дог1уш х1окху кепара бу церан х1оттам: кхузахь 1амо билгалйина хакъан барта кхоллараллин произведенеш, аьлча а, тайп – тайпана туьйранаш (халъан барта туьйранаш а, яздархоша кхоьллина туьйранаш а), наьртех долу дийцарш, иллеш, кицанаш, х1етал - металш, нохчийн тоьллачу яздархойн исбаьхьаллин произведенеш а.

К1орггера чулацам а болуш, тайп – тайпанчу жанрашкахь произведенеш ю программашна юкъаяхийтинарш. Уьш 1амош ненан метан хазаллина, произведенин исбаьхьаллина, адаман хьекъална, оьздачу сатийсамашна т1ебахийти беза хьехархочо дешархойн тидам.

V – чу классийн программашна юкъаялийна дешархошна ц1ахь еша магийна йолу произведенеш а.

VII – VIII классашкахь 1амош йолу материал д1анисъяр мелла а хенан рожехь, хронологица дог1уш нисдина. Яздархойн произведенеш 1амайо уьш язйинчу хенахь уьйр тосуш. Произведенехь гойтучу хиламех а, заманах а лаьцна дуьйцуш дешархойн таро хир ю х1етахьлера халкъан юкъараллин дахар довза.

«Нохчийн литература» предмето чулоцу х1ара дакъош: дешархочун «Ешарца доьзна г1уллакх», «Исбаьхьаллин текстийн буха т1ехь долу дешархойн кхоллараллийн г1уллакх», «Берийн ешаран гуо» яздархойн ц1ерш а йовзуьйтуш, дешархошна кху предметехула евзар йолу ерриге а произведенеш, хуьлийла уьш дийнна произведенеш я церан дакъош. Программи юкъа дог1у иштта кхидолу дакъош а: «Литературоведчески пропедевтика», «Библиографически культура», «Къамелан кепашца доьзна долу г1уллакхаш». Боккха тидам т1ебахийтина нохчийн матте ладог1ар декъана а. «Ешар» ц1е йолчу декъехь къаьсттина тидам т1е бахийтина къастош ешарна. Юьхьанцарчу классашкахь нийса а, шера а ешарехь карадирзинчу хаарша аьтто бийр дешархойн лакхарчу классашкахь литература йовзарехь а. «Дистхилар», «Йоза» дакъоша аьтто бийр бу барта а, йозанан а къамел кхиорехь. Боккха тидам т1е бахийтина вистхила хаарна а, къамелан оьздангаллина а, меттан исбаьхьаллин г1ирсаш караберзорна а.

**«Къамелан кепашца долу г1уллакхаш»** ц1е йолу дакъа къамелан кепаш йовзийтина ца 1аш, х1ума довзаран а, синъоьздангаллин, интеллектуальни, кхоллараллин г1уллакхаш чулоцуш а ду шена. И г1уллакхаш кхочушдо дешаран, 1илманан г1араевллачу, исбаьхьаллин тексташ т1ехь болх бечу хенахь. Ешарца, йоьшург т1еэцарца, исбаьхьаллин тексташ т1ехь болх барца цхьаьна кхочушхуьлу дешархочун синъоьздангалла,

кхолларалла кхиарца доьзна долу г1уллакхаш а. Исбаьхьаллин тексташ ешар бахьанехь карадирзина хаарш дерзадо дешархоша шаьш кхочушдечу кхолларалллин г1уллакхашка: къастош а, яххьашца а ешар, тардина дийна суьрташ кхоллар, инсценировкаш яр, барта а йозанца юхасхьайийцар шаьш ешна исбаьхьаллин произведенеш, тайп-тайпанчу теманашна барта а, йозанца а аларш кхоллар и д1. кх. а.

**«Берийн ешаран гуо»** декъехь кхочушхуьлу исбаьхьаллин тексташ харжаран принципаш. Царна юкъахь уггаре а мехала ерш ю: еша дог дар, йоьшучух кхеташ хилар, тематика, проблематика. Тексташ шайца к1орггера кхетош-кхиоран маь1на а долуш, тайп-тайпанчу жанрашкахь хила еза. Кхечу къаьмнийн произведенеш йовзийта а мегар ду, нагахь шайца цхьа пайден дерг дохьуш уьш елахь. Кху декъа юкъа дахана оьрсийн туьйранаш, г1арабевллачу оьрсийн яздархойн Л. Толстойн, Г. Скребицкийн, В. Бианкин, А. Гайдаран произведенеш.

**«Литературоведчески пропедевтика»** декъехь билгалбина исбаьхьаллин тексташ йоьшучу хенахь дешархой шайх хьакхалур болу а, бийцаре беш, шайна т1ехь болх бен болу а литературоведчески кхетамаш. Тексташ т1ехь болх бечу хенахь дешархойн карахь мехала г1ирс хилла д1ах1уьттур бу и литературни кхетамаш.

**«Библиографически культура»** декъо аьтто бо еша билгалйинчу литератури юкъара оьшу книга харжа хууш хилар кхиорехь, оглавлени, аннотаци карорехь, суьрташ деххина художник, автор билгалварехь, иллюстрацеш текстан хиламашца буозарехь, ткъа иштта 1амаво тайп-тайпанчу справочни материалашца болх бан.

**Коьрта чулацам**

**1-ра дакъа. Литература дешан исбаьхьалла санна**

Кхечу исбаьхьллашна юккъехь литературо д1алоцу меттиг. Дешан исбаьхьаллехь дахар исбаьхьаллин кепехь гайтаран башхалла.

Исбаьхьаллин литература дуьне довзаран, адаман синъоьздангаллин тайп-тайпаналлин дахар а, хьал а довзаран цхьа кеп санна; дахар исбаьхьаллин кепара гайтар. Эстетически чам а, синъоьздангалла а кхиорехь литературо бен т1е1аткъам.

**2-г1а дакъа. Халкъан барта кхолларалера**

Нохчийн халкъан туьйранаш (инзаре-тамашена, дахаран, дийнатийн)

Миф а, туьйра а. Туьйранийн тайпанаш. Дийнатийн васташ халкъан туьйранашкахь. Халкъан а, литературни а туьйранаш. Туьйранашкахь бакъдерг инзаре-тамашеначуьнца нисдар, васташ кхолларан башхалла.

Литературан кегийра жанраш (кицанаш, х1етал-металш). Кицанаш-хьекъале, доца аларш. Х1етал-металийн башхаллаш.

Нохчийн халкъан иллеш, эшарш а, шира дийцарш, хабарш, аларш.

Лирически а, турпалаллин а иллеш. Лирически иллийн къастамаш. Турпалхойн ойла лирически иллешкахь гучуялар. Турпалаллин иллехь къоман дахарехь маь1на долу г1уллакхаш, г1иллакхаш ч1аг1дар, къонахийн хьуьнарш хастаме деш дийцар,

мостаг1ашна дуьхьал къийсам латтор гайтар. Иллийн чулацам, д1ах1оттам, исбаьхьаллин башхаллаш. Иллешкахь бакъдерг толош, зуламениг эшош хилар.
Халкъан эшарш, церан чулацам а, маь1на а, тайпанаш а.
Исторически хиламаш я билггалчу наха лелийна г1уллакхаш дуьйцу дийцарш.
Билггалйолучу меттигех юьртах, ломах, рег1ах, хих, б1аьвнех) лаьцна дийцарш.
Наьрт-аьрстхойх лаьцна дийцарш. Вайн халкъо наьрташца латтийна къийсам.
1аьржа-Хожаг1арах дийцарш, церан башхаллаш. Иллешкахь турпалхочун васт. Дикачун, вочун кхъовсам. Гипербола фольклорехь.

**3-г1а дакъа 30-60-чу шерийн литературера**

**С. С. Бадуев**. Дахар а, кхоллаларалла а. С. Бадуевн кхоллараллин маь1на къоман литература, культура кхиорехь.
Дийцар «Зайнди». Йоза-дешар хууш хилар – керлачу дахаре болу некъ. Дийцаран васташ а, маь1на а.
Дийцар «1адат». Эхь-бехк лардарх хилла бохам. Дийцаран коьрта турпалхой а, маь1на а.
Дийцаран коьрта персонажаш а, маь1на а.
Повесть «Ц1еран арц». Повестехь социально-классови къовсам. Къовсаман маь1на а, повестан башхаллаш а. Коьртачу турпалхойн васташ: Кульдевич а, цунна т1аьхьа бозурш а, Хонмурд а, цуьнан доьзал.
Повесть «Бешто». Социальни харцо а, церан 1адаташ а повестехь емалдар. Бештон, Бусанин кхоллам. Повестан исбаьхьаллин аг1онаш а, маь1на а.

**1. Ш. Мамакаев.** Дахар а, кхолларалла а. Мамакаевн поэзино литературехь а, къоман культурехь а д1алоцу меттиг.
Стихотворенеш «Кавказан латта», «Сайн к1анте», «Йо1е», «Даге», «Берзан бекхам», «Садаьржаш».
Поэтан лирикин тайп-тайпана тематика а, проблематика а. Поэтан кхоллараллехь даймехкан, 1аламан суьрташ, цуьнан лирикехь безам а, доттаг1алла а, юкъараллин дахарехь поэтан декхарш а, поэзин меттиг а.
Поэма «Дагалецамаш». Поэмехь авторан 1аламе, Терке болу безам. Сирлачу кханенах лаьцна йолу дог-ойла, синхаамаш.
Поэма «Нохчийн лаьмнашкахь». Поэми т1ехь шира 1адат бахьана долуш къона дахар х1аллакьхилар гайтар. Поэмин стих а, меттан башхаллаш а.
Поэтан поэтически говзалла а, башхалла а.

**М. А. Мамакаев**. Дахар а, кхолларалла а.
Стихотворенеш «Даймехкан косташ», «Лаьмнийн дийцар, «Пондар».
Мамакаев поэзин философски чулацам, цуьнан лирикехь даймехкан, къоман историх лаьцна, патриотически, г1иллакх-оьздангаллин мукъамаш. Лирически турпалхочо стеган парг1атонах, сийх, Даймахках лаьцна ен ойланаш.

Дийцар «Баппа». Сутаралло а, деган куралло а элан даржах вохавар. Хьоло вузийна стаг нийсонах хедаш, г1иллакхах херлуш, хьекъалх оьшуш хилар, халкъ шен олаллин к1ел сацо цхьаьннан а ницкъ кхочург цахилар ч1аг1дар.

**Н. Д. Музаев**. Яздархочух лаьцна дош.
Стихотворени «Накъосташка». Яхь йолуш, оьзда, хьуьнаре, догц1ена хилар деза а, сийлахь ларар. Адамийн сакхте амалш емалъяр.

**М. А. Сулаев**. Дахар а, кхолларалла а.
Стихотворенеш «Ламанан хи», «К1анте».
Поэтан дог, дахар, ирс  Даймахкаца дозаделла хилар.
Дайн оьзда г1иллакхаш лардан дезар, шегахь дика амалш: яхь, собар, тешам кхио езар ч1аг1дар. 1аламан лирика. Даймехкан исбаьхьа, беркате 1алам 1алашдан дезар, цуьнца къинхетаме хила везар.
Поэма «Пхьарматан б1аьрхиш». Мифологин турпалхочун Пхьарматан б1аьргашца кху дуьнен т1ехь хилла а, хуьлуш болу а бохамаш поэми т1ехь гайтар. Къизаллина дуьхьал поэта ойъу дера аз, дуьнен т1ехь мел долучу зуламашца луьра къийсам латто безаш хилар ч1аг1дар.

**Х. Э. Эдилов**. Дахар а, кхоларалла а. Стихотворенеш «Ненан безам», «Сий делахь, латта».
Поэтан дахаре, 1аламе  болу безам, 1аламан дахарца экам хила везар ч1аг1дар.
Ирс къуьйсуш велларг сийлахь а, веза ларар.

**Б. С. Саидов**. Дахар а, кхолларалла а.
Литературни туьйра «Майра к1ант Сулима». Хьаналчу къинхьегаман маь1на гайтар а, хьоладайн писалла а, ямартло а емалъяр. Адамийн деган дикаллий, оьздангаллий, къинхетаме хиларрий хастор.
Стихотворенеш «Вина юрт», «Деган аз».
Хьоме мохк, граждански дог-ойла Б. Саидовн поэзехь.

**Х. Д. Ошаев**. Дахар а, кхолларалла а. Дийцар «Чайра», очерк «Иччархо Абу-Хьаьжа Идрисов».
«Чайра» дийцарехь кхолламо шен махках д1акъастийначу стеган  дай баьхначу лаьтте болу сатийсам, винчу махке болу безам гайтар. Стеган дахарехь Даймохк уггар сийлахь а, беза а, хьоме а кхерч хила безар ч1аг1дар.
Очеркан  жанр нохчийн литературехь. Очеркехь турпалхочун Идрисов Абу-Хьаьжин дагалецамаш а, цуьнан б1аьхаллин г1уллакхаш а.

**С. М. Курумова**. Яздархочух лаьцна дош.
«Дохк» («Дохк»  повеста т1ера кийсак). 1аламан суьрташ а, церан исбаьхьаллин декхар а. Ламанан 1аламан акхараллин хазалла.

**З. А. Муталибов**. Дахар а, кхоларалла а.
«Х1аллакьхиллачу динах лаьцна илли».
З. Муталибов – поэт-т1емало. Цуьнан кхоллараллехь т1еман тема. Къизаллина дуьхьал поэта ойъу дера аз.

**4-г1а дакъа. 60-80-чу шерийн литературера**

**А. С. Сулейманов.** Дахар а, кхоллаauthor а.

Стихотворенеш «Борз ю уг1уш», «Шуьнехь дош», «Дог доxден ц1е».
А. Сулеймановн поэзин романтизм. Поэтан лирикехь къонахаллин а, оьздангаллин а тема. Къоман эхь-бехк лардеш волу цуьнан лирически турпалхо.
**Поэма «Дахаран генаш».** Маьрша Даймохк, тешаме доттаг1алла, къонахалла, бартболу доьзал – поэмин коьрта теманаш. Таханлерчу дахарехь г1иллакх-оьздангаллица доьзна кхачамбацарш 1орадахар, цаьрца къийсам латто безар.

**1-Хь. Х. Хамидов**. Дахар а, кхолларалла а.
Дийцар «Д1а-коч, схьа-коч», турпалаллин драма «Лийрбоцурш».
1-Хь. Хамидов-яздархо-сатирик, драматург. Беламе дерг (юмор) нохчийн литературехь. Шира бухадисиначу г1иллакхашца, 1адаташца къийсам латтор – яздархочун-сатирикан кхоллараллин коьрта теманаш. Адамийн амалшкахь сакхтениг емалдаран говзалла.
Нохчийн литературехь драмин жанр. Драматически къовсамах кхетам. Т1еман тема драматургехь. Даймохк ларбечеран доьналла а, турпалалла а.
Даймехкан парг1ато, сий лардеш дахарш д1аделлачу б1аьхойн сий-ларам бан безар, т1амна дуьхьало ян сема а, кийча а хила везар ч1аг1дар пьесехь. Драмин турпалхойн васташ.

**Р. С. Ахматова**. Дахар а, кхолларалла а. Стихотворенеш «Лийрбоцурш», «Ма хала ду цунах кхета»
Поэтессин кхоллараллехь лирически тема, даймахке а, иза ларбеш болучаьрга а болу безам.

**1. Э. Гайсултанов**. Дахар а, кхолларалла а.
Дийцарш «Нийса кхел», «Кегий йийсарш», «Алдара Ушурма» («Александр Чеченский» повеста т1ера дакъош), басня «Барзо амалш ца хуьйцу», повесть «Болат г1ала йожар».
1. Гайсултанов – нохчийн берийн литературан бухбиллархо. Гайсултановн кхоллараллин коьрта теманаш а, проблематика а.
Дийцар «Нийса кхел». Дийцаран социальни проблематика. Бакъдерг харцонал тола дезар ч1аг1дар. Дийцаран халкъан барта кхоллараллин амал.
Дийцар «Кегий йийсарш». («Александр Чеченский повеста т1ера дакъа)- Дийцарехь т1амо берийн дахаре беана бохам гайтар. Т1еман къизалло адамийн дахаре шеца дохьург емалдар.

Дийцар «Алдара Ушурма» («Александр Чеченский повеста т1ера дакъа). Дийцаран исторически бух. Маршонехьа болу къийсам, шен мохк, дин мостаг1чух лардар, церан дуьхьа вала а кийча хилар. Исторически бакъдолучунна т1ехь кхоьллина васт.
Баснин жанр нохчийн литературехь. «Барзо амалш ца хуьйцу» баснин дидактически хьажам, адамийн амалш цу т1ехь емалъяр.
«Болат-г1ала йожар» повестан исторически бух. Маьршачу наха талорхошна дуьхьал, шайн парг1атонехьа латтийна къийсам. Дикачу к1енташа халкъ вовшахтухуш, иза маршоне кхачор. Повестан коьрта турпалхой а, васташ а.
**Ш. А. Арсанукаев**. Дахар а, кхолларалла а. Стихотворенеш «Баьпкан юьхк», «Мохкбегор», «Ийманах дузийта дегнаш».
Поэтан-лирикан Ш. Арсанукаевн кхолларалаллехь патриотизман а, гуманизман а ойланаш.
1аламца а, ялтанан кхачица а къинхетаме хилар дехар, нохчийн халкъ иймане далор доьхуш, поэта Деле ден до1анаш. К1орггера кхетам, оьзда лаамаш болу лирически турпалхо. Дуьненах, 1аламан аьрхачу хазаллех, дахарх лаьцна цо ен ойланаш, а, адаман ирсехьа къийса иза кийча хилар а.
Повесть «Тимуран тур». «Тимуран тур» стихашкахь язйина повесть, цуьнан исбаьхьаллин къастамаш. Къоман парг1ато еза ларар, мостаг1ашна дуьхьал къийсам латтийначу турпалхойн васташ. Халкъан парг1атонехьа болучу буьрсачу т1еман суьрташ.

**А. А. Айдамиров**. Дахар а, кхолларалла а. Стихотворени «Вина мохк», дийцар «Мух1ажарш» («Еха буьйсанаш» романан дакъа)
Даймехкан тема нохчийн литературехь. Даймехкан беркатечу ницкъах тешар, ирс Даймахкаца дозар.
Паччахьан 1едалан ямартло а, мух1ажарийн кхолламан дега1ийжаме мукъамаш а.

**М-С. Гадаев**. Дахар а, кхолларалла а. Стихотворенеш «Дарта», «Орцара г1ов».
Поэтан са 1аламан дуьненца д1аэр. Ницкъ, доьналла а, г1орасизалла цхьана сибатехь. Поэтан говзалла дарта олхазаран хьал довзийтарехь.
Дийцар «Ирча суьрташ». Дийцарехь тоталиризман шерашкахь нохчийн халкъан трагеди. 1аламан суьрташа ирча кхаъ къаьхьачу 1аткъаме берзор.

**М. Мусаев**. **Литературни туьйра. Литературни туьйра халкъачух къастош дерг.**
Яздархочух лаьцна дош. Литературни туьйра «Ц1ен маьхьси»
Хьекъал ямартлонал, тешнабехкал, сонталлел тола дезаран ойла ч1аг1яр. Нахана даькххиначу ор чу ша оьккху. Туьйранан оьрсийн туьйранца цхьаьнадог1ург.

**Хь. Б. Саракаев.** Дахар а, кхолларалла а.
Дийцар «Баьпкан чкъуьйриг». Хьаналчу къинхьегамо лакхадоккху стеган сий. Баьпкан сий-пусар дан дезар ч1аг1дар.
Дийцар «Ирсе б1аьрхиш».Вайна к1ант карийначу ненан ирсе б1аьрхиш. Ненан безам боккха а, мерза а, аьхна а хилар.

**Ш. Х. Окуев.** Дахар а, кхолларалла а. Стихотворенеш «Сан хьоме Нохчийчоь», «Б1аьсте».
Лирически турпалхочун синмерзаш довзуьйту 1аламан суьрташ. Поэтан даймахкаца бозабелла синхаамаш.
Дийцар «Мацалла» («Т1аьххьара верас» романан дакъа). 20-чу б1ешеран юьххьехь ламанан ярташкахь кхолладелла социальни хьелаш. Нохчийн халкъ комаьрша, къинхетаме хилар, мацалло г1елбина кхечу къаьмнийн векалш дегалазамца т1еэцар. Оцу шерийн 1ер-дахар, ламасташ гайтар, къомо шен яхь, юьхь ларъяр. Жаьмбиган, 1алсолтин, Шемалан васташ.

**Хь. Д. Сатуев.** Дахар а, кхолларалла а. Стихотворени «Лаьмнийн къоналла», басня «Ломмий, цхьогаллий».
1алам поэтан кхетамехь а исбаьхьаллин суртх1отторехь а.
Адамийн сакхташ баснехь емалдар. Лоьман васт нохчийн литературехь.

**1. Х. Шайхиев**. Дахар а, кхолларалла а.
**Стихотворенеш «Куйнах дош», «Безаман декхар».**
Къоман г1иллакхаш, ламасташ, синъоьздангаллин мехаллаш поэтан поэзехь.
Даймахкана, халкъана даим г1уллакхдеш вагаран синхаамех юьзна поэзи.
Коьртарчу куйнаца лардина сий. Поэзин фольклоран бух.
Б1ешерашкахь вайн дайша схьадеана низаман ламаст лардаран маь1на, къонахчун ц1е еза а, сийлахь хилар ч1аг1дар.
**Ч1аг1о (баллада**). Легендин буха т1ехь кхоьллина баллада. Къонахчо делла дош кхочушдан дезар, тешаме ч1аг1о хила езар ч1аг1дар.
**Стихашкахь поэма «Лазаман лорах».** Нуьцкъаха ц1ера ваьккхиначу лирически турпалхочун шен махке, халкъе, ненан матте болу безам, деган 1ийжам. Дайн кешнех, дайн иллех, шина Даймахках (Дег1аста, Г1ирг1азойн мохк) цо ен ойланаш.

**М. Д. Дикаев**. Дахар а, кхолларалла а. Стихотворенеш «Къинхетаме Нохчийчоь», «Нохчо ву со».
Даймахках, халкъах дозалла дар. Дикаевн поэзехь яхь, къоман оьздангалла, патриотически синхаамаш, къоман хиндерг ирсе хила лаар.

**Мовла Ясаев**. Яздархочух лаьцна дош.
«Хьоме юрт» повесть (дакъа). «Тянь-Шанан лаьмнашкахь».
Адамийн вовшашца йозаелла ира меттигаш а, ч1ир йитаран 1адат а. Даймахке, хьомечу юьрта болу сатийсам. Парг1атонан, маршонан марзонан мах. Лох-Беташан, Дажмалдинан, Серижин, Джанхотан васташ.

**1. А. Ахмадов**. Яздархочух лаьцна дош.
Дийцар «Къонахалла». Турпалхочун амалш, халонаш дуьхьал нисъелча цо шегара гайтина доьналла, ша-шена т1ехь баьккхина толам.

Дийцар «Воккха дада». Къизачу акхараллица т1амо х1аллакдина бералла. Т1амо шеца беъна бохам а, къизалла а. Деден а, йоь1а йоь1ан а васташ. Дийцарехь диалого д1алоцу меттиг.

**С. А. Гацаев**. Поэтах лаьцна дош.

**Стихотворенеш «**Дарц», «Буьйса хаза. Буьйса тийна…», «Шеме ю-кх хьо, Нохчийчоь…», «Хьаннийн белхар».

Гацаевн лирикехь пейзаж. 1аламан аьрха хазалла а, дарц даларан ма-дарра х1уттуш долу сурт гайтаран говзалла а.

Аьхначу 1аламах, иза лардан дезарх, хьомечу махках лаьцна йолу поэтан ойланаш. Лирически турпалхо вочунна дуьхьал вала кийча хилар, цуьнан тайп-тайпана синх1оттам. Стихотворенийн ритмически тайп-тайпаналла а, церан мукъаме хилар, уьш халкъан поэзина герга хилар. Поэтан лирикехь исбаьхьаллин суртх1оттош долу басарш.

Литературни туьйра «Чкъоьрдиг». Халкъан туьйранан бахьанан а, вастан а буха т1ехь кхоьллина туьйра. Ешап-экханан а, Чкъоьрдиган а къовсам. Чкъоьрдига ша-шена а, Ешапна а т1ехь баьккхина толам.

**Д. Д. Кагерманов**. Яздархочух лаьцна дош.

Дийцар «Доттаг1алла». Дийцаран г1иллакх-оьздангаллин проблематика. Къоначу турпалхочун г1иллакх а, воккхачу стеган оьздангалла а.

**5-г1а дакъа. 80-90-чу шерийн литературера**

**1. К. Дадашев.** Яздархочух лаьцна дош.

Дийцар «Дайна бер». Ширачу заманахь дуьйна схьадеъна къоман оьздангаллин ламасташ х1инцалерчу дахарца къовсаме довлар. Къоначу наноша воккханиг лараран хьокъехзь долу къоман ламаст ларар а, цуьнан маь1на а.

**Ш. Р. Рашидов.** Дахар а, кхолларалла а.

Стихотворенеш «Т1амна дуьхьал довла», «Даймохк».

Т1амна дуьхьал къийсам латто безар кхайкхор.

Даймехкан тема поэтан кхоллараллехь – коьрта тема. Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.

Поэма «Ден весет». Къоначу т1аьхьенгахь хила еза синъоьздангаллин мехаллаш. Стеган халкъаца, шен махкаца хила еза юкъаметтигаш билгалъяхар.

**М. М. Кибиев**. Яздархочух лаьцна дош.

Стихотворенеш «Меттан сий», «Дош».

Нохчийн мотт Даймехкан билгало санна. Меттан дозалла, ца дойтуш цуьнан сий дан дезар.

Дашна-гимн. Дешан дозалла: цо бан тарлуш болу цатам а, цунах долу беркат а.

Басня «Зов». Баснин жанр нохчийн литературехь. Адамийн сакхте амалш емалъяр. Х1иллано духатуху х1илла.

**Ж. М. Махмаев**. Яздархочух лаьцна дош.
Дийцар «Буьйсанна г1улчаш». Дийцаран турпалхочун чоьхьара монолог беран синъоьздангаллин дуьне кхолларан г1ирс санна. Цуьнан коьрте хьийза карзахе ойланаш а, накъосташа иза нийсачу новкъа ваккхар. 1аламца хила еза юкъаметтигаш йовзийтар.
Стихотворени «Баьпкан 1аьржа юьхк». Стихотворенехь къинхетам, доглазар-дахаран лаккхара мехаллаш хилар ч1аг1дар.

**С. С. Яшуркаев**. Яздархочух лаьцна дош.
**Дийцар «Напсат**». Халкъан бохамна т1ехь сайоккхурш емалбар. Напсатан васт-Г1ум-Азехь бисинчийн цатуьйн лазам. Дийцарехь дахаран бакъдерш.
**Дийцар «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх».** Даймахках баха бакъо йоцурш – мискачарал миска, декъаза нах. Сийлахь Нохчийчоь оьздачу йоь1ан куьцехь гайтаран бахьана а, маь1на а. Боцца мур чулоцучу хиламашкахула Мадин дахар а, халачу хьелашкахь кхуьуш йолу цуьнан амал а к1орггера йовзийтар, цуьнан кхоллам халкъан кхолламах бозабелла хилар.

**А. Д. Осмаев**. Яздархочух лаьцна дош.
Дийцар «Гила борз». Адаман а, гила берзан а къовсам психологически говзаллица гайтар. Доьналлин сий-ларам а, дозалла а дар.

**Хь. Х. Сайдуллаев**. Поэтах лаьцна дош.
**Поэма «Ненан б1аьрхиш».** Легендин буха т1ехь поэма. Поэмин турпалаллин-патриотически шовкъ (пафос). Даймохк мостаг1чух ларбар, цуьнан дуьхьа вала кийча хилар. Турпалаллин иллийн турпалхойн амалш ден-ненан к1ентан амалехь. Поэмин турпалаллин а, трагедин а мукъамаш. Йохьан а, декхаран а проблема ястаран башхалла. К1ентан а, ненан а доьналла.

**С-Хь. М. Нунуев**. Яздархочун дахар а, кхолларалла а.
Дийцар «Хьайбаха». Ламанан к1отаршкахь НКВД-с д1акхехьна политика а, акхараллин, къизаллин суьрташ а. Сталинан хьадалчаша шайна х1оттийначу жоьжахатех ламанхой яхьах ца бухуш, доьналлица чекхбовлар.
Дийцар «Лазийна шовда» Кхоам боцуш х1аллакдечу 1аламна орца дехар. 1аламан дахарна к1оршаме юкъаг1ертар-жил1аламан законаш талхор.

**Л. Ш. Абдулаев**. Поэтах лаьцна дош.
Поэма «Маьлхан каш». Поэми т1ехь юккъерчу б1ешарахь хилларг а, халкъан дахарехь маь1не долу г1уллакх а, иза кхочушдечу турпалхочух лаьцна а дийцар. Поэма – шех дала тарлучу вонах нах маьрша буьтуш, маьлхан кешнашка д1а мел вахначунна гимн.

**Л. Яхъяев**. Яздархочух лаьцна дош.
Дийцар «Даркеш» («Гиххойн Таймасха» роман т1ера дакъа).
Дайн шира ламаст дийцаран бухехь. Вала гергавахнарг я толур воцуш ун кхеттарг тускар чохь маьлхан кешнашка вахьаран г1иллакх. И г1иллакх лардаро Даркешна бина т1е1аткъам. Ден а, Даркешан а юкъаметтиг гайтаран башхалла.

**1-Хь. А. Хатуев**. Поэтах лаьцна дош.
Стихотворени «Аьрзунан илли». Стихотворенин патриотически бух, синъоьздангаллин проблематика. Дуьнен т1ехь даха кхоьллиначу адаман мах беза хиларан, дахар лардан дезаран ойла кхиор. Вовшашца йолу юкъаметтигаш дог-мерза, ийна хила езар. Кхерчара ц1е санна, дайн ц1ена г1иллакх, ях даим ларъян езар ч1аг1дар.

**М. Э. Бексултанов**. Яздархо – дийцар жанран говзанча.
Дийцар «Цакхетта хестор». Аьхна, исбаьхьа, беркате 1алам а, цуьнца къинхетаме хила везар а. Джабраилан а, цуьнан денден а 1аламца йолу юкъаметтигаш гайтаран башхалла.
Дийцар «Некъ лацар». Дайшкара схьадог1у оьзда г1иллакхаш ширдала, диццала йиш цахилар, уьш лардан дезар – вайн декхар. Т1екхуьучу т1аьхьено дайн ламаст цалардаро дендена, к1ентан к1антана бина т1е1аткъам а, цуьнан т1аьхьало а.
Дийцар «1аламат». Дийцарехь т1екхуьу чкъор дайн г1иллакхашна, оьздангаллина хердаларан а, дайн ламасташ лардан дезаран а проблема.
Элдархин доьзалера сингаттам – къоман сингаттам а хилар ч1аг1дар.
Дийцарна юккъехь масалш-киценаш а, церан маь1на а. Элдарханан а, Тайбатан а васташ.
Дийцар «Дика ду-кх хьо волуш» Дийцаран турпалхо, цуьнан шен деца йолу юкъаметтигаш. К1ентан шен дега болу лерам а, дена а, к1антана юккъехь хила еза г1иллакх-оьздангалла
Дийцар «Папка». Сатира. Юмор. Дийцарехь беламе а, сингаттаме а дерг. «Харцнийсо», шел лакхарчарна хьеставалар емалдар. Хьакъдолучун проблема а, сатирически беламе даккхар шел лакхарчарна хьеставалар, даржехь болучарна суждане эхар. Беламе суртх1оттош болу г1ирсаш.

**М. М. Ахмадов**. Дахар а, кхолларалла а.
Дийцар «Телефон». Дийцарехь жимачу турпалхочун дуьне а, дахар а, шен доттаг1чунна накъосталла дан и кийча хилар.
Повесть «Мохк бегийча». Повестехь адамашна юккъера уьйр-безам херлуш хилар, г1иллакхаш д1адовлуш хилар гайтар. Халкъан бохамна т1ехь саяккхар емалдар. Эшначохь адамаш вовшашна орцахдовла кийча хилар деза а, сийлахь а ларар. Коьрта турпалхой а, церан васташ а.

**А. Т. Исмаилов.** Яздархочух лаьцна дош.
Литературни туьйра «Бирдолаг». Барт а, цхьаалла а акхараллел, сонтачу кураллел, ницкъал тоьлуш хилар ч1аг1дар. Лоьман олалла дожоран маь1на. Деган дикаллий,

оьздангаллий, къинхетаме, тешаме, накъосталла дан кийча хиларрий хастор, ямартло, стешхалла емалъяр. Акхаройн дахар адамийн дахарца дустаран маь1на.
**Ю. С-А. Яралиев**. Поэтах лаьцна дош.
Стихотворени «Кад». Хьанал къинхьегам а, стеган говзалла а къобалъяр. Адаман дахар а, цуьнан кхоллам а. Стихотворенин философски маь1на.

**А. Д. Бисултанов**. Поэтах лаьцна дош.
«Хьайбахахь язйина байташ» (Хьайбахахь багийначийн назма. Багонза бисиначийн назма). Стихотворенеш «Дег1аста»
Хьайбахахь къизаллин акхариллаца х1аллакбиначу лаьмнийн к1отаршкарчу нахана яьккхина назма.
Сийна Сибрехара шайн махка ц1абоьрзучу вайнехан сатийсамаш, дог-ойла.
Стихотворенеш «Дег1аста», Нохчийн халкъан илланчина» Азаллехь дуьйна къизачу ницкъана юьх-дуьхьал лаьтташ схьабеанчу Даймахкана хастамбар. Къоман парг1ато еза ларар. Стихотворенин патриотически маь1на.
Стихотворени «Нохчийн халкъан илланчина».
Кху лаьтта т1ехь халкъан иллин, халкъан илланчийн, къонахчун мах лакхара хилар ч1аг1дар.

**В-Хь. Х. Амаев**. Яздархочух лаьцна дош.
Дийцар «Малх чубаре хьоьжура иза». Халкъан дахарехь хиллачунна т1ехь дийцар. Халкъ махках даккхар а, х1аллакдина бералла а. Жимачу к1ентан вагон чохь д1адоьду дахар гайтаран башхалла. К1ентан а, ненан а васташ.
Дийцар «Генарчу денойн туьйра». Халкъан ламаст дийцарехь. Вайн дайша лардеш схьадеъна ламаст кхочушдар. Кхиъна ваьллачу к1антана ден доттаг1чо шаьлта яларан маь1на а, х1инца дуьйна цо кхочушдан деза декхарш а.

**6-г1а дакъа. Кхечу къаьмнийн литературера**

Ладо Авалиани. Яздархочух лаьцна дош.
Дийцар «Хьаькхна буц». Машар а, адамалла а деза а, сийлахь а хилар ч1аг1дар. Багратионан майралла а, нохчийн т1емалойн лаккхара оьздангалла.

**7-г1а дакъа. Обзорни теманаш**
**Нохчийн литературан юьхь йолийнарш**
Дуьххьарлерчу яздархойн Дудаев 1абдин, Сальмурзаев Мохьмадан, Нажаев Ахьмадан, Айсханов Шамсуддинан кхолларалла.
Церан произведенийн коьрта теманаш а, проблематика а. 1. Дудаевн, Нажаев Ахьмадан поэзи 1аьрбийн поэзин т1е1аткъамца кхуллуш хилар. Йоза-дешар даржоран, юьртбахам кхиоран, Даймохк мостаг1чух ларбаран, къинхьегаман теманаш айъар.
Церан кхоллараллин маь1на.
**Нохчийн литература 40-50 шерашкахь кхиаран хьелаш.**

40-50 шерашкара литература. Халкъ махках даккхар а, литература а, искусство кхиарехь сецна лаьттина мур а, цуьнан т1аьхьало а.

Нохч-Г1алг1айн республика меттах1оттийначул т1аьхьа литература денъялар, юха а кхиа йолаялар. Литературан юьхь йолийначу а, керла юкъабаьхкиначу а яздархойн кхолларалла. (С-Б Арсанов, М. Мамакаев, Н. Музаев, Х. Ошаев, М-С. Гадаев, Х-М. Эдилов, М. Сулаев, А. Айдамиров, А. Сулейманов, Р. Ахматова, Ш. Арсанукаев). Произведенешкахь х1итточу проблемашца, жанрашца литература шоръялар, кхолларallехь яздархойн исбаьхьаллин говзалла кхиар.

Прозехь, поэзехь, драматургехь тоьлашха йолу произведенеш обзорни кепехь йовзийтар. Царех 5-6 произведени (шаьш харжарца) классехь йийцаре яр.

**Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттиначу шерашкахь (1941-1945).**

Даймохк мостаг1чух ларбаран тема. 1. Мамакаевн, М. Мамакаевн, М. Сулаевн, Х-М. Эдиловн, М-С. Гадаевн, З. Муталибовн, С. Гацаевн, Ш. Рашидовн, Х. Ошаевн, Хь. Саракаевн кхолларалла.

Т1еман халачу хьелашкахь халкъан турпалалла а, патриотизм а, б1аьхойн дог-ойла а, хьуьнарш а.

**Х1инцалера литература кхиаран коьрта башхаллаш.**

Х1инцалерчу яздархойн кхоллараллин коьрта теманаш а, жанраш а. (С-Б. Дакаев, Ш. Макалов, Хь. Талхадов, Г1. Алиев, Ш. Цуруев, З. Сулейманова, М. Айдамирова, Л. Ибрагимов, Б. Гайтукаева, 1. Яричев, С-Хь. Тагаев, 1. Юсупов, Канта Ибрагимов). Церан произведенеш (шаьш харжарца) йийцаре яр.

**8-г1а дакъа. Литературан теорех болу хаамаш.**

Исбаьхьаллин литература дешан говзалла (искусство) санна. Халкъан барта кхоллараллин башхаллаш. Цуьнан халкъан 1ер-дахарца йолу уьйр. Нохчийн фольклоран жанраш. Турпалалла бохучух халкъан болу кхетам. Нохчийн фольклорехь халкъан ламасташ гайтар, дика а, вуо бохучух лаьцна кхетам балар. Халкъан фольклорехь 1аламо д1алоцу меттиг. 1ер-дахар, доьзал, пачхьалкх, патриотически дог-ойла нохчийн фольклорехь. Халкъан барта кхолларалло литература кхиарна бина т1е1аткъам а, царна юккъера уьйр а.

Фольклоран кегийра жанраш (х1етал-металш, кицанаш). Халкъан эшарш. Халкъан туьйранаш ( инзаре-тамашена, дахаран, акхаройх лаьцна). Турпалаллин иллеш. Шира дийцарш, хабарш, аларш, наьрт-аьрстхойх дийцарш, 1аьржа-Хожаг1арах дийцарш.

Х1етал-металшкахь, кицанашкахь халкъан хьекъал а, кхетам а. Халкъан эшарийн тайпанаш нохчийн фольклорехь.

20-50 шерийн литературехь йоза-дешар даржоран, юьртбахам кхиоран, Даймохк мостаг1чух ларбаран, къинхьегаман, ширачу 1адаташна дуьхьал къийсам латто безаран теманаш айъар. Оцу шерийн литературехь синъоьздангаллин механлаш ч1аг1ъяр:

къинхетам, доглазар, догъэцар. Къоман амалш оцу шерийн произведенешкахь. Цу шерийн литературан жанрийн тайп-тайпаналла (хабарш, назманаш, иллеш, поэмаш, повесташ, дийцарш). Литературан фольклораца уьйр хилар. Цу шерийн произведенийн композиционни башхаллаш, васт х1отторан кепаш. Советски юкъараллехь исбаьхьаллин литература 1едало х1алхах1итточу декхарщца цхьаьнаян езаш хилар. Оцу идеологин лехамашца нохчийн литература кхиар а.

60-80 шерийн литературехь даймехкан дуьхьа къахьега, ваца кийча хилар лирически турпалхо. Кхетош-кхиоран маь1на. Оцу шерийн литературан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш.

Литературан тайпанаш а, жанраш а (эпос, лирика, драма): эпически жанраш-повесть; лирически жанраш-стихотворенеш; драматически жанраш-трагеди, драма, комеди.

Литературни произведенин форма а, чулацам а: тема, идей, проблематика, сюжет, композици (экспозици, д1адолор, кхиар (кульминаци), дерзор, пролог, эпилог, портрет, интерьер, диалог, монолог, лирически юкъадалораш (отступление) антитеза, къовсам, авторан васт, автор-дийцархо, литературни турпалхо, лирически турпалхо. Жанрах болу кхетам к1аргбар: турпалаллин илли, поэма.

Трагически а, беламе дерг. (Ирони. Юмор. Сатира.)

Турпалаллин дерг. Даздинарг. Лахадаькккхинарг.

Проза а, поэзи а. Стихкхолларан бух: стихотворенин барам (шинастопан барам – ямб, хорей, кхаастопан барам-дактиль, амфибрахий, анапест), ритм, рифма, строфа.

Исбаьхьаллин произведенин мотт. Произведенехь исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш: эпитет, метафора, метоними, дустар, гипербола, аллегори.

80-90 шерийн литература. Керла, теманаш, проблемаш, литературни турпалхой. Нохчийн литературан демократизаци. Литературехь Даймехкан кхолламах жоьпалла а, даккхий декхарш а шена т1елаца кийча волу турпалхо лахар. Шен чулацамца а, исбаьхьаллин кепехь а литература керлачу т1ег1ане ялар. Х1инцалерчу заманан жоьпалле, ира проблемаш ястар. Халкъан историхь бохаме хиллачу денойх лаьцна кхечу кепара дийцар. Халкъан дахарехь йицъян йиш йоцу синъоьздангаллин мехаллаш лахар. Турпалхочун проблема а, даймехкан тема а. Халкъан кхоллам вай махках даьхначу хенахь а, ц1адирзиначул т1аьхьа а. Литературехь нохчийн истори философски а, публицистически кепара а йовзийтар.

**9-г1а дакъа. Дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиор.**

Хьехар оьрсийн маттахь долучу школийн дешархойн къамелаца г1уллакхдар шардарна т1ехьажийна х1ораммо ша а, тобанашца цхьамог1а упражненеш кхочушъяр. Хезаш ешар, хаттарна барта жоп далар, текст ешар а, дагахь 1амор а.

Барта текстана комментари яр а, ешнарг барта тайп-тайпана юхасхьайийцар произведенин исбаьхьаллин д1ах1оттамна чувахар санна. Дешнашца суртдиллар а, барта мини -сочинени а яздархочун поэтикех кхетаран кепаш санна. Ролашца ешар, инсценировкаш яр, школан спектаклана аудио и видеозапись яр театран г1ирсашца барта къамел кхиоран системехь. Литературни темина барта доклад-хаам нахана хьалха вистхила хааран кеп санна.

Ладуг1уш материал д1аязъяр, конспект язъяр, тезировани яр йозанан къамел кхиоран баххаш санна. Гочйина материал оригиналца йог1уш ю яц хьажаран 1алашонца оригинал а, гочйина исбаьхьаллин произведени а вовшашца юстар. Дешархоша шаьш литературни произведенин дакъа нохчийн матте даккхар, 1аморехь культурийн диалоган принцип кхочушъяр.

Проблемни кепара хаттарна йозанца жоп далар «текстах лаьцна текст» кхолларан хаарш кхиоран декъехь юьхьанцара з1е санна. Кхоллараллин амал йолу изложени а, литературни темина йолу сочинени а ешначух лаьцна яьржина йозанца ойлаяран жанр санна. Рефераташ а, х1ораммо ша кхочушбен проектни талламан белхаш а 1аморан юьхьанцарчу муьран курсехула историко-литературни буха т1ехь.

**Экскурсийн герггара объекташ**

Экскурсеш ярна оьшу г1ишлош ю литературни музейш. Хьехар оьрсийн маттахь долучу школийн дешархошна х1ара тайпа литературни музейш йовзийтар къастийна:

Лаха-Невре. 1арби Мамакаевн музей.

Мескат1а. А. Айдамировн музей-ц1а.

Т1ехьа-Марта. М. Мамакаевн музей-ц1а.

Ножай-юрт. СОШ-3. М-С. Гадаевн музей.

**Тематически планаш**

**Хьехар оьрсийн маттахь долучу школашна ( 348 с)**

| Теманашца болу коьрта чулацам | **Дешархоша кхочушдечу коьртачу гIуллакхийн характеристика (дешаран гIуллакхашкахула болучу барамехь** |
|---|---|
| **1-ра дакъа. Литература дешан исбаьхьалла (искусство) санна (2 с)** | |
| Кхечу исбаьхьллашна юккъехь литературо д1алоцу меттиг. Дешан исбаьхьаллехь дахар исбаьхьаллин кепехь гайтаран башхалла.<br><br>Исбаьхьаллин литература дуьне довзаран, адаман синъоьздангаллин тайп-тайпаналлин дахара, хьал а довзаран цхьа кеп санна; дахар исбаьхьаллин кепара гайтар. Эстетически чам а, синъоьздангалла а кхиорехь литературо бен т1е1аткъам. | Хьехархочун къамеле ладог1ар, ладоьг1начу материалах лаьцначу хаттаршна жоьпаш далар. |
| **2-г1а дакъа. Халкъан барта кхоллараллера (56 с)** | |
| 1. **Фольклоран кегийра жанраш (х1етал-металш, кицанаш). Халкъан эшарш (къинхьегаман, безаман, хелхаран, забарен, 1ер-дахаран) (7 с)** | Дешар, хаттаршна жоьпаш далар, нохчийн кицанаш, х1етал-металш оьрсийн кицанашца а, х1етал-металшца, а дустар, х1етал-металш далор.<br><br>Нохчийн лирически эшарш оьрсийн лирически |

| | |
|---|---|
| Х1етал-металшкахь, кицанашкахь халкъан хьекъал а, беламе дерг а билгалдаккхар. Халкъан эшарийн тайпанаш. Халкъан эшаршкахь 1ер-дахаран хьелаш гайтар а, синъоьздангаллин мехаллаш билгалъяхар а. | эшаршца юстар, церан сюжетехь а, тематикехь а юкъара дерг билгалдаккхар.<br><br>Туьйранашка ладог1ар а, дешар, дацдеш, дуьззина юхасхьадийцар, ешначух лаьцна долучу хаттаршна жоьпаш далар. |
| **2. Нохчийн халкъан туьйранаш (инзаре-тамашена, дахаран, дийнатех) – шишша туьйра.**<br><br>**Сюжет. Туьйранан ламасталлин х1умнаш-долор, дерзор, юх-юха аларш. Нохчийн а, оьрсийн а туьйранийн юкъара дерг а, къоман башхалла а. (10 с)** | Нохчийн туьйранаш оьрсийн туьйранашца дустар.<br><br>Шайн туьйранаш кхоллар.<br><br>Туьйранийн турпалхойн амалш йовзийтар, цара дечун мах хадор. |
| Туьйра. Туьйранийн тайпанаш. Фольклорни а, литературни а туьйра. Туьйранашкахь бакъдерг а, инзаре-тамашена дерг а цхьаьнадалор. | |
| Инзаре-тамашена туьйра. Туьйранан синъоьздангаллин маь1на- дикачун а, вочун а къовсам, дикачо зуламна т1ехь толам баккхар. | Шира дийцарш, хабарш, аларш дешар, церан чулацам схьабийцар. Туьйранашца церан цхььанадог1ург а, къаьстарг а билгалдаккхар. |
| Дийнатех лаьцна туьйранаш. Дийнатийн васташ оьрсийн а, нохчийн а туьйранашкахь. Дийнатийн амалш даим цхьанакепара гайтар. Оьрсийн туьйранийн турпалхойн амалшца уьш юстар.<br><br>1ер-дахаран туьйра. Беламе суьрташ а, амалш а, адамийн сакхте амалш емалъяр оцу тайпанчу туьйранашкахь. | Дийцарш дешар, церан чулацам схьабийцар, церан башхаллаш къастор. Наьрт-аьртсхойх, 1аьржа-Хожаг1арах долучу нохчийн дийцарийн кхечу къаьмнийн уьш санна йолучу произведенешца цхьаьнадог1ург а къаьсьарг а билгалдаккхар. |
| **3. Шира дийцарш, хабарш, аларш. (8 с)** Билгалйолучу меттигех (юьртах, ломах, рег1ах, хих, б1аьвнех) лаьцна дийцарш. Оцу дийцаршкахь исторически хиламаш я билгалчу наха лелийна г1уллакхаш. | Иллеш дешар, церан чулацам схьабийцар, царна таллам бар. Церан д1ах1оттам а, васташ кхолларан башхаллаш йовзар.Иллин турпалхочун амалш билгалъяхар, тайп-тайпанчу иллеш т1ерачу турпалхойн амалш вовшех юстуш къастор. Исбаьхьаллин сурх1отторан г1ирсаш а, нохчийн иллийн стихан башхаллаш а билгалъяхар. Нохчийн турпалаллин иллеш оьрсийн литературан былинашца дустар. |
| **4. Наьрт-аьрстхойх, 1аьржа-Хожаг1арах дийцарш. Гипербола фольклорехь. (9 с)** Церан чулацам а, башхаллаш а. Халкъо | |

| | |
|---|---|
| шен парг1атонехьа, маьрша дахарехьа наьрташца а, 1аьржа-Хожаг1арца а латтийна къийсам. Халкъо баьккхина толам.<br><br>5. **Лирически а, турпалаллин а иллеш. Турпалхочун васт. (22с)**<br><br>Дахаро а, 1аламан хьелаша, хиламаша 1аткъам барца меттахъяьхна турпалхочун ойланаш лирически иллешкахь гучуйийлар. Даймохк безар, иза 1алашбар, вовшашца барт хилар, кхечу къаьмнашца доттаг1аллин уьйраш лелор, халкъан, мехкан г1уллакхна т1ера хилар иллешкахь ч1аг1дар. Къонахалла, оьздангалла, къинхетамалла, адамийн сий лардар иллешкахь кхайкхор.<br><br>Къоман дахарехь маь1на долу г1уллакхаш иллийн чулацамехь хилар.Дикачу к1ентийн хьуьнаре г1уллакхаш хастош дийцар. Мостаг1чунна дуьхьал къийсам латтийна халкъана хьалхабевлла къонахий бовзийтар. Иллийн исторически бух а, исбаьхьаллин башхаллаш а. | |
| **3-г1а дакъа 30 - 60-чу шерийн литературера (60 с)** | |
| **С. С. Бадуев**. **Дийцаран жанр**. **Тема, идей, сюжет. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш (12 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а. С. Бадуевн кхоллараллин маь1на къоман литература, культура кхиорехь.<br><br>**Дийцар «Зайнди»**. Йоза-дешар хууш хилар – керлачу дахаре болу некъ. Дийцаран васташ а, маь1на а.<br><br>**Дийцар «1адат»**. Эхь-бехк лардарх хилла бохам. Дийцаран коьрта турпалхой а, маь1на а.<br><br>**Повесть «Ц1еран арц». Сюжет. Тема. Идей. Къовсам**.<br><br>Повестехь социально-классови къовсам. Къовсаман маь1на а, повестан башхаллаш а. Коьртачу турпалхойн васташ: Кульдевич | Дийцарш, повесташ ешар. Текст юьззина а, хоржуш юхасхьайийцар. Произведенеша биначу т1е1аткъамца доьзна долучу а, проблемни а хаттаршна жоьпаш далар. Турпалхойн амалш билгалъяхар, цара диначун мах хадор. Автора шен произведенешкахь д1алоцу меттиг къастор, цуьнан маь1на билгалдар. Прозведенийн тема, идей, сюжетан дакъош билгалдахар. Турпалхойн амалех, цара дечух лаьцна шена хетарг ала хаар кхиор. Произведенийн маь1на даста хаар. Бадуевн произведенеш вовшашца юстар, церан юкъара дерг билгалдаккхар. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш билгалбахар. Билгалйиначу темина сочинени язъяр.<br><br>Сюжетни план х1оттор. Текст йозанца таллар. |

| | |
|---|---|
| а, цунна т1аьхьа бозурш а, Хонмурд а, цуьнан доьзал. | |
| **Повесть «Бешто». Тема, идей. Персонажан васт. Сюжет**.<br><br>Социальни харцо а, церан 1адаташ а повестехь емалдар. Бештон, Бусанин кхоллам. Повестан исбаьхьаллин аг1онаш а, маь1на а. | Стихотворенеш къастош ешар.<br><br>Царах цхьаъ дагахь 1амор.<br><br>Барта а, йозанца а хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Стихотворенийн персонажийн амалш билгалъяхар.<br><br>Васташ кхуллуш болу суртх1отторан исбаьхьаллин г1ирсаш схьалахар. |
| **1. Ш. Мамакаев. Лирически турпалхо. Ритм. Рифма. (12 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а. Мамакаевн поэзино литературехь а, къоман культурехь а д1алоцу меттиг.<br><br>**Стихотворенеш** «Кавказан латта», «Сайн к1анте», «Йо1е», «Даге», «Берзан бекхам», «Садаьржаш», поэмаш «Дагалецамаш», «Нохчийн лаьмнашкахь».<br><br>Поэтан лирикин тайп-тайпана тематика а, проблематика а. Поэтан кхолларалехь даймехкан, 1аламан суьрташ, цуьнан лирикехь безам а, доттаг1алла а, юкъараллин дахарехь поэтан декхарш а, поэзин меттиг а.<br><br>**Поэма «Дагалецамаш». Монологан кепехь поэма.**<br><br>Поэмехь авторан 1аламе, Терке болу безам. Сирлачу кханенах лаьцна йолу дог-ойла, синхаамаш.<br><br>**Поэма «Нохчийн лаьмнашкахь». Лирически поэмин жанр**. **Персонажийн васташ. Бакъдерг (реализм).**<br><br>Поэми т1ехь шира 1адат бахьана долуш къона дахар х1аллакьхилар гайтар. Поэмин стих а, меттан башхаллаш а.<br><br>Поэтан поэтически говзалла а, башхалла а. | Поэтически текст къастош ешар, цунна талламбар.<br><br>Барта суртх1оттор д1адахьар.<br><br>Поэмин тема а, проблема а, сюжет а къастор. Аслаг1ин, Селехьатан амалш билгалъяхар. Поэмин стихан д1ах1оттам а, меттан башхаллаш а къастор. Х1оранна билгалдина т1едахкарш кхочушдар. Турпалхойх лаьцна шена хетарг ала хаар кхиор.<br><br>Сюжетно-композиционни план х1оттор.<br><br>Билгалйиначу темина сочинени язъяр.<br><br>Стихотворенеш къастош ешар.<br><br>Царах цхьаъ дагахь 1амор.<br><br>Поэтически текстана таламбар, лирически турпалхочунна характеристика ялар.<br><br>Васташ кхуллуш болу суртх1отторан исбаьхьаллин г1ирсаш схьалахар.<br><br>Стихан барамаш а, рифмин кеп а къастор.<br><br>Дийцар дешар, текстана герга чулацам схьабийцар. Тема а, д1ах1оттам, идей къастор. Турпалхочун амалш билгалъяхар, царах лаьцна шена хетарг алар. Хаттаршна барта а, йозанца а жоьпаш далар. Билгалйиначу темина сочинени язъяр. |
| **М. А. Мамакаев**. **Лирически турпалхо. Ритм. Рифма. Стихан барамаш. Символ. Дийцаран жанр. Тема, идей. Композици, сюжет. (8с)** | Къастош ешар. Чулацаман а формин а т1ег1анехь поэтически текст таллар. |

| | |
|---|---|
| Дахар а, кхолларалла а. | |
| **Стихотворенеш** «Даймехкан косташ», «Лаьмнийн дийцар», «Пондар».<br><br>Мамакаев поэзин философски чулацам, цуьнан лирикехь даймехкан, къоман историх лаьцна, патриотически, г1иллакх-оьздангаллин мукъамаш. Лирически турпалхочо стеган парг1атонах, сийх, Даймахках лаьцна ен ойланаш. | Стихотворенеш къастош ешар. Билгалйина стихотворени дагахь 1амор. Меттан исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш схьалахар (эпитет, метафора, дустар), исбаьхьаллин суртх1отторехь цара д1алоцу меттиг билгалъяр. Лирически турпалхочунна характеристика ялар.<br><br>Исбаьхьаллин текст ешар, таллам бар, интерпретаци яр.<br><br>Произведенин коьрта проблематика къастор.<br><br>Билгалйиначу темина сочинени язъяр. |
| **«Баппа» дийцар. Дийцаран жанр. Тема, идей. Композици, сюжет**<br><br>Сутаралло а, деган куралло а элан даржах вохавар. Хьоло вузийна стаг нийсонах хедаш, г1иллакхах херлуш, хьекъалх оьшуш хилар, халкъ шен олаллин к1ел сацо цхьаьннан а ницкъ кхочург цахилар ч1аг1дар<br><br>. | Текст къастош ешар, цунна таллам бар. Стихкхолларан барамаш къастор. Стихан рифма а, строфа а билгалъяр. Исбаьхьаллин суртх1оторан г1ирсаш билгалбахар. |
| **Н. Д. Музаев. Лирика. (2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>Стихотворени «Накъосташка». Яхь йолуш, оьзда, хьуьнаре, догц1ена хилар деза а, сийлахь ларар. Адамийн сакхте амалш емалъяр. | Туьйра къастош дешар. Дакъошца юхасхьадийцар. Туьйранан васташ таллар. Стихашца яздиначу туьйранан халкъан туьйранца цхьаьнадог1ург билгалдар, цуьнан башхаллаш къастор. Туьйранан персонажех лаьцна шена хетарг ала хаар кхиор. |
| **М. А. Сулаев. Лирика. Лирически турпалхо. Пейзаж. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш. (8 с)**<br><br>Стихотворенеш «Ламанан хи», «К1анте».<br><br>Поэтан дог, дахар, ирс Даймахкаца дозаделла хилар.<br><br>Дайн оьзда г1иллакхаш лардан дезар, шегахь дика амалш: яхь, собар, тешам кхио езар ч1аг1дар. 1аламан лирика. Даймехкан исбаьхьа, беркате 1алам 1алашдан дезар, цуьнца къинхетаме хила везар.<br><br>Поэма «Пхьарматан б1аьрхиш». Мифологин турпалхочун Пхьарматан | Поэтически текст къастош ешар, таллар. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш схьалахар, цара кхочушден г1уллакх къастор.<br><br>Дийцар дешар, доцца схьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Персонажийн синхаамаш бовзуьйтуш йолу исбаьхьаллин билгалонаш схьалахар. Персонажийн васташна характеристика ялар. |

| | |
|---|---|
| б1аьргашца кху дуьнен т1ехь хилла а, хуьлуш болу а бохамаш поэми т1ехь гайтар. Къизаллина дуьхьал поэта ойъу дера аз, дуьнен т1ехь мел долучу зуламашца луьра къийсам латто безаш хилар ч1аг1дар. | Очеркан башхаллаш билгалъяхар, цуьнан тема, идей, д1ах1оттам къастор. Турпалхочун амалш билгалъяхар, васт кхоллар. Очеркан турпалхочух лаьцна дийцар кечдар. |
| **Х. Э. Эдилов**. **Лирика. Стихан ламасталлин кеп. Рифма. Строфа. (4 с)**<br>Дахар а, кхоларалла а.<br>**Стихотворенеш** «Ненан безам», «Сий делахь, латта».<br>Поэтан дахаре, 1аламе болу безам, 1аламан дахарца экам хила везар ч1аг1дар. Ирс къуьйсуш велларг сийлахь а, веза ларар. | Текст къастош ешар. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш схьалахар (эпитет, метафора, дустар), 1аламан къеггина суртх1отторехь цара д1алоцу меттиг къастор. Пейзажах лаьцначу тексто шена бинчу т1е1аткъамах лаьцна дийцар.<br>«Сан мохк» темина мини-сочинени язъяр. |
| **Б. С. Саидов**. **Литературни туьйранан жанр. Литературни туьйранан халкъан туьйранах къаьсташ дерг. Тема, идей, сюжет. (5 с)**<br>Яздархочун дахар а, кхолларалла а.<br>«Майра к1ант Сулима». Хьаналчу къинхьегаман маь1на гайтар а, хьоладайн писалла а, ямартло а емалъяр. Адамийн деган дикаллий, оьздангаллий, къинхетаме хиларрий хастор.<br>**Граждански лирика. Лирически турпалхо.**<br>Стихотворенеш «Вина юрт», «Деган аз».<br>Хьоме мохк, граждански дог-ойла Б. Саидовн поэзехь. | Илли къастош дешар. Коьртачу персонажана характеристика ялар. Авторна хетарг билгалдаккхар. Халкъан иллешца илли дустар, тера дерг а доцург къастор. |
| **Х. Д. Ошаев. Дийцаран, очеркан жанраш. Тема, идей, д1ах1оттам, турпалхочун васт. (5 с)**<br>Дахар а, кхолларалла а.<br>**Дийцар «Чайра**». | |

| | |
|---|---|
| Дийцарехь кхолламо шен махках д1акъастийначу стеган  дай баьхначу латте болу сатийсам, винчу махке болу безам гайтар. Стеган дахарехь Даймохк уггар сийлахь а, беза а, хьоме а кхерч хила безар ч1аг1дар.<br><br>**«Очерк Абу-Хьаьжа Идрисов». Очеркан жанр нохчийн литературехь**. Очеркехь турпалхочун Идрисов Абу-Хьаьжин дагалецамаш а, цуьнан б1аьхаллин г1уллакхаш а.<br><br><br>**С. М. Курумова**. **Пейзаж. (2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>«Дохк» («Дохк повеста т1ера кийсак). 1аламан суьрташ а, церан исбаьхьаллин декхар а. Ламанан 1аламан аьхаралллин хазалла.<br><br><br><br>**З. А. Муталибов**. **Т1еман лирика. (2 с.)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**«Х1аллакьхиллачу динах лаьцна илли». Лирически турпалхо.**<br><br>З. Муталибов – поэт-т1емало. Цуьнан кхолларалл ехь т1еман тема. Къизаллина дуьхьал поэта ойъу дера аз. | |
| **4-г1а дакъа. 60-80-чу шерийн литературера (90с)** | |
| **А. С. Сулейманов. Лирика. Исбаьхьаллин васт. Аллегори. (8 с)**<br><br>Дахар а, кхоллаpалла а.<br><br>**Стихотворенеш** «Борз ю уг1уш», «Шуьнехь дош», «Дог дохден ц1е».<br><br>А. Сулеймановн поэзин романтизм. Поэтан лирикехь къонахаллин а, оьздангаллин а тема. Къоман эхь-бехк лардеш волу цуьнан лирически турпалхо.<br><br>**Поэма «Дахаран генаш». Лирически поэмин жанр**. Маьрша Даймохк, тешаме | Стихотворенеш къастош ешар.<br><br>Царах цхьаъ дагахь 1амор.<br><br>Къонахаллин, оьздангаллин  тема схьайостуш долу исбаьхьаллин васташ балгалдахар.<br><br>Исбаьхьаллин васташ даста таро луш болу исбаьхьаллин къастаман г1ирсаш къастор.<br><br>Поэмин дакъош къастош дешар. Поэтически текст таллар, лирически турпалхочун амалш билгалъяхар. Барта а, йозанца а жоьпаш далар. Авторна хетарг билгалдаккхар, шена хетарг ала хаар кхиор. |

| | |
|---|---|
| доттаг1алла, къонахалла, бартболу доьзал – поэмин коьрта теманаш. Таханлерчу дахарехь г1иллакх-оьздангаллица доьзна кхачамбацарш 1орадахар, цаьрца къийсам латто безар. | Дийцар къастош дешар, текстана герга юхасхьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар. |
| **1-Хь. Х. Хамидов. Драма. Сатира, юмор. Драматически къовсам. Тема, идей, пресонажийн васташ. Монолог а, диалог а. (6 с)** | Персонажийн амалш билгал а еш, уьш беламе дерзош долу х1умнаш схьалахар. Оьрсийн литературан беламе произведенешца дуста Хамидовн дийцар. |
| 1-Хь. Хамидов-яздархо-сатирик, драматург | Драма ролашца ешар. Драматически текст таллар. Д1ах1оттаман а, васташ кхолларан а башхаллаш билгалъяхар. Васташ вовшашца дустар. |
| **Дийцар «Д1а-коч, схьа-коч»**. Беламе дерг (юмор) нохчийн литературехь. Шира бухадисиначу г1иллакхашца, 1адаташца къийсам латтор – яздархочун-сатирикан кхолларалллин коьрта теманаш. Адамийн амалшкахь сакхтениг емалдаран говзалла. | Къовсам а, авторна хетарг а, драматургически говзаллин х1умнаш а билгалдахар. |
| **Турпалаллин драма «Лийрбоцурш». Нохчийн литературехь драмин жанр. Драматически къовсамах кхетам. Турпалаллин шовкъ (пафос).** | Стихотворенеш къастош ешар, царна таллам бар. Стихотворенин лирически турпалхочун характеристика ялар. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш схьалахар. |
| Т1еман тема драматургехь. Даймохк ларбечеран доьналла а, турпалалла а. | А. С. Пушкинан «Кавказ» стихотвореница юстар. |
| Даймехкан парг1ато, сий лардеш дахарш д1аделлачу б1аьхойн сий-ларам бан безар, т1амна дуьхьало ян сема а, кийча а хила везар ч1аг1дар пьесехь. Драмин турпалхойн васташ. | |
| **Р. С. Ахматова. Лирика. Лирически турпалхо. Пейзаж. (3 с)** | Дийцарш къастош дешар, дакъошца юхасхьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар. Дийцарийн персонажаш вовшашца бустар, амалш билгалъяхар. Халкъан барта кхолларалллица йолу уьйр билгалъякkхар. |
| Дахар а, кхолларалла а. | |
| **Стихотворенеш** «Лийрбоцурш», «Ма хала ду цунах кхета» | Чулацамца доьзна долучу проблемни хаттаршна жоьпаш далар. |
| Поэтессин кхолларалллехь лирически тема, даймахке а, иза ларбеш болучаьрга а болу безам. | Дийцар т1ера Ушурмин васт халкъо кхоьллиначуьнца дустар. |
| | Текст йозанца таллар. |
| **1. Э. Гайсултанов. Лирически а, прозаически а произведенеш. Жанр, хат1, исбаьхьаллин кеп. (12 с)** | Басня къастош ешар, жанр билгалъяр, маь1на билгалдакkхар, шена хетарг алар. Васташ дустар Крыловн баснешкахь долучаьрца. |
| Дахар а, кхолларалла а. 1. Гайсултанов – | Повесть ешарца талламбар, интерпретаци яр. |

| | |
|---|---|
| нохчийн берийн литературан бухбиллархо. Гайсултановн кхолларallин коьрта теманаш а, проблематика а.<br><br>**Дийцар «Нийса кхел»**. Дийцаран социальни проблематика. Бакъдерг харцонал тола дезар ч1аг1дар. Дийцаран халкъан барта кхоллараллин амал.<br><br>**Дийцар «Кегий йийсарш»**. («Александр Чеченский повеста т1ера дакъа)- Дийцарехь т1амо берийн дахаре беана бохам гайтар. Т1еман къизалло адамийн дахаре шеца дохьург емалдар.<br><br>**Дийцар «Алдара Ушурма»** («Александр Чеченский повеста т1ера дакъа). Дийцаран исторически бух. Маршонехьа болу къийсам, шен мохк, дин мостаг1чух лардар, церан дуьхьа вала а кийча хилар. Исторически бакъдолчунна т1ехь кхоьллина васт.<br><br>**Басня «Барзо амалш ца хуьйцу». Баснин жанр нохчийн литературехь**. «Барзо амалш ца хуьйцу» баснин дидактически хьажам, адамийн амалш цу т1ехь емалъяр.<br><br>**Повесть «Болат-г1ала йожар». Исторически повестан жанр**. «Болат-г1ала йожар» повестан исторически бух. Маьршачу наха талорхошна дуьхьал, шайн парг1атонехьа латтийна къийсам. Дикачу к1енташа халкъ вовшахтухуш, иза маршоне кхачор. Повестан коьрта турпалхой а, васташ а.<br><br>.<br><br>**Ш. А. Арсанукаев**. **Лирика. Исбаьхьаллин васт. Лирически турпалхо. Стихотворенин барам. Билгало (символ), монолог, диалог. (8 с)**<br><br>Дахар а, кхоллаpалла а.<br><br>**Стихотворенеш** «Баьпкан юьхк», «Мохкбегор», «Ийманах дузийта дегнаш».<br><br>Поэтан-лирикан Ш. Арсанукаевн кхоллараллехь патриотизман а, гуманизман а ойланаш. | Повестан тема, проблематика, сюжет къастор. Васташ вовшашца дустарца таллар. Билгалйиначу темина сочинени язъяр. 1аламан суьрташа повестехь кхочушден г1уллакх билгалдаккхар. Повестан барта кхоллараллица йолу уьйр къастор. Билгалйиначу темина сочинени язъяр.<br><br>Стихотворенеш къастош ешар, талламбар.<br><br>Стихотворенин поэтически текстана талламбар, лирически турпалхочунна характеристика ялар.<br><br>Барта а, йозанца хаттаршна жоьпаш далар. Учебникан статьяшца болх бар.<br><br>Повесть дакъошца къастош ешар, поэтически текстана талламбар. Сюжетно-композиционни план х1оттор. Проблемни хаттаршна жоьпаш далар. Васташ таллар. Ширачу заманан сурт1хоттош болу исбаьхьаллин г1ирсаш схьалахар. Исторически контекст йовза езар.<br><br>Стихотворени къастош ешар, меттан суртх1отторан исбаьхьаллин г1ирсаш схьалахар, къеггина исбаьхьаллин суртх1оторехь цара д1алоцу меттиг билгалъяр. Кхечу поэтийн Даймахках лаьцна йолучу стихотворенешца юстар.<br><br>Дийцар дешар, текстана герга юхасхьадийцар. Цуьнан тема, идей билгалъяккхар. Персонажийн васташ т1ехь болх бар.<br><br>Яздархочо кхоьллинарг исторически бакъдолучуьнца дустар.<br><br>Поэтически текст къастош ешар, талламбар. Стихотворенин ритмико-интонационни |

| | |
|---|---|
| 1аламца а, ялтанан кхачица а къинхетаме хилар дехар, нохчийн халкъ иймане далор доьхуш, поэта Деле ден до1анаш. К1орггера кхетам, оьзда лаамаш болу лирически турпалхо. Дуьненах, 1аламан аьрхачу хазаллех, дахарх лаьцна цо ен ойланаш, а, адаман ирсехьа къийса иза кийча хилар а. | д1ах1оттам а, барам, рифман кеп къастор. 1аламах йолу оьрсийн стихотвореница юстар.<br><br>Меттан исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш билгалбахар, исбаьхьаллин къеггина суртх1отторехь цара кхочушден г1уллакх къастор. |
| **Повесть «Тимуран тур».** «Тимуран тур» стихашкахь язйина повесть, цуьнан исбаьхьаллин къастамаш. Къоман парг1ато еза ларар, мостаг1ашна дуьхьал къийсам латтийначу турпалхойн васташ. Халкъан парг1атонехьа болучу буьрсачу т1еман суьрташ. | Дийцар дешар. Буьззина а, хоржуш а цуьнан чулацам схьабийцар. Ешначо биначу т1е1аткъамца доьзначу хаттаршна жоьпаш далар. Халкъ махках даккхарх лаьцначу произведенешца дийцар дустар, цхьаьнадог1ург а, къаьсташ дерг а билгалдаккхар. |
| **А. А. Айдамиров. Дахаран бакъдерг. Айдамировн реализман башхаллаш. Прозаически произведенехь илли. (6 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а. | Туьйра къастош дешар, юхасхьадийцар. Туьйранан маь1на билгалдаккхар. Текстехь исбаьхьаллин персонажийн халкъан туьйранийн персонажашца цхьаьнадог1ург лахар. Васташ вовшашца дустар. Туьйранан оьрсийн туьйранца цхьаьнадог1ург къастор. |
| **Стихотворени «Вина мохк». Лирика. Лирически турпалхо.** Даймахке болу синхаамаш бовзийтар. | |
| **Дийцар «Мух1ажарш»** («Еха буьйсанаш» романан дакъа**). Дахаран бакъдерг (реализм). Тема, идей. Трагически мукъамаш.**<br><br>Даймехкан тема нохчийн литературехь. Даймехкан беркатечу ницкъах тешар, ирс Даймахкаца дозар.<br><br>Паччахьан 1едалан ямартло а, мух1ажарийн кхолламан дега1ийжаме мукъамаш а. | Дийцарш дешар, коьрта хиламашна комментари яр. Коьртачу турпалхошна характеристика ялар. Барта а, йозанца а хаттаршна жоьпаш далар. Дийцарийн иллюстрацешна т1ехь болх бар.<br><br>Турпалхойн амалийн башхаллаш билгалйоху меттан исбаьхьаллин г1ирсаш билгалбахар. |
| **М-С. Гадаев. Лирика. Метафора. Эпитет. Билгало (символ). Гадаевн стихан д1ах1оттаман башхаллаш. Ритм а, рифма а. (6 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Стихотворенеш** «Дарта», «Орцара г1ов». | Стихотворенеш къастош ешар, царах цхьаъ дагахь 1амор. Къегина сурх1оттош йолу а, исбаьхьаллин васт х1оттош йолу а деталаш схьалахар, цара стихотворенехь кхочушден г1уллакх къастор. Кхечу поэтийн 1аламах лаьцна йолучу стиховоренешца юстар. |
| Поэтан са 1аламан дуьненца д1аэр. Ницкъ, доьналла а, г1орасизалла цхьана сибатехь. Поэтан говзалла дарта олхазаран хьал | Дийцар дешар, юхасхьадийцар, ешначух лаьцна долучу хаттаршна жоьпаш далар. Дийцаран тема а, маь1на а билгалдаккхар. Исторически бакъдерг |

| | |
|---|---|
| довзийтарехь.<br><br>Цуьнан поэзехь дуьненах, дахарх, 1аламах йолу ойланаш. Гадаевн поэзин башхалла. | дийцар т1ехь долучуьнца дустар. Персонажаш вовшашца юстуш характеристика ялар. |
| **Дийцар «Ирча суьрташ**». Дийцарехь тоталиризман шерашкахь нохчийн халкъан трагеди. 1аламан суьрташа ирча кхаъ къаьхьачу 1аткъаме берзор. | Поэтически текст къастош ешар.<br><br>Лирически произведенин форма а, чулацам а таллар. Васт-билгалонна интерпретаци яр. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш билгалбахар (эпитет, метафора, дустар).<br><br>Басня къастош ешар. Текст ролашца ешар. Баснин маь1на дар, шена хетарг алар. |
| **М. Мусаев**. **Литературни туьйра. Литературни туьйра халкъачух къастош дерг. Тема, идей, сюжет. (2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош. «Ц1ен маьхьси»<br><br>Хьекъал ямартлонал, тешнабехкал, сонталлел тола дезаран ойла ч1аг1яр. Нахана даькккхиначу ор чу ша оьккху. Туьйранан оьрсийн туьйранца цхьаьнадог1ург. | Лоьман а, цхьогалан а васташ дустар, церан мах хадор, акхаройн адамийн амалшца дог1ург дустарца къастор. |
| **Хь. Б. Саракаев. Дийцаран жанр. Д1ах1оттам, тема, идей. Персонажан васт. Авторна хетарг. (5 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Дийцарш «Баьпкан чкъуьйриг», «Ирсе б1аьрхиш»**<br><br>Хьаналчу къинхьегамо лакхадоккху стеган сий. Баьпкан сий-пусар дан дезар ч1аг1дар.<br><br>Вайна к1ант карийначу ненан ирсе б1аьрхиш. Ненан безам боккха а, мерза а, аьхна а хилар. | Поэтически тексташ  къастош ешар, таллар. Лирически турпалхочунна характеристика ялар. Лирически произведенин проблематика билгал а йоккхуш, талламбар.<br><br>Къоман колорит билгалъяккхар.<br><br>Баллада ешар, цунна таламбар. Исбаьхьаллин башхаллаш билгалъяхар, меттан суртх1отторан г1ирсаш къастор. |
| **Ш. Х. Окуев. Лирика. Пейзаж. Меттан исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш. (6 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а. | Поэтически текст къастош ешар, таллар. Лирически турпалхочунна характеристика ялар. Лирически произведенин проблематика билгал а йоккхуш, таллар.<br><br>Поэтан стихан башхаллаш билгалъяхар, уьш мукъамашка  ерзалуш хилар гайтар. |
| **Стихотворенеш «Сан хьоме Нохчийчоь»,  «Б1аьсте».**<br><br>Лирически турпалхочун  синмерзаш довзуьйту 1аламан суьрташ. Поэтан | Дийцар дешар, дакъошца юхасхьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар. Дийцаран тема, |

| | |
|---|---|
| даймахкаца бозабелла синхаамаш.<br><br>**Дийцар «Мацалла» («Т1аьххьара верас» романан дакъа). Тема. Идей. Д1ах1оттам. Сюжет.**<br><br>20-чу б1ешеран юьхьехь ламанан ярташкахь кхолладелла социальни хьелаш. Нохчийн халкъ комаьрша, къинхетаме хилар, мацалло г1елбина кхечу къаьмнийн векалш дегалазамца т1еэцар. Оцу шерийн 1ер-дахар, ламасташ гайтар, къомо шен яхь, юьхь ларъяр. Жаьмбиган, 1алсолтин, Шемалан васташ. | проблематика, сюжет билгалъяккхар.<br><br>Персонажашна вовшашца юстарца характеристика ялар.<br><br>Дийцарехь исбаьхьаллин васт х1оттош гайтинарг дахаран бакъдолучуьнца дустар.<br><br>Дийцарш  дешар, коьртачу хиламашна комментари яр. Коьртачу турпалхошна характеристика ялар. Церан амалийн мах хадор.<br><br>Барта а, йозанца а хаттаршна жоьпаш далар. |
| **Хь. Д. Сатуев. Лирика. Пейзаж. Баснин жанр. Маь1на(мораль). Аллегори (3 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Стихотворени «Лаьмнийн къоналла». Пейзажни лирика.**<br><br>1алам поэтан кхетамехь а исбаьхьаллин суртх1отторехь а.<br><br>**Басня «Ломмий, цхьогаллий»**. Баснин дидактически хьажам. Адамийн сакхташ баснехь емалдар. Лоьман васт нохчийн литературехь. | Произведенеш т1ехь х1оттийначу проблемашна шена хетарг алар.<br><br>Турпалхойн чоьхьара хьал довзуьйтуш йолу деталаш билгалъяхар. Исторически бакъдерг дийцар т1ехь долучуьнца дустар.<br><br>Стихотворенеш къастош ешар.<br><br>Царах цхьаъ дагахь 1амор. Къеггина суртх1отош болу меттан г1ирсаш схьалахар, стихотворенешкахь цара  х1ун  г1уллакх кхочушдо къастор. Кхечу поэтийн 1аламах лаьцна йолучу стиховоренешца юстар. Лирически турпалхочунна характеристика ялар.<br><br>Стихотворенийн ритмико-интонационни д1ах1оттамна талламбар. |
| **1. Х. Шайхиев. Лирически шовкъ (пафос). Къоман  басарш (колорит) (7 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Стихотворенеш «Куйнах дош», «Безаман декхар».**<br><br>Къоман г1иллакхаш, ламасташ, синъоьздангаллин мехаллаш поэтан поэзехь.<br><br>Даймахкана, халкъана даим г1уллакхдеш вагаран синхаамех юьзна поэзи.<br><br>Коьртарчу куйнаца лардина сий. Поэзин фольклоран бух.<br><br>Б1ешерашкахь вайн дайша схьадеана | Туьйра дешар, юхасхьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар. Халкъан туьйранан турпалхо а, Гацаевн Чкъоьрдиг вовшашца вустар, церан васташкахь цхьаьнадог1ург а, къаьсташ дерг а билгалдаккхар. Стихашца яздиначу туьйранан башхаллаш билгалъяхар.<br><br>Дийцар дешар, хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Коьртачу турпалхочун васт-амал билгалъяккхар, дийцаран вукху персонажашца иза вустар. Дийцаран башхаллаш билгалъяхар. Мини-сочинени язъяр. |

| | |
|---|---|
| низаман ламаст лардаран маь1на, къонахчун ц1е еза а, сийлахь хилар ч1аг1дар.<br><br>**Ч1аг1о(баллада**). Легендин буха т1ехь кхоьллина баллада. Къонахчо делла дош кхочушдан дезар, тешаме ч1аг1о хила езар ч1аг1дар.<br><br><br>**М. Д. Дикаев**. **Поэтан кхоллараллин къоман колорит. Стихан ламасталлин кепаш. (3 с)**<br><br>Дахар а, кхоллаpалла а.<br><br>**Стихотворенеш «Къинхетаме Нохчийчоь», «Нохчо ву со».**<br><br>Стихотворенин лирически турпалхо. Цуьнан даг чохь интернациональни мукъамаш.<br><br>Даймахках, халкъах дозалла дар. Дикаевн поэзехь яхь, къоман оьздангалла.<br><br><br>**М. Д. Ясаев. Синоьздангаллин къовсам (конфликт). Авторна хетарг (3 с.)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**«Хьоме юрт» повесть т1ера дакъа**. **Дийцар «Тянь-Шанан лаьмнашкахь».**<br><br>Адамийн вовшашца йозаелла ира меттигаш а, ч1ир йитаран 1адат а. Даймахке, хьомечу юьрта болу сатийсам. Парг1атонан, маршонан марзонан мах. Лох-Беташан, Джамалдинан, Серижин, Джанхотан васташ.<br><br><br>**1. А. Ахмадов**. **Дийцаран жанр. Персонажан чоьхьара хьал гайтар. (5 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Дийцар «Къонахалла». Тема, идей. Д1ах1оттам, чулацам. Монологически а, диалогически а къамел, чоьхьара монолог.**Турпалхочун амалш, халонаш дуьхьал нисъелча цо шегара гайтина | |

| | |
|---|---|
| доьналла, ша-шена т1ехь баьккхина толам.<br><br>**Дийцар «Воккха дада». Дийцар-хилам**. **Бакъдерг (реализм)**. **Авторна хетарг**.Къизачу акхараллица т1амо х1аллакдина технологии. Т1амо шеца беъна бохам а, къизалла а. Деден а, йоь1а йоь1ан а васташ. Дийцарехь диалого д1алоцу меттиг.<br><br>**С. А. Гацаев**. **Лирика. Пейзаж. Исбаьхьаллин васт. (5 с)**<br><br>Поэтах лаьцна дош.<br><br>**Стихотворенеш «**Дарц», «Шеме ю-кх хьо, Нохчийчоь…», «Хьаннийн белхар».<br><br>Гацаевн лирикехь пейзаж. 1аламан аьрха хазалла а, дарц даларан ма-дарра х1уттуш долу сурт гайтаран говзалла а.<br><br>Аьхначу 1аламах, иза лардан дезарх, хьомечу махках лаьцна йолу поэтан ойланаш. Лирически турпалхо вочунна дуьхьал вала кийча хилар, цуьнан тайп-тайпана синх1оттам. Стихотворенийн ритмически тайп-тайпаналла а, церан мукъаме хилар, уьш халкъан поэзина герга хилар.  Поэтан лирикехь исбаьхьаллин суртх1оттош долу басарш.<br><br>**Литературни туьйра «Чкъоьрдиг». Тема, идей, сюжет**. Халкъан туьйранан бахьанан а, вастан а буха т1ехь кхоьллина туьйра. Ешап-экханан а, Чкъоьрдиган а къовсам. Чкъоьрдига ша-шена а, Ешапна а т1ехь баьккхина толам<br><br>**Д. Д. Кагерманов**. **Дийцар «Доттаг1алла». Дийцаран жанр. Бакъдерг (реализм). Исбаьхьаллин деталь.  (2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>Дийцаран г1иллакх-оьздангаллин проблематика. Къоначу турпалхочун г1иллакх а, воккхачу стеган оьздангалла а.<br><br>Осалалла а, г1иллакхдацаралла а емалдар. | |

| | |
|---|---|
| | |
| **5-г1а дакъа. 80-90-чу шерийн литературера (67 с)** | |
| **1. К. Дадашев. Дийцаран жанр. Тема. Идей. Д1ах1оттам. (4 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Дийцар «Ден весет».** Ширачу заманахь дуьйна схьадеъна къоман оьздангаллин ламасташ х1инцалерчу дахарца къовсаме довлар. Къоначу наноша воккханиг лараран хьокъехь долу къоман ламаст ларар а, цуьнан маь1на а.<br><br>**Ш. Р. Рашидов. Лирика. Лирически турпалхо. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш. Ритм. Рифма. Стихан барамаш. (6 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Стихотворенеш** «Т1амна дуьхьал довла», «Даймохк».<br><br>Т1амна дуьхьал къийсам латто безар кхайкхор.<br><br>Даймехкан тема поэтан кхоллараллехь – коьрта тема.<br><br>Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.<br><br>**Поэма «Ден весет».** Къоначу т1аьхьенгахь хила еза синъоьздангаллин мехаллаш. Стеган халкъаца, шен махкаца хила еза юкъаметтигаш билгалъяхар.<br><br>**М. М. Кибиев**. **Лирика. Философски лирика. (4 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Стихотворенеш «Меттан сий», «Дош».**<br><br>Нохчийн мотт Даймехкан билгало санна. Меттан дозалла ца дойтуш, цуьнан сий дан дезар.<br><br>Дашна-гимн. Дешан дозалла: цо бан | Дийцар дешар, доцца схьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар. Бер дайначу Медентан чоьхьара хьал гойту исбаьхьаллин билгалонаш билгалъяхар. Дийцаран чулацам дахарехь нислучуьнца бустар. Дийцарна шаьш комментари кечъяр.<br><br>Стихотворенеш къастош ешар. Царах цхьаъ дагахь 1амор.<br><br>Хаттаршна жоьпаш далар. Исбаьхьаллин сурт кхуллуш болу меттан г1ирсаш схьалахар. Поэтически тексташ таллар.<br><br>Барта дешнашца суртх1оттор д1адахьар.<br><br>Поэма къастош ешар, таллар. Коьрта проблематика билгалъяккхар.<br><br>Стихотворенеш къастош ешар. Стихотворенеш идейно-исбаьхьаллин маь1на туьдуш таллар. Исбаьхьаллин башхаллаш къастор. Стихотворенин ритмико-интонационни д1ах1оттамна талламбар.<br><br>Басня къастош ешар.<br><br>Произведенин тема, идей билгалъяккхар.<br><br>Къеггина исбаьхьаллин суртх1оттош болу меттан г1ирсаш билгалбахар.<br><br>Стихотворени къастош ешар, идейно-исбаьхьаллин аг1онагахьара таллар. Оцу темина леринaчу кхечу поэтийн стихотворенешца юстар.<br><br>Дийцар дешар, доцца юхасхьадийцар, хаттаршна |

| | |
|---|---|
| тарлуш болу цатам а, цунах долу беркат а.<br><br>**Басня «Зов».** Баснин жанр нохчийн литературехь. Маь1на. Адамийн сакхте амалш емалъяр. Х1иллано духатуху х1илла. | жоьпаш далар. Турпалхой вовшашца бустуш характеристика ялар. Дийцаран турпалхочух лаьцна шена хетарг алар.<br><br>Дийцаран маь1на тидар. |
| **Ж. М. Махмаев**. **Лирика. Дийцаран жанр. Тема, идей, Сюжет. Турпалхочун васт. (4 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Стихотворени «Баьпкан 1аьржа юьхк»**. Стихотворенехь къинхетам, доглазар-дахаран лаккхара мехаллаш хилар ч1аг1дар.<br><br>**Дийцар «Буьйсанна г1улчаш»**. Дийцаран турпалхочун чоьхьара монолог беран синъоьздангаллин дуьне кхолларан г1ирс санна. Цуьнан коьрте хьийза карзахе ойланаш а, накъосташа иза нийсачу новкъа ваккхар. 1аламца хила еза юкъаметтигаш йовзийтар**.** | Дийцарш дакъошца а, хоржуш къастош дешар, боцца чулацам схьабийцар.<br><br>Хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Коьртачу турпалхошна характеристика ялар, цара дечун мах хадор.<br><br>Дийцарийн идей, тематика къастор.<br><br>Сюжетни план х1оттор.<br><br>Ешначун т1е1аткъамашкахула сочинени-эссе язъяр.<br><br>Исбаьхьаллин текст ешар, таллам бар, интерпретировать яр. |
| **С. С. Яшуркаев. Дийцаран жанр. Тема, идей, д1ах1оттам. Билгало (символ). (6 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Дийцар «Напсат**». Халкъан бохамна т1ехь сайоккхурш емалбар. Напсатан васт-Г1ум-Азехь бисинчийн цатуьйн лазам. Дийцарехь дахаран бакъдерш.<br><br>**Дийцар «Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх**». Даймахках баха бакъо йоцурш – мискачарал миска, декъаза нах. Сийлахь Нохчийчоь оьздачу йоь1ан куьцехь гайтаран бахьана а, маь1на а. Боцца мур чулоцучу хиламашкахула Мадин дахар а, халачу хьелашкахь кхуьуш йолу цуьнан амал а к1оргггера йовзийтар, цуьнан кхоллам халкъан кхолламах бозабелла хилар. | Хоржуш дакъош схьадийцар. Персонажийн васташ таллар.<br><br>Проблемни хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Дийцаран тиллиначу ц1еран маь1на дастар.<br><br>Персонажех лаьцна шена хетарг ала хаар кхиор.<br><br>Поэма къастош ешар, цуьнан коьрта хиламаш юхасхьабийцар.. Тема, идей билгалъяккхар.<br><br>Поэмин кхечу персонажашца вустарца турпалхочунна характеристика ялар.<br><br>Поэмин халкъан барта кхоллараллица йолу уьйр билгалъяккхар.<br><br>Инсценировка яр.<br><br>Поэмин текст легендин текстаца юстар. |

| | |
|---|---|
| **А. Д. Осмаев. Псилогически дийцар. Бакъдерг (реализм), романтизм. Авторан-дийцархочун васт. (2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Дийцар «Гила борз».** Адаман а, гила берзан а къовсам психологически говзаллица гайтар. Доьналлин сий-ларам а, дозалла а дар.<br><br>**Хь. Х. Сайдуллаев**. **Исторически поэмин жанр. Фольклоран васташ а, мукъамаш а. (2 с)**<br><br>Поэтах лаьцна дош.<br><br>**Поэма «Ненан б1аьрхиш»**. Легендин буха т1ехь поэма. Поэмин турпалаллин-патриотически шовкъ (пафос). Даймохк мостаг1чух ларбар, цуьнан дуьхьа вала кийча хилар. Турпаллаллин иллийн турпалхойн амалш ден-ненан к1ентан амалехь. Поэмин турпалаллин а, трагедин а мукъамаш. Йохьан а, декхаран а проблема ястаран башхалла. К1ентан а, ненан а доьналла**.**<br><br>**С-Хь. М. Нунуев. Дийцаран жанр. Тема. Проблематика. (4 с)**<br><br>Яздархочун дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Дийцар «Хьайбаха». Исторически бакъдолучунна т1ехь дийцар. Бохаман суьрташ**. **Тема. Идей. Персонажийн васташ.**<br><br>Ламанан к1отаршкахь НКВД-с д1акхехьна политика а, акхараллин, къизаллин суьрташ а. Сталинан хьадалчаша шайна х1оттийначу жоьжахатех ламанхой яхьах ца бухуш, доьналлица чекхбовлар.<br><br>**Дийцар «Лазийна шовда» Сатирически дийцар. Адам а, 1алам а.**<br><br>Кхоам боцуш х1аллакдечу 1аламна орца дехар. 1аламан дахарна к1оршаме | Текст ешар, юхасхьайийцар, хаттаршна жоьпаш далар. Дийцаран тема, сюжет къастор.<br><br>Сталинан хьадалчашна бустаран кепехь характеритика ялар.<br><br>К1отаршкарчу бахархойн г1иллакх-амалш билгалъяхар.<br><br>Дийцаран план х1оттор.<br><br>Дийцар дешар, доцца схьадийцар, хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Турпалхочун доьзалх лаьцна дийцар, доьзалхойн вовшашца йолу юкъаметтигаш билгалъяхар. Дийцаран маь1нех лаьцна кхетам балар.<br><br>Поэма къастош ешар.<br><br>Потически текстана талламбар, лирически турпалхочун г1иллакх-амалш балигалъяхар.<br><br>Барта а, йозанца а хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Исбаьхьаллин васташ кхолларехь меттан суртх1отторан г1ирсаш билгалбахар.<br><br>Дайн ламасташна т1етевжаш дийцар дешар, таллар.<br><br>Халкъан  ламасташца дийцаран чулацам бустар.<br><br>Произведени т1ехь дуьйцучуьнга шен хьежам кхоллар.<br><br>Даркешан шен деца йолучу юкъаметтигах лаьцна дийцар.<br><br>Дийцаран башхаллаш билгалъяхар.<br><br>Стихотворени къастош ешар.<br><br>Дагахь 1амор.<br><br>Стихотворенин исбаьхьаллин суртх1отторан |

| | |
|---|---|
| юкъаг1ертар-жил1аламан законаш талхор.<br><br>**Л. Ш. Абдулаев. Поэма. Лирически турпалхо. Диалог. Монолог. ( 2 с)**<br><br>Поэтах лаьцна дош.<br><br>**Поэма «Маьлхан каш».** Поэми т1ехь юккъерчу б1ешарахь хилларг а, халкъан дахарехь маь1не долу г1уллакх а, иза кхочушдечу турпалхочух лаьцна а дийцар. Поэма – шех дала тарлучу вонах нах маьрша буьтуш, маьлхан кешнашка д1а мел вахначунна гимн. | г1ирсаш билгалбахар.<br><br>Стихотворенин башхаллаш къастор.<br><br>Дийцарш къастош дешар, боцца чулацам схьабийцар, хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>К1ентан а, воккхачу стеган а чоьхьара хьал довзуьйту исбаьхьаллин деталаш билгалъяхар.<br><br>Коьртачу турпалхойх лаьцна шайн дийцарш кхоллар. |
| **Л. Яхъяев. Дийцаран жанр. Ламасталлин проблематика. ( 2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Дийцар «Даркеш» («Гиххойн Таймасха» роман т1ера дакъа).**<br><br>Дайн шира ламаст- дийцаран бухехь. Вала гергавахнарг я толур воцуш ун кхеттарг тускар чохь маьлхан кешнашка вахьаран г1иллакх. И г1иллакх лардаро Даркешна бина т1е1аткъам. Ден а, Даркешан а юкъаметтиг гайтаран башхалла. | Дийцар къастош дешар, юхасхьадийцар. Хаттаршна жоьпаш далар. Элдарханан, Тайбатан васташ дустаран кепехь талламбар. Дийцаран д1ах1оттаман а, васташ кхолларан а башхаллаш билгалъяхар.<br><br>Дийцар къастош дешар, цуьнан коьртачу хиламашна талламбар. Дена а, цуьнан к1антана а характеристика ялар, церан юкъаметтигийн мах хадо. Проблемни хаттаршна жоьпаш далар. |
| **1-Хь. А. Хатуев. Патриотически лирика. ( 2 с)**<br><br>Поэтах лаьцна дош.<br><br>**Стихотворени «Аьрзунан илли».** Стихотворенин патриотически бух, синъоьздангаллин проблематика. Дуьнен т1ехь даха кхоьллиначу адаман мах беза хиларан, дахар лардан дезаран ойла кхиор. Вовшашца йолу юкъаметтигаш дог-мерза, ийна хила езар. Кхерчара ц1е санна, дайн ц1ена г1иллакх, яхь даим ларьян езар ч1аг1дар. | Дийцар къастош дешар. Беламе суртх1оттош болу г1ирсаш билгалбахар. Коьртачу турпалхочун г1иллакх-амалш билгалъяхар, дахарехь нислуш долучуьнца уьш юстар.<br><br>Кхечу яздархойн сатирически-беламе дийцаршца дийцар дустар.<br><br>Дийцар къастош дешар. Доцца юхасхьадийцар. Коьртачу турпалхочун чоьхьара хьал довзуьйту билгалонаш къастор. К1ентан хийцаделлачу дахарх лаьцна хаамаш кечбар |
| **М. Э. Бексултанов. Дийцаран жанр. Тема, идей. Д1ах1оттам. Персонажийн васташ. (8 с)** | Повесть къастош ешар. Хоржуш, цуьнан дакъош юхасхьадийцар. Персонажийн васташ таллар. Повестан чулацамца доьзна долчу проблемни хаттаршна жоьпаш далар. Повестан проблематика дахарехь нислучуьнца юстар. |

| | |
|---|---|
| Яздархочун дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Дийцар «Цакхетта хестор».** Аьхна, исбаьхьа, беркате 1алам а, цуьнца къинхетаме хила везар а. Джабраилан а, цуьнан денден а 1аламца йолу юкъаметтигаш гайтаран башхалла.<br><br>**Дийцар «Некъ лацар**». Дайшкара схьадог1у оьзда г1иллакхаш ширдала, диццдала йиш цахилар, уьш лардан дезар – вайн декхар. Т1екхуьучу т1аьхьено дайн ламаст цалардаро дендена, к1ентан к1антана бина т1е1аткъам а, цуьнан т1аьхьало а.<br><br>**Дийцар «1аламат».** Дийцарехь т1екхуьу чкъор дайн г1иллакхашна, оьздангаллина хердаларан а, дайн ламасташ лардан дезаран а проблема.<br><br>Элдархин доьзалера сингаттам – къоман сингаттам а хилар ч1аг1дар.<br><br>Дийцарна юккъехь масалш-кицанаш а, церан маь1на а. Элдарханан а, Тайбатан а васташ.<br><br>**Дийцар «Дика ду-кх хьо волуш»** Дийцаран турпалхо, цуьнан шен деца йолу юкъаметтигаш. К1ентан шен дега болу лерам а, дена а, к1антана юккъехь хила еза г1иллакх-оьздангалла<br><br>**Дийцар «Папка». Сатира. Юмор.** Дийцарехь беламе а, сингаттаме а дерг. «Харцнийсо», шел лакхарчарна хьеставалар емалдар. Хьакъдолучун проблема а, сатирически беламе даккхар шел лакхарчарна хьеставалар, даржехь болучарна суждане эхар. Беламе суртх1оттош болу г1ирсаш.<br><br><br><br>**М. М. Ахмадов. Дийцаран жанр. Персонажан васт. Повесть. Дахаран бакъдерг. Синмехаллин проблема. ( 7 с)**<br><br>Дахар а, кхолларалла а.<br><br>**Дийцар «Телефон**». «Телефон» дийцарехь жимачу турпалхочун дуьне а, дахар а, шен | Туьйра дешар. Доцца а, хоржуш а юхасхьадийцар. Барта а, йозанца а хаттарша жоьпаш далар. Ролашца дешар.<br><br>Коьртачу персонажийн г1иллакх-амалш билгалъяхар, адамийн амалшца уьш юстар.<br><br><br><br>Стихотворени къастош ешар. Идейно-исбаьхьаллин аг1онгахьара таллар. Стихотворенин барам, ритм, рифма къастор. Исбаьхьаллин билгалонаш билгалъяхар.<br><br><br><br>Стихотворенеш къастош ешар, царах цхьаерш дагахь 1амор(шаьш харжарца).<br><br>Исбаьхьаллин суртх1отторан меттан г1ирсаш схьалахар (эпитет, дустар, метафора), къеггина исбаьхьаллин суртх1отторехь цара д1алоцу меттиг къастор.<br><br>Назманан кепара стихотворенийн башхаллаш къастор.<br><br>Стихотворенийн лирически турпалхочунна характеристика ялар. Поэтически тексташ кхечу поэтийн стихашца юстар, Бисултановн поэзин ша-тайпана башхаллаш билгалъяхар. |

| | |
|---|---|
| доттаг1чунна накъосталла дан и кийча хилар.<br><br>**Повесть «Мохк бегийча»**. Повестехь адмашна юккъера уьйр-безам херлуш хилар, г1иллакхаш д1адовлуш хилар гайтар. Халкъан бохамна т1ехь саяккхар емалдар. Эшначохь адамаш вовшашна орцахдовла кийча хилар деза а, сийлахь а ларар. Коьрта турпалхой а,церан васташ а.<br><br>**А. Т. Исмаилов**. **Литературни туьйра. Монолог. Диалог. Аллегори. ( 2 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Литературни туьйра «Бирдолаг»**. Барт а, цхьаалла а акхараллел, сонтачу кураллел, ницкъал тоьлуш хилар ч1аг1дар. Лоьман олалла дожоран маь1на. Деган дикаллий, оьздангаллий, къинхетаме, тешаме, накъосталла дан кийча хиларрий хастор, ямартло, стешхалла емалъяр. Акхаройн дахар адамийн дахарца дустаран маь1на.<br><br>**Ю. С-А. Яралиев**. **Философски лирика**. **Ритм. Рифма. ( 2 с)**<br><br>Поэтах лаьцна дош.<br><br>**Стихотворени «Кад».** Хьанал къинхьегам а, стеган говзалла а къобалъяр. Адаман дахар а, цуьнан кхоллам а. Стихотворенин философски маь1на.<br><br>**А. Д. Бисултанов**. **Лирика. Назма. Граждански лирика. Лирически турпалхо. ( 5 с)**<br><br>Поэтах лаьцна дош<br><br>**Назма. Назмин жанр нохчийн литературехь.** «Хьайбахахь язйина байташ» (Хьайбахахь багийначийн назма. Багонза бисиначийн назма).<br><br>Хьайбахахь къизаллин акхариллаца х1аллакбиначу лаьмнийн к1отаршкарчу | Дийцарш къастош дешар, текстана герга юхасхьадийцар.<br><br>Хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Дийцарийн тема, идей билгалъяккхар.<br><br>Дийцаран чулацамаша биначу 1аткъамах лаьцна хаамаш кечбар.<br><br>Турпалхойн васташ таллар, церан г1иллакх-амалш билгалъяхар. Барта кхоллараллица йолу уьйр къастор. |

| | |
|---|---|
| нахана яьккхина назма.<br><br>Сийна Сибрехара шайн махка ц1абоьрзучу вайнехан сатийсамаш, дог-ойла.<br><br>**Стихотворени «Дег1аста»**. Азаллехь дуьйна къизачу ницкъана юьхь-дуьхьал льтташ схьабеанчу Даймахкана хастамбар. Къоман парг1ато еза ларар. Стихотворенин патриотически маь1на.<br><br>**Стихотворени «Нохчийн халкъан илланчина»**<br><br>Кху льтта т1ехь халкъан иллин, халкъан илланчийн, къонахчун мах лакхара хилар ч1аг1дар.<br><br>**В-Хь. Х. Амаев**. **Дийцаран жанр. Тема, коьрта проблемаш. Персонажийн васташ. ( 5 с)**<br><br>Яздархочух лаьцна дош.<br><br>**Дийцар «Малх чубаре хьоьжура иза»**. Халкъан дахарехь хиллачунна т1ехь дийцар. Халкъ махках даккхар а, х1аллакдина бералла а. Жимачу к1ентан вагон чохь д1адоьду дахар гайтаран башхалла. К1ентан а, ненан а васташ.<br><br>**Дийцар «Генарчу денойн туьйра»**. Халкъан ламаст т1ехь дийцарехь. Вайн дайша лардеш схьадеъна ламаст кхочушдар. Кхиъна ваьллачу к1антана ден доттаг1чо шаьлта яларан маь1на а, х1инца дуьйна цо кхочушдан деза декхарш а. | |
| **6-г1а дакъа. Кхечу къаьмнийн литературера (2 с)** | |
| **Ладо Авалиани. Исторически дийцар. Тема. Сюжет. ( 2 с)**<br><br>**Дийцар «Хьаькхна буц».** Исбаьхьаллица кхоьллинарг а, дахаран бакъдерг а. Машар а, адамалла а деза а, сийлахь а хилар ч1аг1дар. Багратионан майралла а, нохчийн т1емалойн лаккхара оьздангалла**.** | Дийцар къастош дешар, доцца а, хоржуш юхасхьадийцар.<br><br>Жанран хьесапехь текст таллар.<br><br>Персонажашна характеристика ялар. Царах лаьцна шена хетарг алар. |
| **7-г1а дакъа. Обзорни теманаш (8 с)** | |
| **1. Нохчийн литературан юьхь йолийнарш ( 2 с)**<br><br>Дуьххьарлерчу яздархойн Дудаев 1абдин, | Хьехархочун къамеле ладог1ар.<br><br>Ладоьг1начуьн хьокъехь долучу хаттаршна жоьпаш далар. Произведенийн коьрта теманаш а, |

| | |
|---|---|
| Сальмурзаев Мохьмадан, Нажаев Ахьмадан, Айсханов Шамсуддинан кхолларалла.<br><br>Церан произведенийн коьрта теманаш а, проблематика а. Дудаев 1абдин, Нажаев Ахьмадан поэзи 1аьрбийн поэзин т1е1аткъамца кхуллуш хилар. Йоза-дешар даржоран, юьртбахам кхиоран, Даймохк мостаг1чух ларбаран, къинхьегаман теманаш айъар. | проблематика а къастор. Жанрийн аспектехь произведенеш таллар, церан тоьлла а, ледара а аг1онаш билгалъяхар. |
| Церан кхоллараллин маь1на. | Хьехархочун къамеле ладог1ар.<br><br>Хаттаршна жоьпаш далар. |
| **2. Нохчийн литература 40-50 шерашкахь кхиаран хьелаш. ( 2 с)** | Произведенийн коьрта теманаш, проблематика билгалъяккхар. |
| 40-50 шерашкара литература. Халкъ махках даккхар а, литература а, искусство кхиарехь сецна лаьттина мур а, цуьнан т1аьхьало а.<br><br>Нохч-Г1алг1айн республика меттах1оттийначул т1аьхьа литература денъялар, юха а кхиа йолаялар. Литературан юьхь йолийначу а, керла юкъабаьхкиначу а яздархойн кхолларалла. (С-Б Арсанов, М. Мамакаев, Н. Музаев, Х. Ошаев, М-С. Гадаев, Х-М. Эдилов, М. Сулаев, А. Айдамиров, А. Сулейманов, Р. Ахматова, Ш. Арсанукаев). Произведенешкахь х1итточу проблемашца, жанрашца литература шоръялар, кхолларалллехь яздархойн исбаьхьаллин говзалла кхиар. | 20-чу а, 40-чу а шерийн литература вовшашца юстар, церан цхьаьнадог1ург а, къаьстарг а билгалдар.<br><br>Исторически хааршна т1етевжаш текст ешар, таллар. |
| Прозехь, поэзехь, драматургехь тоьлашха йолу произведенеш обзорни кепехь йовзийтар. | Тайп-тайпанчу авторийн произведенеш теманашца, проблемашца а цхьаьнайог1уш хиларца вовшашца юстар. |
| **3. Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттиначу шерашкахь (1941-1945). ( 2 с)** | |
| Даймохк мостаг1чух ларбаран тема. 1. Мамакаевн, М. Мамакаевн, М. Сулаевн, Х-М. Эдиловн, М-С. Гадаевн, З. Муталибовн, С. Гацаевн, Ш. Рашидовн, 1. Дадашевн, Хь. Саракаевн, Х-А. Берсановн, Х. Ошаевн кхолларалла. | Хьехархочун къамеле ладог1ар.<br><br>Хаттаршна жоьпаш далар.<br><br>Х1инцалерчу поэзин, прозин коьрта башхаллаш билгалъяхар. |

| | |
|---|---|
| Т1еман халачу хьелашкахь халкъан турпалалла а, патриотизм а, б1аьхойн догойла а, хьуьнарш а.<br><br>**4. Х1инцалера литература кхиаран коьрта башхаллаш. (2 с)**<br><br>Х1инцалерчу яздархойн поэзин, прозин коьрта теманаш а, жанраш а. (С-Б. Дакаев, Ш. Макалов, Хь. Талхадов, Г1. Алиев, Ш. Цуруев, З. Сулейманова, М. Айдамирова, Л. Ибрагимов, Б. Гайтукаева, С-Хь. Тагаев, 1. Юсупов, 1.Яричев, Канта Ибрагимов). Церан произведенеш (шаьш харжарца) йийцаре яр. | |

**Маттах долу юкъара хаарш:**

Арахецархо 1емар ву:

- коьртачу юкъараллин функцешца нохчийн мотт къасто;
- литературни меттан а, диалектна а юкъара башхаллаш къасто,1ер-дахаран мотт,меттан кормааллин тайпанаш,жаргон а, церан башхаллаш къастаян;
- меттан коьрта суртх1отторан г1ирсех пайдаэцарца мах хадон.

Арахецархочун таро хир ю 1ама:

- Мотт кхиорехь гоьбевллачу лингвистийн юкъадиллинарг къасто.

**Фонетика а,орфоэпи а. Графика.**
**Арахецархо 1емар ву:**

- дешан фонетически анализ ян;
- литературни меттан коьрта орфоэпически бакъонаш ларъян;
- дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца; тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цунах пайдаэца;

***Арахецархочун таро хир ю 1ама:***

- *фонетикан коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза;*
- *прозаически а,поэтически а тексташ къастош еша.*

**Морфемика а, дешан кхолладалар а.**
**Арахецархо 1емар ву:**

- дешан анализ ярца маь1нийн, грамматически, дошкхолладаларан бух т1ехь дешнаш морфемашка декъа;
- дошкхолладаларан 1амийна некъаш къасто;
- морфемикех, дошкхолладаларх долчу хаарех, говзаллех нийсаяздаран дарехь, дешнийн грамматически, лексически анализ д1аяхьарехь пайдаэца;

***Арахецархочун таро хир ю 1ама:***

- *дошкхолладаларан з1енаш а,дошкхолладаларан баннаш а къасто;*

- *дошкхолладаларехь а,исбаьхьаллин а къамелехь коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а;*
- *морфемни а,дошкхолладаларан а,этимологически а, мультемедийни а дошамашна а,справочникашна а т1ера цхьаьна оьшу хаам схьаэца.*

**Лексиологи а, фразеологи а.**
**Арахецархо 1емар ву:**

- дешан лексически анализ кхочушъян;
- тематически тобанашца дешнаш вовшахтоха;
- дешнашна антонимаш, синонимаш яло;
- фразеологически карчамаш бовза;
- барта а, йозанан а аларшкахь лексически барамаш(норманаш) ларбан;
- дешан т1едеанчу маь1нийн буха т1ехь кхоллаелчу тропан коьрта тайпанаш (метафора, эпитет, олицетворени) йовза;
- тайп-тайпанчу лексически дошамех(маь1нийн (толковый), синонимийн, антонимийн, фразеологизмийн, ишт. д.кх.) пайдаэца а, тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цу т1ера схьаэцначу хаамех пайдаэца а;

***Арахецархочун таро хир ю 1ама:***

- *дешан лексически а, грамматически маь1нийн башхаллийн аргументаш яло;*
- *тайп-тайпана омонимаш довза;*
- *публицистически а,исбаьхьаллин а къамелехь лексикан а,фразеологин а коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а,церан мах хадо а;лексически г1ирсаш 1илманан а,официально-г1уллакхан а тексташкахь къамелан стилийн башхаллех пайдаэцарх кхето;*
- *тайп-тайпанчу лексически дошамех(маь1нийн (толковый), синонимийн, антонимийн, фразеологизмийн, ишт. д.кх.) , справочникех, мультимедийничарех а цхьаьна пайдаэца а, тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цу т1ера схьаэцначу хаамех пайдаэца а;*

**Морфологи**
**Арахецархо 1емар ву:**

- лааме коьрта къамелан дакъош а, церан кепаш а, г1уллакхан къамелан дакъош довза;
- дашна, къамелан дакъа санна, таллам бан;
- морфологически хаарех а, говзаллех а нийсаяздарехь а, талламбаран (анализ яран ) тайп-тайпанчу кепашкахь а пайдаэца;

***Арахецархочун таро хир ю 1ама:***

- *морфологин синонимически г1ирсашна таллам бан (анализ ян);*
- *грамматически омонимаш къасто;*

**Синтаксис**

**Арахецархо 1емар ву:**

- синтаксисан коьрта единицаш (дешнийн цхьанакхетар, предложени), церан кепаш йовза;
- кхузаманан нохчийн литературни маттаца синтаксически цхьаъ шен барамца дог1уш юкъадало;
- шен къамелан дарехь тайп-тайпанчу синонимически синтаксически конструкцех пайдаэца;
- нийсаяздаран дарехь синтаксически хаарех а, говзаллех а пайдаэца;

**Арахецархочун таро хир ю 1ама:**

- *синтаксисан синонимически г1ирсийн анализ ян;*
- *синтаксисан публицистически а,исбаьхьаллин а къамелан исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а,церан мах хадо а; тексташкахь синтаксически конструкцеш 1илманан а,официально-г1уллакхан къамелан стилийн башхаллаш юкъаялор кхето;*
- *функционально-стилистически мухаллин а къамелан исбаьхьаллин лехаман хьежамехь синтаксически конструкцийн башхаллаш юкъаялош,анализ ян.*

**Нийсаяздар: орфографи а, пунктуаци а.**

**Арахецархо 1емар ву:**

- йоза д1адахьарехь (курсан чулацаман барамехь) орфографически а, пунктуационни а барамаш ларбан;
- барта кепехь (ойлаяр-рассуждени),йозанан кепехь (графически хьаьркийн г1оьнца) къастийна яздар кхето;
- орфографически а,пунктуационни а г1алаташ каро а,нисдан а;
- орфографически дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца, йоза д1адахьарехь цунах пайдаэца.

**Арахецархочун таро хир ю 1ама:**

- *къамелан маь1нийн аг1онаш йовзийтарехь орфографин а,пунктуацин а меттиг гайта;*
- *нийсаяздаран мультимедийни орфографически дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца; йозанехь оцу хаамех пайдаэца.*

**Мотт а, оьздангалла а.**

**Арахецархо 1емар ву:**

- исбаьхьаллин литературехь а, исторически тексташкахь а, халкъан барта кхолларaллин говзаршкахь а къоман-оьздангаллин декъан маь1ница меттан цхьааллаш билгалъяха;
- масалш дало, гойтуш долу, мотт хааро г1о деш хилар шен мехкан истори а,оьздангалла а йовза;
- 1ер-дахарехь а, дешаран г1уллакхдарехь а нохчийн къамелдаран оьздангаллин бакъонех нийса пайдаэца.

**Арахецархочун таро хир ю 1ама:**

- *Къастийначу масалш т1ехь меттан,оьздангаллин,халкъан историн-мотт лелорхойн юкъаметтиг къасто;*

- *нохчийн къамелан оьздангалла Россин а, дуьненан а цхьадолчу къаьмнийн къамелан оьздангаллица юста а,анализ ян а.*